रवि
27 सितंबर, 2026
पटना
देशक गप गामक भाषा मे
# समदिया मिथिला
आश्विन, कृष्ण पक्ष, प्रतिपदा, संवत् : 2083
समदिया मिथिला
देशक पहिल मैथिली दैनिक



RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 19 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

# सुपौल मे बढ़ल कोसीक जलस्तर, बराज सं 3.16 लाख क्यूसेक पानि छोड़ल गेल

## 60 सं बेसी गाम मे घुसल बाढ़िक पानि, मिथिला सहित उत्तर बिहारक नदी सभक जलस्तर बढ़ि रहल अछि

**सुपौल, समदिया**

सुपौल सं सटल नेपाल मे लगातार भए रहल बरखाक कारण कोसी नदीक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। शनि दिन भोरे 7 बजे कोसी बराज सं 3,16,795 क्यूसेक पानि डिस्चार्ज कयल गेल।

एहि मे डाउनस्ट्रीम डिस्चार्ज 3,13,595 क्यूसेक आ डब्ल्यूकेएमसी सं 3,200 क्यूसेक पानि शामिल अछि। ओतहि, बराह क्षेत्र मे भोरे 7 बजे 2,23,700 क्यूसेक पानि दर्ज कयल गेल, जे स्थिर क्रम मे अछि। शुक्र रातिक तुलना मे कोसी बराज सं पानिक डिस्चार्ज मे बढ़ोतरी भेल अछि।

जलस्तर बढ़बाक कारण कोसी तटबंधक भीतर बसल निचला इलाका सभ मे बाढ़िक पानि तेजी सं पसरि रहल अछि। निर्मली, सरायगढ़-भपटियाही, मरौना, किशनपुर आ सुपौल सदर प्रखंडक कतेको गाम प्रभावित अछि। कतेको ठाम लोक सभक घर आ आंगन धरि पानि पहुंचि गेल अछि।

### किशनपुरक करीब डेढ़ दर्जन गाम प्रभावित

किशनपुर प्रखंडक किशनपुर उत्तर, दुबियाही, मौजहा आ नौआबाखरक बौराहा पंचायतक करीब डेढ़ दर्जन गाम मे बाढ़क पानि प्रवेश कय गेल अछि। घर आ आंगन धरि पानि पहुंचलाक बाद लोक सभक परेशानी बढ़ि गेल अछि।

### सरायगढ़-भपटियाही मे नावक सहारे बाहर निकलि रहल लोक

सरायगढ़-भपटियाही प्रखंडक लौकहा, ढोली आ बनैनिया पंचायतक करीब एक दर्जन गाम बाढ़िक चपेट मे अछि। घर सभक आसपास जलजमाव होयबाक कारण लोक नावक सहारे ऊंच स्थान आ तटबंध दिस जाय लगलाह अछि। मरौना प्रखंडक सिसौनी, घोघरड़िया आ बड़हरा पंचायतक करीब 13 गाम मे सेहो पानि पसरि गेल अछि।

सुपौल सदर प्रखंडक घूरन, बलवा, पिपराखुर्द, बसबिट्टी, गोपालपुर सिरे आ तेलवा सहित करीब 10 गाम मे बाढ़क पानि पसरि गेल अछि। ओतहि, निर्मली प्रखंडक वेलासिंगारमोती आ दिघिया पंचायतक



सात सं बेसी गाम प्रभावित अछि। नेपालक तराई, पहाड़ी आ जलग्रहण क्षेत्र सभ मे तीन दिन सं मूसलाधार बरखा भए रहल अछि। एकर असरि उत्तर बिहारक नदी सभ पर देखाइ पड़य लागल अछि। गंडक, कोसी आ बागमतीक जलस्तर मे तेजी सं वृद्धि भए रहल अछि। इम्हर, मधुबनीक मधेपुर प्रखंड मे सेहो नदीक धार सभ मे पानि बढ़ि रहल अछि। गढ़गांव, बसीपट्टीक पूर्वी भाग, भरगामा आ बकुआ पंचायतक मुख्य धार सभ प्रभावित भेल अछि।

वाल्मीकिनगर गंडक बराज सं पानिक डिस्चार्ज लगातार बढ़ि रहल अछि। शुक्र दिन छह घंटा मे डिस्चार्ज 57 हजार क्यूसेक छल। खबर लिखल जाए धरि ई बढ़ि कए 2.67 लाख क्यूसेक पहुंचि गेल अछि। नेपालक देवा घाट सं सेहो 2.76 लाख क्यूसेक पानिक डिस्चार्ज भेल। पछिला 24 घंटा सं बढ़ैत दबाव के देखैत वाल्मीकिनगर गंडक बराजक सभटा फाटक खोलि देल गेल अछि।

जल संसाधन विभाग स्थिति पर लगातार नजरि रखने अछि। निचला इलाका सभ मे संभावित बाढ़ि कें देखैत अलर्ट बढ़ा देल गेल अछि।

### राज्य मे भारी बरखाक अलर्ट, मुख्य सचिव कयलनि उच्चस्तरीय बैठक

**पटना।** बिहार मे भारी बरखाक संभावना कें देखैत विशेष सतर्कता बरतल जा रहल अछि। नेपालक तराइ इलाका मे गंडक नदीक कैचमेंट एरिया मे भए रहल भारी बरखाक देखैत बिहार सरकार प्रशासन कें अलर्ट मोड मे रहबाक निर्देश देने अछि। संभावित परिस्थिति कें देखैत सीमावर्ती गंडक, बागमती आ कोसी नदी प्रणाली सं जुड़ल संवेदनशील जिला सभ मे विशेष सतर्कता बरतबाक निर्देश देल गेल अछि। एकर संग जरूरी तैयारी सभ सुनिश्चित करबाक लेल कहल गेल अछि। वर्तमान स्थिति कें देखैत आपदा प्रबंधन विभाग मे मुख्य सचिव प्रत्यय अमृतक अध्यक्षता मे उच्चस्तरीय समीक्षा बैठक आयोजित कयल गेल। बैठक मे आपदा प्रबंधन विभागक प्रधान सचिव संतोष कुमार मल्ल, जल संसाधन विभागक सचिव डॉ. चंद्रशेखर सिंह सहित सीतामढ़ी, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, वैशाली, गोपालगंज, सारण, मधुबनी, दरभंगा, समस्तीपुर, मुजफ्फरपुर, सहरसा, सुपौल, मधेपुरा, कटिहार, खगड़िया आ बेगूसराय जिलाक जिलाधिकारी वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं शामिल भेलाह। अन्य अधिकारी सभ सेहो बैठक मे उपस्थित छलाह। बरखाक स्थिति कें देखैत सीतामढ़ी, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, वैशाली, गोपालगंज, सारण, मधुबनी, दरभंगा, समस्तीपुर, मुजफ्फरपुर, सहरसा, सुपौल, मधेपुरा, कटिहार, खगड़िया आ बेगूसराय सहित अन्य संवेदनशील इलाका सभ मे विशेष निगरानी रखबाक निर्देश देल गेल अछि।

मोतिहारीक डुमरियाघाट आ चनपटिया मे गंडकक जलस्तर लाल निशानक लग पहुंचि गेल अछि। सीतामढ़ी मे बागमती नदी सोनाखान मे खतरा निशान सं 30 सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि।

**एक नजरि**

### पीएमसीएचक जूनियर डॉक्टर फेर हड़ताल पर, ओपीडी सेवा बंद

**पटना।** बिहारक सब सं पैघ सरकारी अस्पताल पटना मेडिकल कॉलेज हॉस्पिटल (पीएमसीएच)क जूनियर डॉक्टर एक बेर फेर हड़ताल पर चलि गेलाह अछि। जूनियर डॉक्टर्स एसोसिएशन (जेडीए) 26 सितंबर सं अगिला आदेश धरि ओपीडी सेवा बंद रखबाक घोषणा केने अछि। हालांकि, इमरजेंसी, आईसीयू आ अन्य जरूरी जीवन रक्षक सेवा जारी रहत। जेडीए स्वास्थ्य विभाग सं अपन मांग सभ पर तत्काल बातचीत आ समयबद्ध कारबाइ करबाक अपील केने अछि। जेडीए अपन हड़तालक पाछू चारि मुख्य कारण बतौने अछि। संगठनक पहिल मांग डॉक्टर सभ पर भए रहल हमला सं जुड़ल अछि। जेडीए डीएमसीएच (दरभंगा मेडिकल कॉलेज एंड हॉस्पिटल) आ पीएमसीएच मे हाल मे भेल हिंसाक घटना सभ मे तत्काल कारबाइ, संस्थागत एफआईआर दर्ज करबाक आ प्रभावी सुरक्षा व्यवस्था करबाक मांग कयने अछि।

# भारत-नेपाल सीमा पर घुसपैठ आ मादक पदार्थक तस्करी रोकबाक लेल केंद्र आ बिहार मिलि कए करत काजः सीएम

## मुख्यमंत्री सचिवालय मे सीमा सं जुड़ल विभिन्न विषय पर उच्चस्तरीय समीक्षा बैठक भेल

**पटना, समदिया**

भारत-नेपाल सीमा पर सुरक्षा व्यवस्था आओर मजबूत करबाक तथा घुसपैठ, फर्जी दस्तावेज, नकली मुद्रा, मादक पदार्थक तस्करी सहित अन्य आपराधिक गतिविधि पर प्रभावी रोक लगेबाक लेल केंद्र आ बिहार सरकार मिलि कए काज करत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी शनि दिन अधिकारी सभ कें सीमावर्ती क्षेत्र मे लगातार निगरानी रखबाक आ सभ संबंधित एजेंसीक बीच नीक समन्वय सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। मुख्यमंत्री सचिवालय मे सीएम सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे भारत-नेपाल सीमा सं जुड़ल विभिन्न विषय पर उच्चस्तरीय समीक्षा बैठक भेल। बैठक मे केंद्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय आ उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी सेहो शामिल भेलाह। एहि दौरान सीमा सुरक्षा, सीमा प्रबंधन, सीमावर्ती इलाका मे कानून-व्यवस्था आ अवैध गतिविधि रोकबाक संबंध मे विस्तृत प्रस्तुतीकरण देल गेल।



मुख्यमंत्री कहलनि जे भारतक सुरक्षा सर्वोच्च जिम्मेदारी अछि। भारत-नेपाल सीमाक संवेदनशीलता कें देखैत सीमा सुरक्षा आ प्रबंधन व्यवस्था कें लगातार मजबूत कयल जा रहल अछि। ओ निर्देश देलनि जे सीमा क्षेत्र मे कोनो तरहक अवैध गतिविधि पर प्रभावी नियंत्रण लेल सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी), बिहार पुलिस आ केंद्रीय एजेंसी सभ आपसी समन्वय सं काज करथि। मुख्यमंत्री सीमावर्ती क्षेत्र मे घुसपैठ, फर्जी दस्तावेजक उपयोग, नकली मुद्रा आ मादक पदार्थक तस्करी पर विशेष निगरानी रखबाक निर्देश देलनि।

सीमावर्ती बैंक सभ मे नकली नोटक पहचान लेल जरूरी मशीनक उपलब्धता सुनिश्चित करबाक आ संदिग्ध वित्तीय लेन-देन तथा फर्जी अथवा संदिग्ध म्यूल बैंक खाता सभक पहचान कए नियमानुसार कारबाइ करबाक लेल कहलनि। मुख्यमंत्री केंद्र सरकारक ह्यनशा मुक्त भारत 2029ह्ल लक्ष्यक उल्लेख करैत सीमा क्षेत्र सं मादक पदार्थक आवाजाही रोकबाक लेल प्रभावी कारबाइ करबाक निर्देश देलनि।

ओ कहलनि जे सीमावर्ती जिला सभक जिलाधिकारी आ पुलिस अधिकारी सभक केंद्रीय सुरक्षा आ जांच एजेंसी सभक संग नियमित मासिक समन्वय बैठक होयबाक चाही। एहि सं सूचना आदान-प्रदान आ संदिग्ध गतिविधि पर त्वरित कारबाइ करबा मे सहायता भेटत।

बैठक मे सीमावर्ती क्षेत्र मे गैर-पंजीकृत धार्मिक स्थल सभक पहचान कए प्रचलित कानून आ नियमक अनुसार कारबाइ सुनिश्चित करबाक तथा सीमावर्ती इलाका मे शिक्षाक नीक सुविधा उपलब्ध करयबाक मुद्दा पर सेहो जोर देल गेल। मुख्यमंत्री सभ संबंधित एजेंसीके सतर्कता, सूचना साझा करबाक आ समन्वित कारबाइक संग काज करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे संवेदनशील क्षेत्र मे सूचना तंत्र मजबूत राखल जाए आ कोनो संदिग्ध गतिविधिक जानकारी भेटला पर त्वरित एवं नियमानुसार कारबाइ कयल जाए।

# खगड़िया मे सीएनजी पर्यटक बस मे लागल आगि, 3 सिलेंडर भेल बलास्ट

- 65 यात्री सभक सामान जरल
- टायर जरबाक सन गंध अयलाक बाद पसरल धुआं

**खगड़िया, समदिया**

खगड़ियाक मानसी थाना क्षेत्र मे एनएच-31 पर अनिल लाइन होटल लग शनि भोर मे सिलीगुड़ी सं गया जी जा रहल सीएनजी पर्यटक बस मे आगि लागि गेल। बस मे करीब 65 यात्री सवार छलाह। सभ यात्री पितृपक्ष मेला मे शामिल होयबाक लेल गया जा रहल छलाह। हादसा मे सभ यात्री सुरक्षित बचि गेलाह, मुदा बस मे राखल यात्री सभक सामान, कपड़ा आ नकदी सहित सब किछु जरि गेल। बस मे सवार हरिलाल सिंह बतौलनि जे भोर करीब 3:10 बजे बसक पछिला भाग सं घर्षण जकां आवाज आबय लागल। किछु देर बाद टायर जरबाक सन गंध आबय लागल। यात्री सभ ड्राइवर सं बस रोकबाक लेल कहलनि, मुदा एही बीच अचानक बस मे धुआं पसरि गेल आ आगि लागि गेल। एकर बाद गेट खुलवा कए सभ यात्री कें बस सं सुरक्षित बाहर निकालल गेल। यात्री सभक बाहर निकललाक किछुए काल बाद बस मे राखल चारि सिलेंडर मे सं तीन सिलेंडर एक-एक कए फाटि गेल। आगिक लपट तेज भए गेल आ देखिते-देखिते पूरा बस जरि कए खाक भए गेल। एहि घटना मे करीब 25 सं 30 लाख रुपैया नकद सहित लाखो रुपैयाक सामानक नोकसान भेल अछि। आपदा पदाधिकारी चंदन कुमार बतौलनि जे सभ यात्री सुरक्षित छथि।




# विनय कुमारक बाद के बनतथि बिहारक नव डीजीपी? दौड़ मे 7 नाम

- हुनक मुख्य सूचना आयुक्त बनलाक बाद अखन प्रीता वर्मा लग डीजीपीक प्रभार

**पटना, समदिया**

बिहारक डीजीपी विनय कुमार आब राज्यक मुख्य सूचना आयुक्तक जिम्मेदारी संभारताह। एहि संगहि बिहार पुलिस कें नव पूर्णकालिक डीजीपी भेटबाक रास्ता साफ भए गेल अछि। विनय कुमारक अनुपस्थिति मे प्रीता वर्मा फिलहाल डीजीपीक प्रभार संभारि रहल छथि। आब नव डीजीपीक चयन प्रक्रियापर सभक नजरि अछि। नव डीजीपी लेल वरिष्ठ आईपीएस अधिकारी सभक नाम



पर विचार कयल जा रहल अछि। बिहार सरकार दिस सं वरिष्ठ अधिकारी सभक सूची केंद्र कें पठेबाक प्रक्रिया पहिनहि शुरू भए गेल छल। एकर बाद यूपीएससी तीन नामक पैनल तैयार कए राज्य सरकार के पठाओत। अंतिम निर्णय राज्य सरकार दिस सं लेल जायत। डीजीपीक दौड़ मे 1991 बैचक आईपीएस अधिकारी प्रीता वर्माक नाम शामिल अछि। ओ फिलहाल बिहारक कार्यवाहक डीजीपी छथि। हुनका लग होमगार्ड आ फायर सर्विसेजक डीजीक जिम्मेदारी सेहो अछि। ओ बिहार कैडरक वरिष्ठ अधिकारी सभ मे शामिल छथि। विनय कुमार छुट्टी पर गेलाक बाद प्रीता वर्मा कें डीजीपीक अतिरिक्त प्रभार देल गेल छल। आब पूर्णकालिक डीजीपीक चयन मे सेहो हुनकर नाम चचार्मे अछि।

1992 बैचक आईपीएस अधिकारी बी. श्रीनिवासनक नाम सेहो डीजीपीक दौड़ मे अछि। ओ फिलहाल केंद्रीय प्रतिनियुक्ति पर एनएसजी मे डीजी पद पर तैनात छथि। हुनकर नाम नव डीजीपीक संभावित उम्मीदवार सभ मे लेल जा रहल अछि। 1993 बैचक आईपीएस अधिकारी जितेंद्र सिंह गंगवार सेहो संभावित नाम सभ मे शामिल छथि। ओ बिहार मे डीजी निगरानीक जिम्मेदारी संभारि चुकल छथि आ वर्तमान मे वरिष्ठ पद पर छथि। केंद्रीय आईपीएस सिविल लिस्ट मे सेहो हुनकर बैच 1993 दर्ज अछि। एहि बैच के जितेंद्र कुमारक नाम सेहो चचार्मे अछि। ओ केंद्रीय चयन पर्षद (सिपाही भर्ती)क डीजी छथि।

### तिरहुत शिक्षक क्षेत्र मे श्यामनंदन यादव हेताह जनसुराजक नव प्रत्याशी

**मुजफ्फरपुर।** एमएलसी चुनाव सं पहिने जनसुराज कें झटका लागल। तिरहुत शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक एमएलसी चुनाव मे पार्टी दिस सं प्रत्याशी बनाओल गेल भूषण झा दुपहर मे प्रशांत किशोर संग बैठक कयलनि आ सांझ मे टिकट घुरा देलनि। आब पार्टी एहि सीट सं नव उम्मीदवारक घोषणा कय देने अछि। तिरहुत शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं श्याम नंदन यादव के पार्टी प्रत्याशी बनौने अछि। पटना मे जनसुराज प्रेस कॉन्फ्रेंस कए एहि घोषणा कयलक। बता दी जे बृहस्पति दिन पार्टी भूषण झा कें तिरहुत शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं अपन उम्मीदवार घोषित केने छल। शुक्र दिन प्रशांत किशोरक मौजूदगी मे मुजफ्फरपुरक एक निजी होटल मे भेल बैठकक बाद भूषण झा पार्टी सं अलग भए निर्दलीय प्रत्याशीक रूप मे चुनाव लड़बाक घोषणा कयलनि।

# शांतिपूर्ण प्रदर्शन छात्र सभक मौलिक अधिकार सुरक्षा न्यायपालिका करतः सीजेआई सूर्यकांत

## कहलनि- कॉलेजियमक गोपनीयता जरूरी, सीएनएलयू मे कानूनक छात्र सभ सं कयलनि संवाद

पटना, समदिया

सीजेआई सूर्यकांत कहलनि जे छात्र सभ शांतिपूर्ण प्रदर्शन कए सकैत छथि। ई हुनकर मौलिक अधिकार अछि। शांतिपूर्ण प्रदर्शन पर पुलिस कारबाइ करैत अछि तं हुनका सभक रक्षा न्यायपालिका करत। शनि के सीजेआई सूर्यकांत पटना स्थित चाणक्य नेशनल लॉ यूनिवर्सिटी (सीएनएलयू) मे कानूनक छात्र सभ सं सीधा संवाद कए रहल छलाह। संवादक दौरान छात्र सभ कॉलेजियम मे दर्ज असहमति सार्वजनिक नहि कयल जेबाक, बढ़ैत फीस, छात्रवृत्ति आ पहिल पीढ़ीक वकील सभक आर्थिक कठिनाइ सं जुड़ल सवाल पूछलनि।



एहि पर सीजेआई एक-एक कए जवाब देलनि। ओ कहलनि जे कॉलेजियमक टिप्पणी सार्वजनिक नहि करबाक पाछू संबंधित व्यक्तिक गरिमा पर पड़य बला असर एकटा कारण अछि। कार्यक्रम मे पटना हाईकोर्टक मुख्य न्यायाधीश आ सीएनएलयूक चांसलर जस्टिस वी. कामेश्वर राव तथा विश्वविद्यालयक कुलपति प्रो. फैजान मुस्तफा सेहो उपस्थित छलाह।

सीजेआई सूर्यकांतक ई बयान बहुत महत्वपूर्ण अछि। दरअसल, पिछला किछु दिन पहिने पेपर लीक रोकबाक आ केंद्रीय शिक्षा मंत्रीक इस्तीफाक मांग कए बिहारक अतिरिक्त देशक विभिन्न हिस्सा मे छात्र सभ प्रदर्शन कयने छलाह। एहि प्रदर्शन मे शामिल छात्र सभ पर पुलिस दिस सं कारबाइ कयल गेल। राज्य दर राज्य आंदोलनकारी छात्र सभक विरुद्ध एफआईआर दर्ज कयल गेल।

ई मामिला सुप्रीम कोर्ट पहुंचल तं कोर्ट सभटा केस रद्द कयलक आ जेल मे बंद छात्र सभके तत्काल रिहा करबाक आदेश देने छल। संवादक दौरान एकटा छात्र सीजेआई सं कॉलेजियम व्यवस्थाक पारदर्शिता पर सवाल पूछलनि। छात्र कहलनि- कॉलेजियम मे कोनो नाम पर असहमति अथवा नकारात्मक टिप्पणी दर्ज होइत अछि तं ओकरा सार्वजनिक किएक नहि कयल जाइत अछि?

एकर जवाब मे सीजेआई सूर्यकांत कहलनि जे एहन टिप्पणी सभके सार्वजनिक करला सं ओहि व्यक्तिक स्थिति कठिन भए सकैत अछि, जकर नाम पर विचार कयल जा रहल अछि। नीक नीयत सं कयल गेल नकारात्मक टिप्पणी सार्वजनिक भेला पर संबंधित व्यक्तिक प्रतिष्ठा आ गरिमा पर असर पड़ि सकैत अछि। एहि लेल कॉलेजियम मे दर्ज असहमति सभके पूर्ण रूपेण सार्वजनिक करबाक बदला व्यक्तिक प्रतिष्ठा आ गरिमाक रक्षा महत्वपूर्ण अछि।

एकटा छात्र पहिल पीढ़ीक वकील सभक पेशागत कठिनाइ सभके लए सवाल पूछलनि। एहि पर सीजेआई सरिका त्यागी बनाम भारत संघ मामिला मे सुप्रीम कोर्टक हालक आदेशक उल्लेख कयलनि। एहि मे युवा वकील सभके शुरूआती वर्ष मे आर्थिक सहायता देबाक लेल प्रोफेशनल असिस्टेंस कॉर्पस जेकां व्यवस्था बनेबाक जरूरत पर चर्चा कयल गेल छल।

ओतहि, छात्र सभ सीएनएलयू मे बढ़ैत फीस आ पर्याप्त छात्रवृत्ति नहि भेटबाक मुद्दा सेहो उठौलनि। विश्वविद्यालयक अनुसार, सीजेआई एहि चिंता पर सकारात्मक प्रतिक्रिया देलनि आ कहलनि जे एहि मुद्दा पर ध्यान देल जाएत। भारतक मुख्य न्यायाधीश जस्टिस सूर्यकांत लोक भवन मे ह्यबच्चा सभ मे बढ़ैत नशाक खतरा, हुनकर संरक्षण आ पुनर्वासह्ल विषय पर आयोजित कार्यक्रम मे शामिल भेलाह। सीजेआई सूर्यकांत कहलनि जे बच्चा सभ मे नशाक समस्या के मात्र स्वास्थ्य अथवा अपराधक विषय मानि कए नहि देखल जा सकैत अछि। ई बाल संरक्षण आ बच्चा सभक सुरक्षित भविष्य सं जुड़ल गंभीर मुद्दा अछि।

ओ कहलनि जे जखन कोनो बच्चा नशाक गिरफ्त मे आबि जाइत अछि तं ओकर असर ओकर स्वास्थ्य धरि सीमित नहि रहैत अछि। ओकर पढ़ाइ, परिवार, सामाजिक जीवन आ भविष्य पर सेहो असर पड़ैत अछि। एहन बच्चा सभके अपराधीक नजरि सं देखबाक बदला हुनकर संरक्षण, उपचार आ पुनर्वास पर ध्यान देब जरूरी अछि।

सीजेआई कहलनि जे बच्चा सभके नशा सं बचेनाइ मात्र सरकारक जिम्मेदारी नहि अछि, बल्कि परिवार, स्कूल, शिक्षक आ समाजके मिलि कए एहि दिशा मे काज करय पड़त। बच्चा सभक व्यवहार मे शुरूआती बदलाव के पहचानब जरूरी अछि, जाहि सं समय रहैत हुनका सहायता उपलब्ध कराओल जा सकय।

नशाक कारण बच्चा सभक पढ़ाइ प्रभावित होइत अछि आ कई बेर ओ सभ स्कूल छोड़बाक स्थिति धरि पहुंचि जाइत छथि। एकर असर पारिवारिक संबंध पर सेहो पड़ैत अछि। परिवार मे तनाव बढ़ैत अछि आ बच्चा सामाजिक रूप सं अलग-थलग पड़ि जाइत अछि। ओ कहलनि जे नशा सं जूझि रहल प्रत्येक बच्चाके एके नजरिया सं नहि देखल जा सकैत अछि। बच्चाक उम्र, पारिवारिक स्थिति, सामाजिक परिवेश आ नशाक स्थिति के बुझि कए ओकरा लेल उचित सहायता आ उपचार निर्धारित कयल जेबाक चाही। सीजेआई सूर्यकांत कहलनि जे कोनो बच्चाके नशा सं दूर कए देबए मात्र पुनर्वासक आखरी मंजिल नहि अछि। बच्चाके फेर सं शिक्षा, खेल, परिवार आ समाज सं जोड़ब सेहो जरूरी अछि।

चिकित्सकीय उपचारक संग मानसिक स्वास्थ्य संबंधी सहायता आ सुरक्षित वातावरण सेहो उपलब्ध कराओल जेबाक चाही।

कार्यक्रम मे बिहारक राज्यपाल सैयद अता हसनैन नशाक समस्याके राष्ट्रीय सुरक्षा सं सेहो जोड़ि कए देखलनि। ओ कहलनि जे कोनो प्रकारक नशा समाज लेल अभिशाप अछि।

बच्चा सभ मे नशाक समस्याके मात्र अपराध, पुलिस व्यवस्था अथवा सार्वजनिक स्वास्थ्यक नजरिया सं नहि देखल जा सकैत अछि।

राज्यपाल कहलनि जे नशीला पदार्थक तस्करी संगठित अपराध आ अवैध धनक नेटवर्कके बढ़ावा दए सकैत अछि। एहन नेटवर्क बच्चा आ किशोर सभके सेहो निशाना बना सकैत अछि।

ओ बिहारक भौगोलिक स्थिति आ अंतरराष्ट्रीय सीमा सं जुड़ल क्षेत्र सभक उल्लेख करैत नशीला पदार्थक तस्करीक विरुद्ध विशेष सतर्कता रखबाक जरूरत बतौलनि।

# एसआईआरक विरोध मे आइसा निकाललक विरोध मार्च

## जीपीओ गोलंबर सं शुरू भए पटना जंक्शन धरि गेल



पटना, समदिया

ऑल इंडिया स्टूडेंट्स एसोसिएशन (आइसा) एसआईआर आ नागरिक सभ पर पुलिसिया दमनक विरोध मे अखिल भारतीय प्रतिवादक अंतर्गत आइ पटना मे विरोध मार्च निकाललक।

ई विरोध मार्च जीपीओ गोलंबर सं शुरू भए पटना जंक्शन धरि गेल। एकर बाद पटना जंक्शन गोलंबर लग मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमारक पुतला दहन कयल गेल। प्रदर्शनकारी सभ ज्ञानेश कुमारक इस्तीफाक मांग कयलनि।

दिल्लीक जंतर-मंतर पर मुख्य चुनाव आयुक्त (सीईसी) ज्ञानेश कुमारक विरुद्ध प्रदर्शनक दौरान ऑल इंडिया स्टूडेंट्स एसोसिएशन (आइसा) के राष्ट्रीय अध्यक्ष नेहा बोरा के दिल्ली पुलिस हिरासत मे लेने छल। एहि घटनाक समर्थन मे पटना मे सेहो प्रदर्शन कयल गेल।

हिरासत मे लेल जेबाक दौरान नेहा बोरा पुलिसकर्मी सभ सं हुनकर पहचान आ नेमप्लेट लए कए सवाल करैत देखल गेलीह। ओ अपन विरोध जारी रखबाक बात सेहो कहने छलीह।

भारतीय चुनाव आयोग मे मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार आ 2 चुनाव आयुक्तक बीच मतभेद लए कए आएल एकटा रिपोर्टक बाद देशक राजनीति मे नव विवाद ठाढ़ भए गेल अछि।

द इंडियन एक्सप्रेसक रिपोर्टक मुताबिक, चुनाव आयुक्त सुखबीर सिंह संधू आ विवेक जोशी पिछला 10 महीना मे कम-सं-कम 14 बेर लिखित आपत्ति दर्ज करौलनि।

संधू आ जोशीक आरोप अछि जे आयोगक कतेको फैसला आ आदेश हुनका सभक जानकारी बिना लेल गेल आ जारी कयल गेल। ओ सभ किछु कदमके ह्यअनधिकृत आ गैरकानूनीह्ल बतौलनि।

रिपोर्ट मे कहल गेल अछि जे एहि सभ आपत्तिक जानकारी मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमारके देल गेल छल। 4 महीना बाद 9 सितंबर के तीनू चुनाव आयुक्तक पूर्ण बैठक भेल। हालांकि, एहि बैठक मे कोन मुद्दा पर चर्चा भेल, तकर रिपोर्ट सामने नहि आएल।

# प्रॉपर्टी टैक्स जमा करबा मे पीएमसीएच पहिल स्थान पर

पटना, समदिया

पटना नगर निगम प्रॉपर्टी टैक्सक बकाया राशि वसूल करबाक लेल घर-घर अभियान तेज कए देने अछि। नगर निगमक समीक्षा के अनुसार, चालू वित्तीय वर्ष मे सब सं बेसी प्रॉपर्टी टैक्स जमा करय बला सरकारी संस्थान सभ मे पटना मेडिकल कॉलेज आ अस्पताल (पीएमसीएच) पहिल स्थान पर अछि। पीएमसीएच 28.50 लाख रुपैया प्रॉपर्टी टैक्स जमा कयने अछि। ओतहि, गैर-सरकारी संस्थान सभ मे जय प्रभा मेदांता अस्पताल सब सं बेसी 49.62 लाख रुपैया प्रॉपर्टी टैक्स जमा कयने अछि।

### पटना मे एक दिन मे 200 सं बेसी संपत्तिक टैक्स आकलन

ओतहि, पटना नगर निगमक प्रॉपर्टी टैक्स अभियान मे शुक्रदिन पैघ कारबाइ भेल। घर-घर अभियानक दौरान एक दिन मे 200 सं बेसी नव संपत्तिक टैक्स आकलन कयल गेल। ओतहि, 832 संपत्ति मालिक सभ सं करीब 74.72 लाख रुपैया प्रॉपर्टी टैक्स जमा कयल गेल।

एहि अभियानक दौरान 54 संपत्ति मालिक सभ ओतहि कर जमा कयलनि, जखनकि 45 संपत्तिक स्व-करक पुनर्निर्धारण कयल गेल। जांचक दौरान गड़बड़ी भेटला पर 28 संपत्तिक जुमार्ना सहित फेर सं टैक्स आकलन कयल गेल।

### नूतन राजधानी मे सब सं बेसी 60 सं अधिक संपत्तिक आकलन

शुक्रदिन नूतन राजधानी अंचल मे सब सं बेसी 60 सं अधिक संपत्तिक टैक्स आकलन कयल गेल। एकर अतिरिक्त अजीमाबाद मे 33, बांकीपुर मे 17, कंकड़बाग मे 36, पाटलिपुत्र मे 40 आ पटना सिटी मे 16 नव संपत्तिक कर निर्धारण भेल।

नूतन राजधानी सं 180 संपत्तिक माध्य मे सब सं बेसी 23.96 लाख रुपैया टैक्स भेटल। पाटलिपुत्र सं 193 संपत्ति सं 19.19 लाख, कंकड़बाग सं 165 संपत्ति सं 12.80 लाख, बांकीपुर सं 114 संपत्ति सं 8.09 लाख, अजीमाबाद सं 119 संपत्ति सं 7.42 लाख आ पटना सिटी सं 161 संपत्ति सं 3.25 लाख रुपैयाक वसूली भेल।

### पटना म्यूजियम मे आइ 27 सितंबर कें आईसीसीएफएफक पहिल संस्करण

**पटना।** इंडिया सिने कम्यून फिल्म फेस्टिवल पहिल संस्करणक आयोजन 27 सितंबर के पटना म्यूजियम मे होयत। एहि दौरान 7 फिल्मक स्क्रीनिंगक संग फिल्म आ फिल्मकार सभ सं बातचीत तथा सिनेमा सं जुड़ल 2 पैनल चर्चा आयोजित कयल जाएत। फेस्टिवलक पहिल संस्करण बिहारक फिल्म आ फिल्मकार सभके समर्पित अछि। आईसीसीएफएफक परिकल्पना एकटा भ्रमणशील फिल्म फेस्टिवलक रूप मे कयल गेल अछि। एकर प्रत्येक संस्करण मे भारतक अलग-अलग क्षेत्रक फिल्म आ फिल्मकार सभके केंद्र मे राखल जाएत। पहिल संस्करण मे बिहारक फिल्म आ फिल्मकार सभके शामिल कयल गेल अछि। दर्शक सभके फिल्मक स्क्रीनिंगक संग ओकर निर्माण सं जुड़ल कलाकार आ फिल्मकार सभ सं संवाद करबाक अवसर सेहो भेटतनि।

# ट्रैफिक पुलिसक दिस सं स्केटिंग मैराथन भोर 5 बजे सं शुरू होयत कार्यक्रम

## प्रवेश निःशुल्क, जीतय बला सभ कें भेटत पुरस्कार

पटना, समदिया

पटना मे सड़क सुरक्षा दिवसक अवसर पर ट्रैफिक पुलिसक दिस सं 27 सितंबर के स्केटिंग मैराथनक आयोजन कयल जाएत। कार्यक्रम भोर 5 बजे सं शुरू भए कए 8 बजे धरि चलत। एसपी ट्रैफिक सागर झा बतौलनि जे एहि आयोजनक मुख्य थीम सड़क सुरक्षा अछि। स्केटिंग मैराथन लेल दीघा गोलंबर सं एलसीटी घाट धरि मार्ग निर्धारित कयल गेल अछि। एहि मे सभ उम्रक लोक भाग लए सकैत छथि। खास कए स्केटिंग पसंद करय बला युवा आ जेन-जीक प्रतिभागी सभके एहि मे शामिल होयबाक लेल प्रोत्साहित कयल जा रहल अछि। कार्यक्रमक शुभारंभ अपर पुलिस महानिदेशक (यातायात) करताह। मैराथन मे तीन अलग-अलग श्रेणी मे प्रतियोगिता होयत। प्रतिभागी 3 किलोमीटर, 5 किलोमीटर आ 10 किलोमीटरक स्केटिंग मे हिस्सा लए सकताह।



### रजिस्ट्रेशन पहिने आउ, पहिने पाउक आधार पर

प्रतियोगिता मे शामिल होयबाक लेल निःशुल्क रजिस्ट्रेशनक व्यवस्था कयल गेल अछि। रजिस्ट्रेशन पहिने आउ, पहिने पाउक आधार पर होयत। ट्रैफिक पुलिस स्केटिंग मे रुचि रखनिहार लोक सभ सं बेसी सं बेसी संख्या मे शामिल होयबाक अपील कयने अछि। प्रतियोगिता मे नीक प्रदर्शन करय बला विजेता सभके पुरस्कार दए सम्मानित कयल जाएत। आयोजनक उद्देश्य लोक सभके सड़क सुरक्षा प्रति जागरूक करब आ सुरक्षित यातायातक संदेश देब अछि।

# पटना सिटी मे गायघाट-दीदारगंज, भद्रघाट-महावीर घाट पर जलजमाव

## 40.1 मिमी सं बेसी बरखा, पटना मे 48 घंटा सं रुकि-रुकि कए बरखा

पटना, समदिया

पटना मे पछिला दू दिन सं रुकि-रुकि कए बरखा होयबाक सिलसिला जारी अछि। शहर मे कखनो तेज तं कखनो हल्का बरखा भए रहल छल।

शहर मे लगातार बरखा होयबाक कारण मौसिम मे बदलाव आएल अछि आ तापमान मे सेहो गिरावट दर्ज कयल गेल अछि। पछिला दू दिन मे पटना मे 100 मिमी सं बेसी बरखा भेल अछि।

बरखा होयबाक कारण लोक सभ कें उमस आ गर्मी सं राहति भेटल अछि। हालांकि, कतेको इलाका मे सड़क पर पानि जमा भेला सं लोक सभ कें आन-जान मे परेशानीक सामना करय पड़लनि।

### पटनाक कतेको इलाका मे जलजमाव, सड़क सं मैदान धरि पानि

पटना मे पछिला 48 घंटा सं रुकि-रुकि कए बरखा भए रहल अछि। लगातार बरखा सं शहरक कतेको निचला इलाका मे जलजमावक स्थिति बनि गेल अछि। कतहु सड़क पर पानि जमा अछि तं कतहु घरक आसपास पानि पहुंचि गेल अछि। बरखाक असर ट्रैफिक आ रोजमर्रा के गतिविधि सभ पर सेहो पड़ल अछि।

पटना सिटी मे गायघाट सं दीदारगंज जाय बला रास्ता पर कतेको जगह बरखाक पानि जमा होयबाक शिकायत अछि। भद्रघाट आ महावीर घाट इलाका मे सेहो जलजमावक स्थिति देखय लेल भेटैत रहल अछि। एतय बरखा के बाद लोक सभ कें पानिक बीच सं गुजरय पड़ि रहल अछि।

### परमेश्वर नगर आ गोकुल नगर मे घरक आसपास पानि

परमेश्वर नगर आ गोकुल नगर जलजमाव सं सब सं बेसी प्रभावित इलाका मे शामिल अछि। एतय पहिनहि सं जलनिकासी के समस्या बनल अछि। बरखा के बाद स्थिति आओर खराब भए गेल। पछिला दिन सभ मे एतय 200 सं बेसी घरक आसपास पानि जमा होयबाक रिपोर्ट सामने आएल छल।

### कंकड़बाग मे सड़क पर पानि

कंकड़बाग मे बरखा के बाद कतेको जगह सड़क पर पानि जमा भए जाइत अछि। मेदांता अस्पतालक आसपासक इलाका सेहो पहिने जलजमाव सं प्रभावित रहल अछि। लगातार बरखा के कारण एतय मुख्य सड़कक संग आसपासक गली सभ मे सेहो पानि जमा होयबाक आशंका अछि।

### राजेंद्र नगर मे सेहो जलजमाव



राजेंद्र नगर पटना के पुरान जलजमाव बला इलाका सभ मे शामिल अछि। बरखा के दौरान निचला हिस्सा मे पानि जमा होयबाक कारण लोक सभक परेशानी बढ़ि जाइत अछि। कतेको जगह सड़क पर पानि भरि गेलाक कारण वाहन सभक गति धीमा भए जाइत अछि।

### पटना जंक्शन आ डाकबंगलाक आसपास परेशानी

पटना जंक्शन आ डाकबंगला चौराहा शहरक सब सं व्यस्त इलाका सभ मे शामिल अछि। तेज बरखा के दौरान एतय सड़क पर पानि जमा होयबाक कारण ट्रैफिक प्रभावित होइत अछि। बरखा के बाद यात्री आ वाहन चालक सभ कें पानिक बीच सं निकलय पड़ैत अछि।

### राजीव नगर आ इंद्रपुरी मे सेहो पानि

राजीव नगर आ इंद्रपुरी मे सेहो बरखा के बाद सड़क पर पानि जमा होयबाक समस्या सामने अबैत रहल अछि। लगातार बरखा के कारण निचला हिस्सा मे लोक सभक परेशानी बढ़ि सकैत अछि। गली सभ मे पानि जमा होयबाक कारण पैदल आन-जान करय बला लोक सभ कें सेहो परेशानी होइत अछि। जय प्रकाश नगर नाला पर बनि रहल सड़कक निर्माण मानसून के कारण बीचहि मे रोकि देल गेल अछि।

जतय सड़कक किनार 06-08 फीट तक गहींर खद्धा अछि, ओतय आइ एकटा कारक पहिया फंसि गेल। शहर मे बरखाक पानि भरि गेलाक कारण सड़क आ पानिक स्तर लगभग बराबर देखाइत अछि। एही कारण राहगीर सभ कें गड्ढाक पता नहि चलैत अछि आ ओ सभ हादसाक शिकार भए जाइत छथि।

### पाटलिपुत्र कॉलोनी मे जलनिकासी चुनौती

पाटलिपुत्र कॉलोनी मे सेहो तेज बरखा के बाद जलनिकासी के समस्या सामने अबैत रहल अछि। बेसी समय धरि बरखा भेला पर कतेको जगह सड़क पर पानि जमा भए जाइत अछि। लोक सभ कें घर सं बाहर निकलय आ वाहन सड़क पर अनय मे परेशानी होइत अछि।

### बोरिंग रोड पर ट्रैफिकक संग जलजमाव

बोरिंग रोड शहरक प्रमुख सड़क सभ मे शामिल अछि। बरखा के दौरान एतय सड़क पर पानि जमा होयबाक कारण ट्रैफिकक गति प्रभावित होइत अछि। मुख्य सड़कक संग सर्विस लेन आ आसपासक गली सभ मे पानि जमा होयबाक कारण स्थानीय लोक सभक परेशानी बढ़ैत अछि।

### गांधी मैदान के आसपास सेहो पानि

गांधी मैदान के आसपासक इलाका सेहो भारी बरखा मे जलजमाव सं प्रभावित होइत रहल अछि। एतय पैघ संख्या मे लोक आ वाहन सभक आवाजाही होइत अछि। सड़क पर पानि जमा होयबाक कारण बरखा के दौरान ट्रैफिक व्यवस्था प्रभावित होयबाक स्थिति बनैत अछि।

खगौल के जगजीवन स्टेडियम मे बरखा के कारण पानि जमा भए गेल। एहि कारण 26 आ 27 सितंबर कें होमय बला रेलवे ग्रुप-डी पीईटी स्थगित कए देल गेल। लगातार बरखाक असर मात्र सड़क पर नहि, बल्कि खेल मैदान आ दोसर गतिविधि सभ पर सेहो देखाइत अछि।

लगातार बरखा के दौरान लोक सभ कें जरूरी काज रहला पर मात्र घर सं बाहर निकलबाक सलाह देल गेल अछि। खास कए दू पहिया वाहन चालक सभ कें जलजमाव बला रास्ता पर सावधानी बरतबाक जरूरत अछि।

### अगिला किछु घंटा मौसिमक मिजाज नहि बदलत

मौसिम विभागक पूवार्नुमानक मुताबिक, पटना मे फिलहाल बरखा सं राहति भेटबाक संभावना कम अछि। बादल छाएल रहबाक संग रुकि-रुकि कए बरखा होयबाक सिलसिला जारी रहि सकैत अछि।

एहि सं शहरक मौसिम ठंडा आ सुहावन बनल रहत। हालांकि, लगातार बरखा के कारण जलजमाव आ यातायातक समस्या बढ़ि सकैत अछि।

# सुपर हमसफर बस सं 9 किलो गांजा बरामद, तीन तस्कर गिरफ्तार

## पूर्णिया सं पटना जा रहल बस मे पैघ कारबाइ, 3 मोबाइल सेहो जब्त

**झंझारपुर, समदिया**

भैरव स्थान थाना पुलिस शनिदिन थाना लग तिमुहानीक समीप एनएच-27 पर गुप्त सूचनाक आधार पर पैघ कारबाइ करैत पूर्णिया सं पटना जा रहल सुपर हमसफर बस सं 9 किलो गांजा जेकां अवैध मादक पदार्थ बरामद कएलक। एहि मामिला मे पुलिस तीन तस्कर कें गिरफ्तार केने अछि। भैरव स्थान थाना अध्यक्ष सत्येंद्र तिवारी बतौलनि जे पु.अ.नि. सोनाली सिंहक नेतृत्व मे गश्ती दल बस संख्या बीआर 37 पी 7111क तलाशी लेलक। तलाशीक दौरान बस मे सवार तीन व्यक्ति लग सं दूटा बैग मे पारदर्शी पन्नी मे लपेटल पैकेट बरामद भेल। इलेक्ट्रॉनिक तराजू सं वजन करला पर नारंगी आ उज्जर रंगक झोरा मे राखल एक पैकेट (पी-1)क वजन 1 किलो भेटल। ओतहि आसमानी आ पीयर रंगक झोरा सं बरामद चारि पैकेट (पी-2 सं पी-5) मे प्रत्येकक वजन 2 किलो छल। एहि चारू पैकेटक कुल वजन 8 किलो छल। एहि प्रकार सं कुल 9 किलो गांजा बरामद कएल गेल। गिरफ्तार तस्करक पहचान वैशाली जिलाक राघोपुर थाना क्षेत्रक मीरमपुर निवासी हरेंद्र राय कें 22 वर्षीय पुत्र कल्लू कुमार, पटना जिलाक डिगा थाना क्षेत्रक रामजीचक बाटा निवासी रविंद्र राय कें 27 वर्षीय पुत्र राकेश कुमार आ पटना जिलाक अकिलपुर थाना क्षेत्रक नया पानापुर नवदियरी निवासी शीतल राय कें 35 वर्षीय पुत्र भूटाली रायक रूप मे भेल अछि। थाना अध्यक्षक अनुसार, जामा तलाशीक दौरान कल्लू कुमार लग सं वीवो कंपनीक एंड्रॉयड मोबाइल, राकेश कुमार लग सं रेडमी स्मार्टफोन आ भूटाली राय लग सं दूटा लिटिल की-पैड मोबाइल बरामद भेल। पुलिस तीनू आरोपित कें गिरफ्तार कए एनडीपीएस एक्टक अंतर्गत मामिला दर्ज कए आगांक कारबाइ शुरू कए देने अछि।



### जयनगरक आरहा मे 50 ग्राम ब्राउन शुगरक संग दू नेपाली तस्कर गिरफ्तार

**जयनगर।** जयनगर भारत-नेपाल सीमापर मादक पदार्थक तस्करीक विरुद्ध चलि रहल अभियानक अंतर्गत 18म वाहिनी एसएसबी राजनगरक जवान सभ कारबाइ करैत दू नेपाली तस्कर कें ब्राउन शुगरक संग गिरफ्तार कएलनि। कारबाइ सीमा चौकी आरहाक कार्यक्षेत्र मे सीमा स्तंभ संख्या 265/22क लग कएल गेल। जानकारीक अनुसार एसएसबी जवान सभ कें सूचना भेटल छल जे किछु लोक भारत सं नेपाल दिस मादक पदार्थ लए जाएबाक प्रयास करैत अछि। सूचनाक आधार पर सीमा चौकी आरहाक जवान सभ संदिग्ध गतिविधि पर निगरानी शुरू कएलनि। एहि दौरान भारत सं नेपाल दिस जा रहल दू संदिग्ध व्यक्ति कें रोकि तलाशी लेल गेल। तलाशीक दौरान दुनू व्यक्ति लग सं कुल 50 ग्राम ब्राउन शुगर बरामद भेल। पूछताछ आ आवश्यक प्रक्रिया पूरा करबाक बाद दुनू कें हिरासत मे लेल गेल। गिरफ्तार दुनू व्यक्ति नेपाली नागरिक बताओल गेल अछि। एसएसबी बरामद ब्राउन शुगर जब्त करैत दुनू आरोपित कें एनडीपीएस एक्टक अंतर्गत कानूनी कारबाइ लेल जयनगर थाना पुलिसक हवाले कए देलक। पुलिस मामिलाक आगांक कानूनी प्रक्रिया मे जुटल अछि। सीमा क्षेत्र मे मादक पदार्थक तस्करी पर रोक लगयबाक लेल एसएसबी द्वारा लगातार निगरानी आ गश्ती कएल जा रहल अछि। एहि कारबाइ सं सीमा क्षेत्र मे सक्रिय तस्कर सभ मे हड़कंप मचल अछि।

# सेवा संकल्प अभियानक अंतर्गत सांसद लेलनि नव अररियाक निर्माणक संकल्प



**अररिया, समदिया**

सेवा संकल्प अभियानक अंतर्गत चलि रहल मेरे सपनाक भारत-चित्र सेवा आ सेवा हमर योगदान कार्यक्रमक अंतर्गत शनिदिन सांसद प्रदीप कुमार सिंह जयप्रकाश नगर स्थित उत्क्रमित मध्य विद्यालय मे आयोजित चित्रकला कार्यक्रम मे भाग लेलनि। बच्चा सभ चित्रक माध्यम सं विकसित, समृद्ध, स्वच्छ आ आत्मनिर्भर भारतक अपन कल्पना प्रस्तुत केलनि। सांसद बच्चासभक रचनात्मकताक प्रशंसा करैत कहलनि जे आजुक बच्चाक कल्पना कलुक भारतक तस्वीर गढ़त। ओ कहलनि जे बच्चा सभ कें अपन प्रतिभा आ सपनाक अभिव्यक्ति लेल अवसर देनाइ विकसित भारतक मजबूत नींव तैयार करबाक महत्वपूर्ण माध्यम अछि। जखन बच्चाक कल्पना कें अवसर आ सपनाक पांखि भेटत, तखन विकसित भारतक संकल्प कें नव गति भेटत। एहि क्रम मे विद्यालय परिसर मे पौधरोपण कए सेवा हमर योगदान अभियानक अंतर्गत हरित अररियाक संकल्प सेहो लेल गेल। सांसद कहलनि जे गाछ लगेनाइ पर्यावरण संरक्षणक संग आगू आबयवाली पीढ़ीक स्वस्थ आ सुरक्षित भविष्य लेल जिम्मेदारी सेहो अछि।

ओतहि दीनदयाल नगर स्थित मंदिर परिसर मे स्वच्छता अभियान मे सहभागी भए सांसद स्वच्छ आ सुंदर अररियाक निर्माणक संदेश देलनि। ओ कहलनि जे स्वच्छता मात्र अभियान नहि, बल्कि संस्कृति, जिम्मेदारी आ संस्कारक हिस्सा अछि। सांसद कहलनि जे सेवा, स्वच्छता, पर्यावरण संरक्षण आ बच्चासभक सपनाक अवसर देबाक प्रयास सं पैघ सामाजिक परिवर्तनक बाट प्रशस्त होइत अछि। ओ जिलावासी सं स्वच्छ अररियाझहरित अररिया आ विकसित भारतक संकल्प पूरा करबाक लेल अपन योगदान देबाक आह्वान केलनि।

# कार्यस्थल पर महिलाक लैंगिक उत्पीड़नक रोकथाम लेल पॉश जागरूकता कार्यक्रम

### महिलाक शिकायत लेल व्यवहार न्यायालय परिसर मे सी-बॉक्स स्थापित

**बेनीपट्टी, समदिया**

अपर जिला एवं सत्र न्यायाधीश प्रथम सह अध्यक्ष, पॉश कमेटी, मधुबनीक निर्देशपर शुक्रदिन व्यवहार न्यायालय बेनीपट्टी मे पॉश जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रम कार्यस्थलपर महिलाक लैंगिक उत्पीड़नक रोकथाम, निषेध आ निवारण विषयपर केंद्रित छल। कार्यक्रमक अध्यक्षता न्यायिक दंडाधिकारी प्रथम श्रेणी सह अध्यक्ष, पॉश कमेटी श्रेया केलनि। कार्यक्रम मे अपर मुख्य न्यायिक दंडाधिकारी बृजनाथ, अनुमंडल न्यायिक दंडाधिकारी सह सचिव, अनुमंडल विधिक सेवा समिति बेनीपट्टी मनीष राय आ न्यायिक दंडाधिकारी प्रथम श्रेणी सह मुंसिफ मनीष रंजन उपस्थित छलाह। पॉश कमेटीक एहि कार्यक्रमक आयोजन अनुमंडल विधिक सेवा समिति, बेनीपट्टीक सहयोग सं कएल गेल। एहि अवसरपर कार्यस्थलपर महिला कें लैंगिक उत्पीड़न सं संरक्षण देबाक लेल बनाओल कानूनक प्रावधानसभक जानकारी देल गेल। बताओल गेल जे कार्यस्थलपर महिलाक लैंगिक उत्पीड़न (निवारण, प्रतिषेध आ प्रतितोष) अधिनियम, 2013क उद्देश्य महिला कें सुरक्षित आ सम्मानजनक कार्यस्थल उपलब्ध करेनाइ तथा लैंगिक उत्पीड़नक शिकायतक निवारण लेल प्रभावी व्यवस्था उपलब्ध करेनाइ अछि। कार्यक्रमक दौरान व्यवहार न्यायालय परिसर मे महिलाक शिकायत दर्ज करबाक लेल सी-बॉक्स स्थापित कएल गेल। महिला सभ कार्यस्थलपर उत्पीड़न सं संबंधित अपन शिकायत लिखित रूप मे एहि बॉक्स मे डालि सकैत छथि। कार्यक्रम मे बताओल गेल जे अधिनियमक अंतर्गत पीड़िता सामान्यतः घटनाक तीन मासक भीतर लिखित शिकायत दर्ज करा सकैत छथि। विशेष परिस्थिति मे पॉश कमेटी शिकायत दर्ज करबाक अवधि बढ़ा सेहो सकैत अछि। मौका पर पैनल अधिवक्ता विभूति नाथ झा, पॉश कमेटीक सदस्य महिला अधिवक्ता भारती कुमारी, पारा विधिक स्वयंसेवक ब्यूटी कुमारीक अतिरिक्त अधिवक्ता संघ मे कार्यरत महिला कर्मी आ अन्य कर्मी उपस्थित छलाह।



### चोरीक बाइकक संग दू युवक गिरफ्तार

**बेनीपट्टी।** अरेर थाना पुलिस चोरीक बाइकक संग दू युवक कें गिरफ्तार कए न्यायिक हिरासत मे पठा देलक अछि। गिरफ्तार युवकक पहचान पतौना थाना क्षेत्रक सोहांस गाम निवासी नीतीश कुमार सिंह आ अरेर थाना क्षेत्रक सिनुआरा गाम निवासी सचिन चौधरीक रूप मे भेल अछि। बताओल गेल अछि जे अरेर थानाध्यक्ष कें गुप्त सूचना भेटल छल जे नागदह गाछीक लग दू संदिग्ध युवक ठाढ़ अछि। सूचना भेटिते थाना पुलिस घटनास्थलपर पहुंचि दुनू युवकक जांच शुरू केलक। पुलिस कें देखिते दुनू युवक भागबाक प्रयास केलक, मुदा पुलिस खेदाड़ि कए दुनू कें पकड़ि लेलक। पुलिस युवक सभ सं संग मे रहल पैशन प्रो बाइकक कागजात देखेबाक लेल कहलनि। मुदा, दुनू युवक बाइकक वैध कागजात प्रस्तुत नहि कए सकल। एकरा बाद पुलिस बाइक सहित दुनू युवक कें थाना लए गेल। एहि मामिला मे पीटीसी जयप्रकाश भारतीक लिखित आवेदनक आधारपर प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि। अरेर थानाध्यक्ष आनंद शंकर गौरव कहलनि जे प्राथमिकी दर्ज कए दुनू गिरफ्तार युवक कें न्यायिक हिरासत मे पठा देल गेल अछि।

# कोसी तटबंधक निरीक्षण करबाक लेल पहुंचलाह सांसद पप्पू यादव

## बाढ़िक स्थिति आ चिकित्सा व्यवस्थाक लेल संबंधित संस्था कें पत्र लिखलनि

**सहरसा, समदिया**

कोसी नदीक बढ़ैत जलस्तर आ संभावित बाढ़िक स्थितिक जायजा लेबाक लेल पूर्णिया लोकसभा क्षेत्रक निर्दलीय सांसद राजेश रंजन उर्फ पप्पू यादव शनिदिन पूर्वी तटबंधपर पहुंचलनि। एहि दौरान हुनका तटबंधक निरीक्षण करबाक संग आम लोक सं भेंट कए हुनकर समस्या आ कठिनाइक जानकारी लेलनि।

निरीक्षणक क्रम मे पत्रकार सं बातचीत करैत सांसद डॉक्टरक हड़ताल आ चिकित्सा व्यवस्था कें लए कए नाराजगी व्यक्त केलनि। हुनकर कहब छल जे प्रत्येक संस्था मे बहुत हद धरि नीक लोक होइत छथि, मुदा हुनकर अनुसार चिकित्सा क्षेत्रक स्थिति चिंताजनक अछि।



पप्पू यादव डॉक्टरसभ पर गंभीर आरोप लगबैत कहलनि जे कोचिंग माफिया आ मेडिकल माफियाक विरुद्ध कारबाइ होमय चाही। ओ सहरसाक नर्सिंग व्यवस्थापर सेहो सवाल उठौलनि आ कहलनि जे एहि व्यवस्थाक विरुद्ध व्यापक स्तरपर संघर्ष करबाक जरूरत अछि। सांसद कहलनि जे चिकित्सा क्षेत्र सं जुड़ल मामिला कें लए कए ओ मेडिकल काउंसिल ऑफ इंडिया, प्रवर्तन निदेशालय (ईडी), केंद्रीय जांच ब्यूरो (सीबीआई) सहित संबंधित संस्था कें पत्र लिखताह। हुनकर आरोप छल जे चिकित्सा व्यवस्थाक नामपर आम लोक सं पैघ स्तरपर आर्थिक वसूली कएल जा रहल अछि। पत्रकारक संग भेल घटना कें ओ लोकतंत्र लेल खतरा बतबैत चिंता व्यक्त केलनि। सांसद कहलनि जे आम जनताक हित सं जुड़ल मुद्दा कें मजबूती सं उठाओल जाएत।

### नाबालिग अपहरण आ 40 लाख टाका चेक भुगतान मामिला मे तीन आरोपितक जमानत खारिज

**दरभंगा।** सिविल कोर्ट दरभंगाक प्रथम अपर सत्र न्यायाधीश नीरज कुमारक अदालत नाबालिग लड़कीक अपहरण सं संबंधित विश्वविद्यालय थाना कांड संख्या 153/26 मे काराधीन मधुबनी जिलाक राजनगर थाना क्षेत्रक सोनवाड़ी गाम निवासी उमेश मुखियाक पत्नी रीता देवीक नियमित जमानत याचिका खारिज कए देलनि। लोक अभियोजक अमरेंद्र नारायण झा कहलनि जे सूचक अपन नाबालिग पुत्रीक अपहरणक मामिला दर्ज करौने छलाह। एहि मामिला मे अपहरणक आरोपित रीता देवी 11 अगस्त 2026 सं काराधीन छथि। ओतहि एडीजे प्रथमक अदालत सोनकी थाना प्राथमिकी संख्या 101/2026 मे नाबालिग लड़कीक अपहरणक आरोपित कुशौथर गाम निवासी विनोद शर्मा आ हुनकर पत्नी पूनम देवीक अग्रिम जमानत याचिका सेहो खारिज कए देलनि। दोसर दिस, एडीजे द्वितीय संतोष कुमार पांडेक अदालत व्यवसायिक कार्य लेल सिक्युरिटी रूप मे देल गेल चेक सं 40 लाख टाकाक भुगतान करबाक मामिला मे समस्तीपुर जिलाक विभूतिपुर थाना क्षेत्रक राघोपुर गाम निवासी संजीव कुमार सिंहक जमानत याचिका खारिज कए देलनि। पीपी अमरेंद्र नारायण झा बतौलनि जे अलीनगर थाना क्षेत्रक नरमा गाम निवासी संजय कुमार सिंह नालिशी दर्ज करबैत आरोप लगौलनि जे रोक लगाओल गेलाक बावजूद स्टेट बैंक ऑफ इंडिया औंसी आ दलसिंहसराय शाखा सं 40 लाख टाका भुगतान कए देल गेल। बैंककर्मीक मेलक माध्यम सं 17 मार्च 2023 कें भुगतान भेल छल। जांचक बाद सीजेएम जुनैद आलमक अदालत तीनू आरोपितक विरुद्ध संज्ञान लेने छल।

### कोसी स्नातक चुनावक तैयारी तेज, भागलपुर मे 26 मतदान केंद्र पर 24,672 मतदाता

**भागलपुर।** बिहार विधान परिषदक कोसी स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक द्विवार्षिक चुनाव-2026 कें लए जिला प्रशासन तैयारी तेज कए देने अछि। एहि सिलसिला मे शनिदिन समाहरणालय मे जिला निर्वाचन पदाधिकारी-सह-जिलाधिकारी अलंकृता पांडेयक अध्यक्षता मे मान्यता प्राप्त राजनीतिक दलक प्रतिनिधिसभक संग बैसार भेल। बैसार मे निर्वाचन कार्यक्रमक जानकारी दैत कहल गेल जे 29 सितंबर कें चुनावक अधिसूचना जारी होयत। नामांकनक आखरी तिथि 6 अक्टूबर, नामांकन पत्रक संवीक्षा 7 अक्टूबर आ नाम वापसीक आखरी तिथि 9 अक्टूबर निर्धारित कएल गेल अछि। मतदान 23 अक्टूबर कें भोरे 8 बजे सं सांझ 4 बजे धरि होयत, जखन कि मतगणना 27 अक्टूबर कें कएल जाएत। भागलपुर जिला मे कोसी स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक लेल कुल 26 मतदान केंद्र बनाओल गेल अछि। एहि मतदान केंद्रसभपर कुल 24,672 मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग करताह। एहि मे 17,952 पुरुष, 6,718 महिला आ 2 अन्य मतदाता शामिल छथि। बैसार मे राजनीतिक दलक प्रतिनिधि सभ कें आदर्श आचार संहिताक प्रावधानसभक जानकारी देल गेल। जिलाधिकारी अलंकृता पांडेय राजनीतिक दल आ प्रत्याशी सं चुनावक दौरान आचार संहिताक पूर्ण पालन करबाक अपील केलनि। ओ कहलनि जे निर्वाचन प्रक्रिया मे कोनो तरहक उल्लंघन बर्दाश्त नहि कएल जाएत। बैसार मे उप विकास आयुक्त, अपर समाहर्ता, उप निर्वाचन पदाधिकारीक अतिरिक्त विभिन्न राजनीतिक दलक अध्यक्ष, सचिव आ प्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

# फरक्का सं आगू बढ़ि गंगा बेसिन कें देखबाक जरूरत

## गंगा जल संधि समीक्षा सं पहिने पटना मे बिहारक जल हित पर मंथन

**पटना, समदिया**

भारत-बांग्लादेश गंगा जल संधि आ फरक्का बैराज कें लए बिहारक चिंता मात्र पानिक बंटवाराधरि सीमित नहि अछि। एकर संबंध बाढ़ि, गाद, सिंचाइ, नौवहन, पर्यावरण आ राज्यक दीर्घकालीन जल अधिकार सं सेहो अछि। दिसंबर 2026 मे 1996क गंगा जल संधि अपन 30 बरख पूरा करबाक पृष्ठभूमि मे पटना मे आयोजित परिचर्चा मे वक्ता सभ बिहारक जल नीति कें फरक्का सं आगू बढ़ि पूरा गंगा बेसिन आ नेपाल सं आबि रहल नदीक समग्र संदर्भ मे देखबाक जरूरत बतौलनि। बाबू जगजीवन राम शोध संस्थान मे बिहार पॉलिसी डायलॉगक अंतर्गत भेल परिचर्चाक संयोजक प्रो. सुबोध कुमार छलाह। एहि मे पूर्व विधानसभा अध्यक्ष उदय नारायण चौधरी, राजद प्रदेश अध्यक्ष मंगनी लाल मंडल, जल विशेषज्ञ नीलय उपाध्याय, बक्सर सांसद सुधाकर सिंह, एनआइटी पटना के पूर्व प्राचार्य ई. संतोष शिव, राजद नेता शाश्वत गौतम आ पद्मश्री प्रो. रविंद्र सिन्हा सहित विशेषज्ञ सहभागी भेलाह।




परिचर्चा मे कहल गेल जे बिहारक बाढ़ि कें मात्र फरक्का बैराज सं जोड़ि देखनाय नदी तंत्रक जटिलता कें सीमित करब होयत। नेपाल सं आबि रहल तीव्र प्रवाह, सहायक नदी, गाद, तटबंध, नदीक बदलैत धारा आ जल निकासी–सभ बाढ़िक महत्वपूर्ण कारण अछि। बिहार लेल हिमालय, नेपाल, उत्तर बिहारक नदी आ गंगाक मुख्यधारा कें जोड़ैत व्यापक जल नीति आवश्यक अछि। परिचर्चा मे पूर्व मुख्यमंत्री लालू प्रसाद यादव आ तत्कालीन जल संसाधन मंत्री जगदानंद सिंहक मार्गदर्शन मे तैयार 64 पृष्ठक दस्तावेजक सेहो उल्लेख भेल। एहि दस्तावेज मे गंगा मे घटैत जल उपलब्धता, अंतरराज्यीय जल उपयोग, गंगा जल संधि आ बिहारक हित सं जुड़ल अध्ययन आ पत्राचार संकलित छल। वक्ता सभ कहलनि जे तीन दशक बाद एकर पुनर्मूल्यांकन जरूरी अछि। 1996क संधि मे फरक्कापर गंगाक जलक बंटवाराक व्यवस्था अछि आ 10-दिनक अवधि मे जल उपलब्ध करबाक प्रावधान अछि।

परिचर्चा मे बिहारक जल हित कें संधि संबंधी विमर्श मे पर्याप्त स्थान देबाक आवश्यकता जताओल गेल। वक्ता सभ गाद प्रबंधन, ड्रेजिंग, तटबंधक निगरानी आ नेपाल सं तकनीकी सहयोगपर सेहो जोर देलनि। बिहार मे मानसूनक बाढ़ि आ गर्मी मे जलक कमी–दुनू समस्या कें एक संग देखबाक जरूरत बताओल गेल। नेपालक ऊपरी जलग्रहण क्षेत्र सं जुड़ल बाढ़ि प्रबंधन, जल संरक्षण आ प्रस्तावित सप्तकोशी उच्च बांध परियोजनापर वैज्ञानिक, सामाजिक आ पर्यावरणीय मूल्यांकनक आवश्यकता सेहो रेखांकित भेल। परिचर्चाक निष्कर्ष रहल जे फरक्का बिहारक जल समस्याक एक हिस्सा अछि, पूरा समस्या नहि। बिहारक जल नीति कृषि, सिंचाइ, पेयजल, उद्योग, पर्यावरण आ नौवहनक जरूरत कें समेटैत गंगा बेसिनक समग्र दृष्टिकोणपर आधारित होबाक चाही। दिसंबर 2026क समीक्षा बिहार लेल अपन जल हित कें वैज्ञानिक आंकड़ा, अंतरराज्यीय संवाद आ दीर्घकालीन नीति संग प्रभावी ढंग सं रखबाक अवसर भए सकैत अछि।

### अगई आ बगवासाक तीन लोकनि पर बिजली चोरीक प्राथमिकी

**बेनीपट्टी, समदिया**

विद्युत आपूर्ति प्रशाखा बेनीपट्टीक कनीय अभियंता रंजीत कुमार स्थानीय थाना मे अगई आ बगवासा निवासी तीन लोकनिक विरुद्ध बिजली चोरीक प्राथमिकी दर्ज करौलनि अछि। प्राथमिकी मे कहल गेल अछि जे विद्युत कार्यपालक अभियंता, एसटीएफ आपूर्ति अंचल दरभंगाक निर्देश पर बिजली चोरी रोकबाक लेल छापेमारी दलक गठन कएल गेल छल। छापेमारी दल मे कनीय अभियंता रंजीत कुमारक अतिरिक्त मधुबनी विद्युत एसटीएफक सहायक अभियंता राहुल रमण, सहायक अभियंता असैनिक रितिक आनंद, कनीय अभियंता विपिन कुमार सुमन आ मानवबल संतोष कुमार आ श्याम सुंदर पासवान शामिल छलाह।

दल अगई निवासी राम चंद्र पांडेयक आवासीय परिसरक निरीक्षण केलक। एहि दौरान मीटर सं पहिने मुख्य सर्विस तार काटि चोरी सं बिजलीक उपयोग करैत पाओल गेल। हुनका पर 22,998 टाकाक आर्थिक दंड लगाओल गेल। ओतहि बगवासा निवासी जयफला खातूनक घरेलू परिसरक जांच मे बिना विद्युत कनेक्शनक बिजलीक उपयोग करैत पाओल गेल। हुनका पर 25,767 टाकाक जुमार्ना लगाओल गेल। बगवासा कें रेयूफक आवासीय परिसरक निरीक्षण मे पाओल गेल जे उपभोक्ताक ऊपर 19,592 टाका बकाया रहबाक कारण फरवरी 2025 मे विद्युत कनेक्शन विच्छेद कए देल गेल छल। एकरा बावजूद चोरी सं बिजलीक उपयोग कएल जा रहल छल। हुनका पर 37,918 टाकाक जुमार्ना लगाओल गेल। एहि तरह तीनू मामिला मे कुल 86,683 टाकाक आर्थिक दंड लगाओल गेल अछि।

# मुख्य चुनाव आयुक्त कें बर्खास्त करबाक मांग, वामदल निकाललक प्रतिरोध मार्च

## जुलूस निकालि नारेबाजीक संग वामपंथी दल सभ प्रधानमंत्रीक पुतला फूंकलक

**मधुबनी, समदिया**

भारतीय कम्युनिस्ट पार्टी, भाकपा-माले आ भारतक कम्युनिस्ट पार्टी (मार्क्सवादी)क जिला नेतृत्वक तत्वावधान मे शुक्रदिन महासंघ कार्यालय गेट सं प्रतिरोध मार्च निकालल गेल। मिथिलेश कुमार झा, ध्रुवनारायण कर्ण आ मनोज कुमार यादवक नेतृत्व मे लाल झंडा लए कार्यकर्ता सभ मुख्य सड़क सं होइत थाना चौक पहुंचलाह। ओतय जोरदार नारेबाजीक बाद प्रधानमंत्रीक पुतला दहन कएल गेल। एहि दौरान वामदल सभक नेता सरकार पर तीख प्रहार करैत मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार कें अविलंब बर्खास्तकरबाक मांग कएलनि। वक्ता सभ कहलनि जे विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआइआर) कें रोकल जाए तथा गलत ढंग सं मतदाता सूची सं हटाओल गेल लोकक मतदानक अधिकार बहाल कएल जाए। हुनका सभकआरोप छल जे एहि मामिला मे निर्वाचन आयोगक विश्वसनीयता पर गंभीर प्रश्न उठल अछि। वामदल सभक नेता कहलनि



जे निर्वाचन आयोग द्वारा डाटाबेसक केंद्रीकरण लोकतांत्रिक व्यवस्था लेल गंभीर चिंता विषय अछि। हुनका सभ पारदर्शिता, लोकतांत्रिक कार्यप्रणाली आ सार्वभौमिक वयस्क मताधिकारक बुनियादी सिद्धांतक रक्षा करबाक मांग कएलनि। वक्ता सभ ज्ञानेश कुमारक कार्यप्रणाली पर सवाल उठबैत हुनका पद सं हटेबाक मांग दोहरौलनि। वक्ताक आरोप छल जे निर्वाचन आयोग नियम-कानूनकअनदेखी करैत मनमाना निर्णय लैत रहल अछि, जखनकि आयोग कें सामूहिक आ एकरूप निर्णयक आधारपर कार्य करबाक चाही। नेता सभ बिहार आ बंगाल मे फेर सं चुनाव करयबाक मांग सेहो कएलनि। ओ सभ आरोप लगौलनि जे निर्वाचन आयोगक निर्णयक पाछां आरएसएस आ भाजपा कें भूमिका अछि। वक्ताक अनुसार, दू चुनाव आयुक्त द्वारा अपन नोटबुक मे दस मासक दौरान 14 बेर आपत्ति दर्ज कराओल गेल, मुदा मुख्य चुनाव आयुक्त द्वारा एहि आपत्ति सभक अनदेखी कएल गेल। वक्ता सभ फॉर्म-6 मे बदलावक प्रक्रिया पर सेहो सवाल उठौलनि आ कहलनि जे एहि लेल संसद सं कानून पारित होनाइ आवश्यक अछि। वामदल सभक नेता कहलनि जे ई आंदोलन आब शुरू भेल अछि आ मुख्य चुनाव आयुक्तक बर्खास्तगीधरि जारी रहत। कार्यक्रम मे मनोज मिश्र, लक्ष्मण चौधरी, मालेक श्याम पंडित, विशंभर कामत, माकपाक रामजी यादव, दिलीप झा, भाकपाक मोती लाल, संतोष कुमार, मालेक मयंक कुमार, पूर्णेंदु कुमार, माकपाकशशिभूषण प्रसाद, बाबूलाल महतो, भाकपाक सत्यनारायण राय, जुबैर अंसारी, गणेश झा, मालेक अजितठाकुर, मो. इमरान, शैनी शाह, साफी साह, नबीशी खातून, बेबी खातून, माकपाक बिंदु यादव, अरुण यादव, उषादेवी, कैलाश पासवान, रेखा देवी, मुन्नी खातून सहित अन्य नेता उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक अध्यक्षता वामदल सभक संयुक्त रूप सं मिथिलेश कुमार झा, ध्रुव नारायण कर्ण आ मनोज कुमार यादव कएलनि।

# पॉश अधिनियम, 2013क संग एकदिवसीय कार्यशाला आयोजित

## कार्यस्थल पर महिलाक लैंगिक उत्पीड़न रोकथाम लेल जानकारी

**मधुबनी, समदिया**




जिला विधिक सेवा प्राधिकार, मधुबनी आ महिला एवं बाल विकास निगमक संयुक्त प्रयास सं सिविल कोर्टपरिसर, मधुबनी मे कार्यस्थल पर महिलाक लैंगिक उत्पीड़नक रोकथाम, निषेध आ निवारण अधिनियम,2013 (पॉश अधिनियम) पर एकदिवसीय कार्यशालाक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक शुभारंभ प्रधान जिला एवं सत्र न्यायाधीश-सह-अध्यक्ष, जिला विधिक सेवा प्राधिकार पवन कुमार पांडेय दीप प्रज्वलित कएकएलनि। कार्यशाला मे रचना राज, एडीजे-1 सह पॉश समिति अध्यक्ष द्वारा अधिनियमक महत्वपूर्ण प्रावधान, कार्यस्थल पर महिलाक लैंगिक उत्पीड़नक रोकथाम आ शिकायतक निवारण प्रक्रियाक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देल गेल। ललिता कुमारी, डीपीओ, आइसीडीएस, मधुबनी द्वारा सेहो पॉश अधिनियम सं जुड़ल विभिन्न प्रावधान आ विषय पर जानकारी देलनि। जिला परियोजना प्रबंधक, महिला एवं बाल विकास निगम हेमंत कुमार मंडल द्वारा आंतरिक समिति (आइसी) आ स्थानीय समिति (एलसी) क गठन, भूमिका आ दायित्वक संबंध मे बताओल गेल। संगहिएसएचई-बॉक्सक माध्यम सं ऑनलाइन पंजीकरण आ शिकायत दर्ज करबाक प्रक्रिया तथा डब्ल्यूसीडीसीक वेबसाइटक माध्यम सं पॉश संबंधी ऑनलाइन प्रशिक्षण प्राप्त करबाक आ प्रशिक्षण पूरा भेलाक बाद प्रमाण-पत्र प्राप्त करबाक जानकारी देल गेल। कार्यशाला मे विशेषज्ञ आ पदाधिकारी सभ पॉश अधिनियमक विभिन्न प्रावधान पर व्यावहारिक आ संवादात्मक ढंग सं चर्चा कएलनि। प्रतिभागी सभक प्रश्न आजिज्ञासाक समाधान सेहो कएल गेल। कार्यशालाक उद्देश्य कार्यस्थल पर महिलाक लेल सुरक्षित,सम्मानजनक आ लैंगिक उत्पीड़न सं मुक्त वातावरण सुनिश्चित करब तथा संबंधित पदाधिकारी आ कर्मी सभ मे पॉश अधिनियमक प्रावधानक प्रति जागरूकता बढ़ेनाइ छल। कार्यक्रमक अंत मे जिला विधिक सेवा प्राधिकारक सचिव सचिन कुमार धन्यवाद ज्ञापन कएलनि। एहि अवसर पर प्रधान न्यायाधीश, परिवार न्यायालय जय किशोर दुबे, पॉश समितिक सदस्य रिचा भारद्वाज, बबीता कुमारी, सपना, बार एसोसिएशनक अध्यक्ष आ सचिव सहित अन्य पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।

# सखी केलक 200 गरीब मछुआरा परिवारक बीच मत्स्य बीज वितरण, आमदनी बढ़ेबाक पहल

## वैज्ञानिक ढंग सं माछ पालनक देल गेल जानकारी

**झंझारपुर, समदिया**

कोसी सहजीवन कार्यक्रमक अंतर्गत मधुबनी जिलाक गरीब मछुआरा परिवार आ सीमांत माछ पालकक आमदनी बढ़ेबाक तथा उपलब्ध जलस्रोतक नीक उपयोग के बढ़ावा देबाक उद्देश्य सं चयनित लाभुकक बीच मत्स्य बीज वितरण कएल गेल। कार्यक्रमक अंतर्गत अनुमंडलक चारि प्रखंड— अंधराठाढ़ी, झंझारपुर, लखनौर आ मधेपुर सं कुल 200 लाभुकक चयन कएल गेल अछि। चयनित लाभुक मे मुख्य रूप सं गरीबमछुआरा परिवार आ सीमांत माछ पालक शामिल छथि। सखी द्वारा संचालित एहि कार्यक्रमक मार्गदर्शन परियोजना प्रबंधक राकेश कुमार, मत्स्य विशेषज्ञ डॉ. जगपाल, कृषि विज्ञान केंद्र सुखेतक पंकज कुमार मखाना आ मत्स्य विशेषज्ञ रश्मि सिन्हा द्वारा कएल गेल। मत्स्य नगर, भगवतीपुर, अंधराठाढ़ी स्थित प्रशिक्षण केंद्र मे सभ चयनित किसान कें तकनीकी



आ वित्तीय प्रशिक्षण देल गेल। प्रशिक्षणक उद्देश्यकिसान कें वैज्ञानिक आ नीक ढंग सं माछ पालन, पोखरिक प्रबंधन, माछक आहार, पानिक गुणवत्ता, माछकस्वास्थ्य तथा उत्पादन आ आमदनी बढ़ेबाक उपाय संबंधी जानकारी देनाइ छल। कोसी सहजीवनकार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य कम उपयोग मे आबि रहल आ उपलब्ध जलस्रोतक नीक उपयोग करैत गरीब आ सीमांत माछ पालकक आमदनी मे वृद्धि करब अछि। एहि लेल किसान कें माछ पालनक उन्नत आ वैज्ञानिक पद्धति

> » टाटा ट्रस्टक सहयोग सं कोसी सहजीवन कार्यक्रमक अंतर्गत भेटल प्रशिक्षण

अपनयबाक प्रशिक्षण देल जा रहल अछि। एहि क्रम मे पोखरिक तैयारी आ प्रबंधन, उचित प्रजाति आ संख्या मे मत्स्य बीजक संचयन, पोखरि मे अलग-अलग जलस्तरक अनुरूप माछक चयन, उचित मात्रा मे आहार देब, पानिक गुणवत्ताक नियमित जांच आ प्रबंधन, माछक वृद्धि आ स्वास्थ्यक निगरानी, सामान्य माछ रोगक पहचान, उत्पादन लागत घटेबाक तथा आमदनी बढ़ेबाक उपाय संबंधी जानकारी देल गेल। तकनीकी आ वित्तीय प्रशिक्षण पूरा भेलाक बाद किसान कें मत्स्य बीज उपलब्ध कराओल गेल, जाहि सं ओ सभ प्रशिक्षण मे सीखल वैज्ञानिक माछ पालनक पद्धति कें अपन-अपन पोखरि मे व्यवहारिक रूप सं लागू कए सकथि। कार्यक्रमक दौरान किसान कें ईहो बताओल गेल जे नीक मत्स्य उत्पादन लेल मात्र मत्स्य बीज पोखरि मे छोड़ब पर्याप्त नहि अछि। पोखरिक पानिक गुणवत्ता, माछक आहार, वृद्धि, स्वास्थ्य आ रोगक प्रारंभिक पहचानक नियमित निगरानी आवश्यक अछि। किसान कें अपन पोखरि सं संबंधित महत्वपूर्ण जानकारी किसान पुस्तिका मे दर्ज करबाक लेल सेहो प्रोत्साहितकएल जा रहल अछि। कोसी सहजीवन कार्यक्रमक माध्यम सं सखीक प्रयास अछि जे गरीब आ सीमांतमाछ पालक कें तकनीकी ज्ञान, आवश्यक सामग्री आ सामूहिक सीख सं जोड़ि उपलब्ध जलस्रोत कें आजीविकाक मजबूत साधनक रूप मे विकसित कएल जाए।

# मध्य विद्यालय दुधौल मे चित्रकला आ पेंटिंग प्रतियोगिता आयोजित



**बिस्फी, समदिया**

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक मध्य विद्यालय दुधौल रघौलीक परिसर मे शुक्रदिन हमर सपनाक भारत सेवा चित्रअभियानक अंतर्गत चित्रकला आ पेंटिंग प्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षताविद्यालयक प्रधानाध्यापक अखिलेश्वर ठाकुर कएलनि। एहि दौरान विकसित भारतक परिकल्पना आ हमरसपनाक भारत कोना हो विषय पर छात्रा सभ द्वारा विभिन्न प्रकारक पेंटिंग बनाओल गेल। रंगक भारत, हरित भारत, समृद्ध भारत, सार्थक भारत आदि विषय पर चित्रकला आ पेंटिंग प्रतियोगिता मे विद्यालयक सभ छात्रा उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। प्रतियोगिता मे प्रथम, द्वितीय आ तृतीय स्थान प्राप्त करयवालाप्रतिभागी कें विद्यालय परिवारक दिस सं डायरी, पेन, पुस्तक सहित अन्य सामग्री दए पुरस्कृत कएल गेल। पुरस्कृत छात्रा मे काजल कुमारी, मीनाक्षी कुमारी, मनीषा कुमारी, शिवानी कुमारी, स्वाति कुमारी, कंचन कुमारी, नंदनी कुमारी आ शालिनी कुमारी शामिल छथि। प्रधानाध्यापक अखिलेश्वर ठाकुर कहलनि जे विद्यार्थी सभ मे सेवाभाव, जिम्मेदारीक भावना आ राष्ट्र निर्माणक चेतना विकसित करब एहि कार्यक्रमकमुख्य उद्देश्य अछि। एहि तरहक रचनात्मक गतिविधि सं छात्र-छात्राक प्रतिभा निखरैत अछि आ समाजआ राष्ट्रक प्रति अपन दायित्व बुझबाक अवसर भेटैत अछि। कार्यक्रम मे रेखा कुमारी, गीतांजलि कुमारी, जितेंद्र कुमार सहित विद्यालय परिवारक कतेको सदस्य उपस्थित छलाह।

# छात्रा आ महिलाक सुरक्षा लेल पुलिस दीदी कें स्कूटी सं कएल गेल तैनात

## बेटी सभक सुरक्षा लेल बिहार पुलिसक विशेष पहल

**मधुबनी, समदिया**

बिहार सरकार द्वारा पुलिस दीदी लेल उपलब्ध कराओल गेल स्कूटी आ मोटरसाइकिल वाहनक मधुबनी पुलिस केंद्र मे वरीय पुलिस अधीक्षक द्वारा पुलिस उपाधीक्षक (रक्षित) आ अन्य पुलिस पदाधिकारी तथाकर्मीक उपस्थिति मे भौतिक निरीक्षण कएल गेल। निरीक्षणक बाद एहि वाहन सभ कें अपन कर्तव्य निर्वहन लेल जिला सभक अनुमंडल मे रवाना कएल गेल। एहि पहलाक मुख्य उद्देश्य विद्यालय आ महाविद्यालय आबि-जायवाली छात्रा सभक बीच सुरक्षाक भावना मजबूत करब, असामाजिक तत्व पर प्रभावी निगरानी रखब, महिला संबंधी अपराधक रोकथाम करब तथा पुलिस आ छात्रा सभक बीच नीक समन्वय स्थापित करब अछि। पुलिस दीदी अपन निर्धारित क्षेत्र मे समय पर विद्यालय आ महाविद्यालयक नियमित भ्रमण कए छात्रा सभ सं संपर्क आ संवाद स्थापित करैत छथि। एहि क्रम मे छात्रा सभक सुरक्षा सं जुड़ल समस्या आ शिकायतक जानकारी प्राप्त कए आवश्यक कारबाइ सुनिश्चितकएल जा रहल अछि। पुलिसक एहि पहल सं छात्रा आ महिलाक बीच सुरक्षाक भावना बढ़ेबाक संगहि महिला संबंधी अपराधक रोकथाम मे सेहो सहायता भेटबाक अपेक्षा अछि।

# अनुमंडल अस्पताल सं बाइक चोर धरायल

## सुरक्षा गार्डक सतर्कता सं पकड़ायल आरोपित

**झंझारपुर, समदिया**

अनुमंडल अस्पताल झंझारपुर सं शनिदिन बाइक चोरी करैत एक चोर कें रंगे हाथ पकड़ि लेल गेल। अस्पताल प्रशासन आरोपित कें झंझारपुर थाना पुलिसक हवाले कए देलक। थानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंहकहलनि जे पकड़ायल आरोपित लौकही थाना क्षेत्रक महदेवा गाम निवासी विनोद यादवक पुत्र अमृत यादव अछि। ओकर सत्यापन कएल जा रहल अछि। घटनाक संबंध मे कहल जा रहल अछि जे अंधराठाढ़ी थाना क्षेत्रक बरसाम गाम निवासी मोहम्मद अलाउद्दीन एक प्रसूता कें लए अनुमंडल अस्पताल पहुंचल छलाह। ओ अपन बाइक अस्पताल परिसर मे लगाकए भीतर गेल छलाह। एहि बीच घात लगौने चोर बाइक लग पहुंचल। पहिने ओ बाइक कें खसा देलक, तकर बाद उठाकऽ बाइक पर बैसल आ ओहि कें इधर-उधर करय लागल। चोरक एहि गतिविधि पर अस्पतालक सुरक्षा गार्ड हरि प्रसाद कें संदेह भेल। ओ ओकरा पकड़ि पूछताछ शुरू कएलनि तं आरोपित भागय लागल। शोर सुनि अस्पताल परिसर मे मौजूद लोक सभ ओकरा पकड़ि लेलनि आ पुलिसक हवाले कए देलनि। उल्लेखनीय अछि जे एहि अनुमंडल अस्पताल परिसर सं 11 सितंबर कें सेहो अंधराठाढ़ी थाना क्षेत्र निवासी मुकेश कुमारक बाइक चोरी भेल छल। एहि मामिलाक जांच पुलिस कए रहल अछि। मोहम्मद अलाउद्दीन आ मुकेश कुमारक आवेदन पर प्राथमिकी दर्ज करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। झंझारपुर मे एहि समय बाइक चोरीक घटना लगातार बढ़ि रहल अछि। पछिला किछु मास मे बैंक परिसर, बाजार समिति, अनुमंडल अस्पताल आ न्यायालय परिसर सहित कतेको भीड़-भाड़ बला स्थान सं बाइक चोरी भेल अछि। पुलिस सभ घटना कें एक-दोसर सं जोड़ि गिरोहक खोजबीन मे जुटल अछि। अस्पताल परिसरक सीसीटीवी फुटेज सेहो खंगालल जा रहल अछि।

# जिला मे स्थापित मस्जिद सभक पंजीकरण आब अनिवार्य

**मधुबनी, समदिया**

> » पंजीकरण नहि कराबयबला मस्जिद कें वक्फ बोर्ड द्वारा नोटिस देल जाएत

जिला मे स्थापित आ संचालित सभ मस्जिदक पंजीकरण करेनाइ आवश्यक होयत। पंजीकरण नहि कराबयवाली मस्जिद सभ कें वक्फ बोर्डक दिस सं विधिवत नोटिस जारी कएल जाएत। एहि संबंध मे प्रेस बयान जारी करैत मधुबनी जिला वक्फ बोर्डक सचिव सह जदयू अल्पसंख्यक प्रकोष्ठक प्रदेश उपाध्यक्ष रजा अली ई जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे भारत सरकारक गृह विभाग द्वारा एहि संबंध मे गाइडलाइन जारी कएल गेल अछि। जारी गाइडलाइनक अनुसार जिला मे स्थापित आ संचालित सभ प्रकारक मस्जिद कें आब वक्फ बोर्ड सं पंजीकरण कराबय पड़त। पंजीकरण नहि कराओल गेल तंसरकारक स्तर सं कारबाइ कएल जा सकैत अछि। रजा अली सभ मस्जिदक इमाम आ सचिव सं आग्रहकएलनि जे ओ सभ अपन-अपन मस्जिदक पंजीकरण यथाशीघ्र वक्फ बोर्ड सं करेनाइ सुनिश्चित करथि। ओ कहलनि जे मस्जिदक संबंध मे आवश्यक प्रक्रिया समय पर पूरा कए लेनाइ उचित होयत।

# सभ उपभोक्ता कें समय पर पारदर्शी आ गुणवत्तापूर्ण खाद्यान्न देब सुनिश्चित करी : डीएम

## सितंबरक खाद्यान्नक शत-प्रतिशत वितरण 30 सितंबर धरि पूरा करबाक निर्देश, लापरवाही पर कारबाइ

**मधुबनी, समदिया**

जिलाधिकारी आनंद शर्मा शनिदिन जिला आपूर्ति टास्क फोर्सक बैसार मे आपूर्ति व्यवस्था कें सुदृढ़, पारदर्शी आ जवाबदेह बनेबाक निर्देश देलनि। वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं आयोजित बैसार मेखाद्यान्न वितरण, राशन कार्ड निर्माण आ अद्यतन, अपात्र राशन कार्डधारीक समीक्षा, जन वितरणप्रणालीक दोकानक निगरानी तथा अनुश्रवण समिति सभक बैसार सहित विभिन्न बिंदु पर समीक्षा कएल गेल। राशन कार्ड निर्माणक प्रखंडवार समीक्षा मे किछु प्रखंडक प्रदर्शन अपेक्षाक अनुरूप नहि भेटल। एहि पर डीएम नाराजगी व्यक्त करैत पंडौल, घोघरडीहा आ खजौलीक



प्रखंड आपूर्ति पदाधिकारीक वेतन स्थगित करैत स्पष्टीकरण मांगबाक निर्देश देलनि। ओ सभ बीएसओ कें निर्धारित लक्ष्यक अनुरूप राशन कार्ड निर्माण मे तेजी अनबाक निर्देश देलनि। मासक अंत धरि अपेक्षित प्रगति नहि भेल तं संबंधित पदाधिकारीक विरुद्ध प्रपत्र क गठित करबाक कारबाइक चेतावनी देल गेल। डीएम कहलनि जे सभ पात्र लाभुक कें निर्धारित मात्रा मे समय पर खाद्यान्न उपलब्ध करेनाइ प्रशासनक प्राथमिक जिम्मेदारी अछि। ओ सभ प्रखंड आपूर्ति पदाधिकारी कें 30 सितंबर धरि सितंबर मासक खाद्यान्नक शत-प्रतिशत वितरण सुनिश्चित करबाक सख्त निर्देश देलनि। अनुमंडल पदाधिकारी कें अपन-अपन क्षेत्र मे वितरणक नियमित निगरानी करबाक कहल गेल। बैसार मे प्रत्येक मास प्रखंड आ अनुमंडल स्तर पर अनुश्रवण समिति सभक बैसार अनिवार्य रूप सं करबाक निर्देश सेहो देल गेल। बैसार मे प्राप्त शिकायत, राशन कार्डक मामिला, जन वितरण प्रणालीक दोकानक स्थिति आ खाद्यान्न वितरणक समीक्षा करबाक कहल गेल। डीएम अपात्र राशन कार्डधारीकपहचान आ सत्यापन करबाक निर्देश देलनि। नियमानुसार नोटिस देलाक बाद अपात्र राशन कार्ड रद्दकरबाक कारबाइ करबाक कहल गेल। संगहि, जन वितरण प्रणालीक दोकानक नियमित निरीक्षण, खाद्यान्नक उपलब्धता आ वितरण व्यवस्थाक निगरानी पर सेहो जोर देल गेल। ओ कहलनि जे कालाबाजारी, अनियमितता अथवा लाभुक कें अनावश्यक परेशानीक शिकायत भेटला पर त्वरित जांच कए दोषी पर नियमानुसार कारबाइ कएल जाए। बैसार मे जिला आपूर्ति पदाधिकारी, सभ अनुमंडल पदाधिकारी, प्रखंड आपूर्ति पदाधिकारी आ आपूर्ति विभागक अन्य अधिकारी वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं उपस्थित छलाह।

# सहायक अवर निरीक्षक सं अवर पुलिस निरीक्षक पद पर प्रोन्नति

## पीपिंग समारोह मे नवप्रोन्नत पुलिस पदाधिकारी कें पिपिंग लगाकए देल गेल बधाइ

**मधुबनी, समदिया**

मधुबनीक पुलिस अधीक्षक द्वारा अन्य पुलिस पदाधिकारी आ कर्मीक उपस्थिति मे कुल 85 पुलिस सहायक अवर निरीक्षक कें अवर पुलिस निरीक्षकक पद पर प्रोन्नति भेटलाक उपलक्ष्य मे मधुबनी टाउन हॉल मे पीपिंग समारोहक आयोजन कएल गेल। पीपिंग समारोहक दौरान वरीय पुलिस अधीक्षक नवप्रोन्नत पुलिस पदाधिकारी सभक कंध पर नव पदक अनुरूप पिपिंग लगाकऽ हुनका सभ कें पदोन्नतिक बधाई आ शुभकामना देलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे पदोन्नतिक संग पुलिस पदाधिकारी सभक जिम्मेदारी आ कर्तव्य सेहो बढ़ि जाइत अछि।



तें सभ पदाधिकारी अपन दायित्वक निर्वहन पूर्ण निष्ठा, अनुशासन, पारदर्शिता आ कर्तव्यपरायणताक संग करथि। वरीय पुलिस अधीक्षक नवप्रोन्नत पदाधिकारी सभ केंकानून-व्यवस्था कायम रखबाक, अपराध पर नियंत्रण करबाक, अनुसंधानक गुणवत्ता मे सुधार आ आम लोकक संग संवेदनशील आ शालीन व्यवहार सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ पुलिसक कार्यप्रणाली मेअनुशासन, जवाबदेही आ टीम भावना कें सर्वोच्च प्राथमिकता देबाक संग अपन अधीनस्थ कर्मी सभकउचित मार्गदर्शन करबाक संदेश देलनि। संगहि, नवप्रोन्नत सभक उज्ज्वल सेवाकालक शुभकामना सेहो देलनि।

# बिहरा पुलिसक पैघ कारबाइ, 891 लीटर कोडिनयुक्त कफ सिरप बरामद

## 56 कार्टून मे राखल 8910 बोतल कोरेक्स जब्त, दू गिरफ्तार

**सहरसा, समदिया**

पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक निर्देश पर जिला मे अवैध नशीला पदार्थक खरीद-बिक्री, भंडारण आपरिवहनक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत बिहरा थाना पुलिस कें पैघ सफलता भेटलअछि। पुलिस 891 लीटर कोडिनयुक्त कफ सिरप (कोरेक्स) बरामद करैत दू आरोपित कें गिरफ्तार केलकअछि। पुलिसक अनुसार, 25 सितंबर 2026 कए सांझ गश्ती आ छापेमारीक दौरान सूचना भेटल जेनारायण साह उर्फ त्रिभुवन कुमार साह आ मो. अब्दुल नशीला पदार्थक खेप दौरमा निवासी गणेश यादवक घर पर राखि रहल अछि। सूचनाक



आधार पर सदर एसडीपीओ पंकज कुमार सिंहक नेतृत्व मे विशेष टीम गठित कएल गेल। पुलिस टीम दौरमा स्थित गणेश यादवक घर पर पहुंचल तं पुलिसक गाड़ी देखि एक व्यक्ति अर्टिगा गाड़ी लए भागय लागल। सशस्त्र बलक सहयोग सं ओकरा पकड़ि लेल गेल। पूछताछ मेओ अपन नाम गणेश यादव बतौलक। घरक तलाशी मे एकटा कोठली सं 56 कार्टून बरामद भेल। एहिकार्टून मे 100 एमएलक कुल 8910 बोतल छल, जाहि मे कुल 891 लीटर कोडिनयुक्त कफ सिरप भेटल। बरामद नशीला पदार्थ कें जब्त कए गणेश यादव कें गिरफ्तार कएल गेल। पूछताछ आ ओकर निशानदेही पर मुख्य आरोपित नारायण साह उर्फ त्रिभुवन कुमार साह कें सेहो गिरफ्तार कएल गेल। बिहरा थानाध्यक्षक अनुसार नारायण साह पूर्व मे सेहो एहि प्रकारक कारोबारक मामिला मे दू बेर जेल जा चुकलअछि। जेल सं बाहर अयलाक बाद ओ फेर एहि कारोबार मे सक्रिय भए गेल छल। मामिला मे बिहरा थानाकांड संख्या 317/2026 अंतर्गत संबंधित धारा मे प्राथमिकी दर्ज कए आगांक कारबाइ कएल जा रहलअछि। पुलिस कारोबारक फॉरवर्ड आ बैकवर्ड लिंकेजक सेहो जांच कए रहल अछि, जाहि सं एहि धंधा मे शामिल अन्य लोकक पहचान कए हुनका विरुद्ध कारबाइ कएल जा सकय। पुलिस अधीक्षक कारबाइ मे शामिल पुलिस टीमक प्रशंसा करैत टीम कें पुरस्कृत करबाक बात कहलनि।

# स्वच्छता ही सेवा अभियानक अंतर्गत वाटसन मध्य विद्यालय मे पेंटिंग प्रतियोगिता

## रंगक माध्यम सं विद्यार्थी देलनि विज्ञान, स्वच्छता आ पर्यावरण संरक्षणक संदेश

**मधुबनी, समदिया**

सेवा संकल्प अभियान सह स्वच्छता ही सेवा कार्यक्रमक अंतर्गत जिला गंगा समिति, नमामि गंगे आ वाटसन मध्य विद्यालय, मधुबनीक संयुक्त तत्वावधान मे छात्र-छात्राक बीच विज्ञान आ पर्यावरण संरक्षणविषय पर पेंटिंग प्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल। प्रतियोगिता मे विद्यार्थी विज्ञान, स्वच्छता आपर्यावरण संरक्षण सं जुड़ल विभिन्न विषय पर आकर्षक आ रचनात्मक पेंटिंग बनाकऽ अपन प्रतिभाक प्रदर्शन केलनि। रंगक माध्यम सं हुनका लोकनि वैज्ञानिक सोच, पर्यावरण संरक्षण आ प्रकृतिक प्रति अपनजिम्मेदारीक संदेश देलनि। प्रतियोगिता मे निवेदिता कुमारी प्रथम, खुशबू द्वितीय आ सबा प्रवीण तृतीयस्थान प्राप्त केलनि। मानसी कुमारी, कविता कुमारी आ रागनी कुमारी सहित अन्य प्रतिभागीक पेंटिंग सेहो सराहनीय रहल। सभ सफल प्रतिभागी कें प्रशस्ति पत्र आ मेडल दए सम्मानित कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता करैत विद्यालयक प्रधानाध्यापिका मीरा कुमारी कहलनि जे एहि तरहक प्रतियोगिता विद्यार्थीक रचनात्मक क्षमता कें विकसित करबाक संगहि हुनका मे वैज्ञानिक दृष्टिकोण आ पर्यावरण संरक्षणक प्रति जागरूकता पैदा करबाक प्रभावी माध्यम अछि। ओ कहलनि जे पढ़ाईक संग



विद्यार्थीकविज्ञान, पर्यावरण संरक्षण आ स्वच्छताक प्रति सेहो जागरूक होनाय जरूरी अछि। कार्यक्रमक संचालन करैत गंगा मित्र सह विद्यालयक विशिष्ट शिक्षिका कुमारी पुष्पम कहलनि जे पेंटिंगकमाध्यम सं बच्चा अपन कलात्मक प्रतिभाक संग विज्ञान आ पर्यावरण संरक्षणक महत्वपूर्ण संदेश देलनि।बच्चा मे वैज्ञानिक सोच तथा नदी, जलस्रोत आ प्रकृतिक संरक्षणक प्रति जागरूकता विकसित करनाय आवश्यक अछि। डीपीओ नमामि गंगे आनंद अंकित कहलनि जे स्वच्छता आ पर्यावरण संरक्षणक प्रति जागरूकता बढ़ेबा मे विद्यार्थीक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। स्वच्छ आ स्वस्थ पर्यावरणक निर्माण लेल प्रत्येक व्यक्ति कें अपन जिम्मेदारी बुझैत सक्रिय योगदान देबाक चाही। प्रतियोगिता मे निर्णायककभूमिका शिक्षक मनीष कर्ण आ शिक्षिका मनीषा रानी निभौलनि। कार्यक्रम मे विद्यालयक शिक्षक- शिक्षिका सहित पैघ संख्या मे छात्र-छात्रा उत्साहपूर्वक सहभागी भेलाह।

# भागलपुर-नवगछिया मे पुलिसक स्कूल-कॉलेज सं बाजार धरि बढ़त गश्ती

**भागलपुर, समदिया**

भागलपुर आ नवगछिया पुलिस जिला मे अपराध पर रोक लगयबाक तथा शहर सं लए ग्रामीण क्षेत्र धरिपुलिसक उपस्थिति बढ़ेबाक लेल शनिदिन समीक्षा बैसार आयोजित कएल गेल। सभागार मे भेल बैठकक दौरान पुलिस महानिरीक्षक, रेल पंकज कुमार राज दुनू पुलिस जिलाक अधिकारी सभक संग अपराध नियंत्रण आ विधि-व्यवस्थाक स्थिति पर जानकारी लेलनि। बैसार मे विशेष रूप सं महिला आ छात्राक सुरक्षा, लंबित कांडक निष्पादन, वारंट-कुर्की, फरार आरोपितक गिरफ्तारी, नशाक विरुद्ध कारबाइ आ डायल- 112क व्यवस्था पर अधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देल गेल। महिला आ छात्राक सुरक्षा लेल आइजी रेल विशेष सतर्कता बरतबाक निर्देश देलनि। स्कूल-कॉलेज, कोचिंग संस्थान, रेलवे स्टेशन, बस पड़ाव, बाजार आ




कामकाजी महिला सभक आवागमन बला स्थान पर नियमित पुलिस गश्ती सुनिश्चित करबाक कहल गेल। ओहि बाट पर सेहो नजरि रखबाक निर्देश देल गेल, जतय सं प्रतिदिन पैघ संख्या मे छात्रा आमहिला गुजरैत छथि। प्रमुख पर्यटन स्थल आ ओतय जाएवाला मार्ग पर पुलिसक उपस्थिति बढ़ेबाक निर्देश सेहो देल गेल। बैसार मे पुलिस दीदी पहलाक समीक्षा कएल गेल। एहि पहलाक माध्यम सं महिला आ बालिका धरि पुलिसक पहुंच नीक बनेबाक आ ओकरा प्रभावी ढंग सं लागू करबाक पर जोर देल गेल। अपराध नियंत्रणक समीक्षा दौरान लंबित गिरफ्तारी आ पुरान कांडक निष्पादनक स्थिति सेहो देखल गेल।आइजी रेल लंबित मामिला शीघ्र निष्पादित करबाक तथा वारंट आ कुर्कीक मामिला मे तेजी अनबाकनिर्देश देलनि। मादक पदार्थक तस्करी आ बिक्रीक विरुद्ध अभियान कें प्रभावी बनेबाक संग संवेदनशील क्षेत्र आ प्रमुख स्थान पर लगातार गश्ती करबाक कहल गेल। पुलिसक गतिविधि आ उपलब्धिक जानकारीआम लोक धरि पहुंचयबाक लेल सोशल मीडिया कें नीक ढंग सं उपयोग करबाक निर्देश देल गेल। सोशल मीडिया पर चलि रहल सूचना पर नजरि रखबाक तथा गलत अथवा भ्रामक सूचना भेटला पर शीघ्रतथ्यपरक जवाब देबाक कहल गेल। आइजी रेल अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे अपराध नियंत्रण आविधि-व्यवस्था सं संबंधित निर्देश मात्र बैसार धरि सीमित नहि रहय, बल्कि नियमित निगरानी आ समीक्षाहो। संगहि आम लोकक संग पुलिसक व्यवहार संवेदनशील आ शालीन रहय, एहि पर सेहो विशेष ध्यानदेबाक कहल गेल।

# ईंटा-भट्ठाक बकाया मामिलाक निपटारा लेल एकमुश्त समाधान योजना लागू

## 21 सितंबर सं 20 दिसंबर 2026 धरि योजना के लाभ भेटत

**सहरसा, समदिया**

जिला मे ईंट-भट्ठा सं संबंधित बकाया राशि के मामिलाक एकमुश्त समाधान आ लंबित विवादक निपटारालेल ईंट-भट्ठाक बकाया राशि सं संबंधित एकमुश्त समाधान योजना स्वीकृत कएल गेल अछि। योजनाकअंतर्गत ईंट सत्र 2024-25 धरि के बकाया मामिला मे संबंधित प्रावधानक अनुसार एकमुश्त समाधानकअवसर देल गेल अछि। योजनाक अंतर्गत खान एवं भूतत्व विभागक पदाधिकारी द्वारा नीलाम पत्र पदाधिकारी कें पठाओल गेल अधियाचना मे उल्लेखित कुल बकाया राशि मे सं ब्याजक राशि छोड़ि शेष राशि जमा करय पड़त। एहि राशि कें एकमुश्त समाधानित राशि मानल जाएत। समाधानित राशि जमा भेलाक बाद जिला खनन पदाधिकारी नीलाम पत्र पदाधिकारी कें लिखित रूप मे सूचित करताह जे संबंधित नीलाम पत्र देनदार पर आब कोनो लोक मांग बकाया नहि अछि। एकर आधार पर नीलाम पत्र पदाधिकारी संबंधित नीलाम पत्र वादक निपटारा कए सकताह।31 अगस्त धरि दर्ज नीलाम पत्र वाद होयत आच्छादितयोजनाक



अंतर्गत ओहि ईंट-भट्ठा कें आच्छादित कएल जाएत, जिनकर स्वामित्वक राशि जमा नहिभेलाक कारण 31 अगस्त 2026 धरि जिला खनन पदाधिकारी द्वारा हुनका विरुद्ध नीलाम पत्र वाददायर कएल जा चुकल अछि। संबंधित ईंट-भट्ठा संचालक कें एकमुश्त समाधानित राशि संग जिला खनिजफाउंडेशन, आयकर आ अन्य करक देय राशि सेहो जमा करय पड़त। एकर बादे जिला खनन पदाधिकारीअपन प्रतिवेदन नीलाम पत्र पदाधिकारी कें उपलब्ध करा सकताह।20 दिसंबर धरि योजना कें लाभ लेबाक अपीलएकमुश्त समाधान योजनाक अवधि 21 सितंबर 2026 सं 20 दिसंबर 2026 धरि निर्धारित कएल गेल अछि। जिला खनन पदाधिकारी राजू कुमार संबंधित ईंट-भट्ठा संचालक सं अपील केलनि अछि जेनिर्धारित अवधिक भीतर योजनाक प्रावधानक अनुसार जिला खनन कार्यालय, सहरसा सं संपर्क कए आवश्यक राशि जमा करथि आ एकमुश्त समाधान योजनाक लाभ उठाबथि।

# बलडीहा आ इस्लामपुर कें प्रस्तावित नगर परिषद जयनगर मे शामिल करबाक मांग

## ग्रामीणक प्रतिनिधिमंडल एसडीओ कें देलक ज्ञापन

**जयनगर, समदिया**

प्रस्तावित नगर परिषद जयनगरक क्षेत्र विस्तार मे बेलही पश्चिमी पंचायतक ग्राम बलडीहा वार्ड संख्या- 01 आ बेल्ही दक्षिणी पंचायतक इस्लामपुर वार्ड संख्या-16कें शामिल करबाक मांग कें लए शुक्र, 25सितंबर 2026 कें बलडीहा गांवक बुद्धिजीवी आ ग्रामीणक प्रतिनिधिमंडल अनुमंडल पदाधिकारी, जयनगरसं भेंट कए हुनका ज्ञापन देलक। प्रतिनिधिमंडल एसडीओक समक्ष दुनू क्षेत्र कें प्रस्तावित नगर परिषदजयनगरक क्षेत्र विस्तार मे शामिल करबाक मांग रखलक। ग्रामीणक कहब छल जे जयनगर नगर क्षेत्रकआसपास लगातार शहरीकरण आ आबादीक विस्तार भए रहल अछि। एहि स्थिति मे नगर परिषदक प्रस्तावित क्षेत्र विस्तार मे विकसित आ नगर क्षेत्र सं जुड़ल आसपासक गांव कें शामिल



कएला सं क्षेत्रकसमग्र विकास कें गति भेटि सकैत अछि। ज्ञापन मे कहल गेल जे बलडीहा वार्ड संख्या-01 आ इस्लामपुर वार्ड संख्या-16क जयनगर नगर क्षेत्र सं सामाजिक, आर्थिक आ व्यावसायिक जुड़ाव अछि। लोकक आवागमन, व्यापारिक गतिविधि आ दैनिक आवश्यकताक लेल नगर क्षेत्र पर निर्भरता अछि। एहनपरिस्थिति मे नगर परिषदक क्षेत्र विस्तारक दौरान दुनू क्षेत्र कें शामिल कएला सं विकास योजनाक नीक क्रियान्वयन संभव भए सकत। प्रतिनिधिमंडल प्रशासन सं मांग केलक जे नगर परिषदक विस्तार सं संबंधित प्रस्ताव आ प्रक्रिया मे बलडीहा आ इस्लामपुर कें शामिल करबाक मांग पर गंभीरतापूर्वक विचार कएल जाय। ग्रामीणक कहब छल जे नगर परिषद मे शामिल भेलाक बाद सड़क, नाला, जलनिकासी, प्रकाश व्यवस्था, साफ-सफाई, पेयजलसहित अन्य बुनियादी सुविधाक विकास कें गति भेटि सकैत अछि। ग्रामीण सभ आशा व्यक्त केलनि जेप्रशासन हुनकर मांग कें संबंधित विभाग आ सरकारक समक्ष उचित रूप सं राखत। ज्ञापन देनिहार प्रतिनिधिमंडल मे पूर्व सरपंच सतन बिराजी, पूर्व मुखिया मो. इसाख पूर्वे, राजू, हाजी अब्दुल सत्तार, मो.इब्राहीम, वार्ड सदस्य मो. रसीद, मो. हलीम आ मो. जहीर सहित अन्य ग्रामीण आ बुद्धिजीवी शामिलछलाह।

# नशामुक्त कोसी अभियान कें पैघ सफलता, 1348 लीटर सं बेसी शराब बरामद

**सहरसा, समदिया**

कोसी क्षेत्रक सहरसा, सुपौल आ मधेपुरा जिला मे चलाओल जा रहल नशामुक्त कोसी अभियान कें लगातार सफलता भेटि रहल अछि। पुलिस उप-महानिरीक्षक, कोसी क्षेत्र डॉ. कुमार आशीषक निर्देश परचलि रहल एहि अभियान मे आम लोकक सहयोग सेहो भेटि रहल अछि। जारी हेल्पलाइन नंबर9060384865 पर प्राप्त सूचनाक आधार पर पुलिस द्वारा कारबाइ कएल जा रहल अछि। सूचनादेनिहारक पहचान गोपनीय राखल जाइत अछि। पुलिसक अनुसार, 19 सं 25 सितंबर 2026 धरि अभियानक अंतर्गत 1348.86 लीटर अवैध शराब, 32.105 किलोग्राम गांजा, 394.24 ग्राम स्मैक आ 895.6 लीटर अवैध कफ सिरप बरामद कएल गेल। एकर अतिरिक्त 11 मोटरसाइकिल, एक तीन पहिया वाहन, दू चारि पहिया वाहन, तीन मोबाइल, दू पासबुक आ 2.11 लाख रुपैया नगद सेहो बरामद




भेल। अवैध शराबक मामिला मे 77 लोक तथा सूखा नशाक मामिला मे 15 लोक कें गिरफ्तार कए जेल पठाओल गेलअछि। फरवरी 2026 मे अभियानक शुरुआत सं आब धरि 71,219.455 लीटर अवैध शराब, 4,313.57 लीटर कफ सिरप, 6,468.205 किलोग्राम गांजा आ 8,062.222 ग्राम स्मैक सहित पैघ मात्रा मे नशीला पदार्थ, हथियार, वाहन आ नगदी बरामद कएल गेल अछि। एहि दौरान कुल 2,132 तस्कर कें गिरफ्तारकए जेल पठाओल गेल अछि। डीआइजी आम लोक सं अपील केलनि अछि जे नशाक अवैध कारोबार संसंबंधित कोनो सूचना हेल्पलाइन नंबर 9060384865 पर फोन, मैसेज अथवा व्हाट्सऐपक माध्यम संदेथि। सूचना देनिहारक पहचान पूर्ण रूप सं गोपनीय राखल जाएत। महत्वपूर्ण सूचना देनिहार लोक कें उचित रूप सं पुरस्कृत सेहो कएल जाएत।

# बिस्फी अंचल कार्यालय मे जनता दरबार आयोजित



**बिस्फी, समदिया**

बिस्फी अंचल कार्यालयक सभागार मे शनिदिन जनता दरबारक आयोजन कएल गेल। एकर अध्यक्षताराजस्व पदाधिकारी सविता कुमारी केलनि। जनता दरबार मे जमीन विवाद, दाखिल-खारिज, परिमार्जनसहित विभिन्न प्रमाणपत्र सं संबंधित एक दर्जन सं बेसी मामिलाक सुनवाइ कएल गेल। जनता दरबार मे पहुंचल फरियादीक शिकायत कें राजस्व पदाधिकारी आ थाना अध्यक्ष गंभीरतापूर्वकसुनलनि। संबंधित मामिलाक निष्पादन लेल आवश्यक कारबाइ करबाक संगहि किछु आवेदनक तत्कालनिष्पादन सेहो कएल गेल। एहि अवसर पर राजस्व पदाधिकारी सविता कुमारी कहलनि जे जनता दरबारक उद्देश्य लोकक समस्याक त्वरित, निष्पक्ष आ शांतिपूर्ण समाधान करेनाय अछि। ओ लोक सं कानून- व्यवस्था बनौने रखबाक आ कोनो विवादक स्थिति मे प्रशासनक पूर्ण सहयोग लेबाक अपील केलनि।जनता दरबार मे प्राप्त सभ मामिलाक शीघ्र निष्पादन करबाक भरोसा सेहो देल गेल। कार्यक्रम मे थाना अध्यक्ष अविनाश कुमार, पतौना थाना अध्यक्ष अनुराग कुमार सहित अंचल कार्यालयक कई कर्मी उपस्थित छलाह।

## जिला मत्स्य पदाधिकारी संग सांसद केलनि समीक्षा बैसार

# पीएम मत्स्य संपदा योजना सं माछ उत्पादन कें भेटत नव आयाम : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

## माछ पालक आ व्यवसायीक उत्थान पर भेल चर्चा

**दरभंगा, समदिया**

दरभंगा बाढ़ि प्रभावित जिला अछि। कोसी, कमला, गंडक आ अधवारा समूहक नदीक संगहि जिला मे पैघ संख्या मे पोखरि उपलब्ध रहबाक कारण माछ उत्पादन आ माछ व्यवसाय कें रोजगारक माध्यम बनेबाकलेल केंद्र आ राज्यक एनडीए सरकार द्वारा विभिन्न पहल कएल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री मत्स्य संपदायोजना आगांक समय मे माछ उत्पादन कएनिहार लोक लेल वरदान साबित होयत। ई बात स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर बलभद्रपुर, लहेरियासराय स्थित अपन संसदीय कार्यालय मे जिला मत्स्य पदाधिकारी संग समीक्षा बैठकक बाद कहलनि। सांसद डॉ. ठाकुर समीक्षा बैठकक क्रम मे दरभंगा मे मत्स्य क्षेत्रक विकास आ मत्स्यपालकक हित मे संचालित योजनाक प्रगतिक विस्तृत जानकारी लेलनि। एहि दौरान माछ उत्पादकक उत्थान लेल आवश्यक



सुझाव सेहोदेलनि। बैसार मे प्रधानमंत्री मत्स्य संपदा योजना सहित केंद्र आ राज्य सरकारक विभिन्न योजनाक प्रभावीक्रियान्वयन, पात्र लाभुक धरि योजनाक लाभ पहुंचेनाय, माछ उत्पादन बढ़ेनाय, पोखरिक विकास तथा मत्स्यपालकक आमदनी बढ़ेबाक लेल आवश्यक कदम पर विस्तार सं चर्चा भेल। सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे कृषि आ संबद्ध क्षेत्र कें सशक्त बनेबाक दिशा मे जे प्रयास भएरहल अछि, तकर लाभ दरभंगाक मत्स्यपालक धरि प्रभावी रूप सं पहुंचेनाय जरूरी अछि। एहि लेलयोजनाक क्रियान्वयन मे तेजी आनबाक आवश्यकता अछि। ओ कहलनि जे कार्य मे उदासीनता बरतयवला अधिकारीक पहचान कए कारबाइ कएल जाएत। सांसद जिला मत्स्य पदाधिकारी कें प्रत्येक पंचायत मेशिविर लगाक माछ पालक कें योजना सं संबंधित सभ आवश्यक सुविधा उपलब्ध करयबाक निर्देश देलनि। बैसार मे माछ उत्पादन बढ़ेबाक संगहि मत्स्यपालकक आय मे वृद्धि आ मत्स्य व्यवसाय कें रोजगारक पैघ साधन बनेबाक दिशा मे आवश्यक पहल पर जोर देल गेल।

# किशनपुर मे सखी वार्ता कार्यक्रम आयोजित

**सुपौल, समदिया**

पोषण माहक अवसर पर महिला एवं बाल विकास निगमक अंतर्गत संचालित जिला हब फॉर एंपावरमेंट ऑफ वीमेन, सुपौल द्वारा बेटी बचाओ, बेटी पढ़ाओ योजनाक माध्यम सं किशनपुर प्रखंडक नेमना राजपुरपंचायत सरकार भवन मे सखी वार्ता कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रम मे मुखिया, उपमुखिया, वार्डसदस्य, आंगनबाड़ी सेविका-सहायिका सहित पैघ संख्या मे ग्रामीण सहभागी भेलाह। कार्यक्रमक उद्देश्यपोषण, स्वास्थ्य, स्वच्छता, माहवारी स्वच्छता प्रबंधन, लैंगिक समानता, बाल विवाहक रोकथाम तथा महिलाआ बालिकाक सशक्तीकरणक प्रति लोक मे जागरूकता बढ़ेनाय आ सरकारी योजनाक जानकारी देनाय छल। लैंगिक विशेषज्ञ श्रीमती नितु कुमारी पोषण, व्यक्तिगत स्वच्छता, माहवारी स्वच्छता



प्रबंधन आ लैंगिक भेदभाव संबंधी महत्वपूर्ण जानकारी देलनि। ओतहि लैंगिक विशेषज्ञ मोहम्मद तारीक सिद्धकीबाल विवाहक दुष्परिणाम आ एकर रोकथामक उपाय संबंधी लोक कें जागरूक केलनि। जिला मिशन समन्वयक श्री हरिनारायण कुमार जिला हब फॉर एंपावरमेंट ऑफ वीमेनक भूमिका तथा महिला आ बालिकाक लेल संचालित विभिन्न सरकारी योजना आ सेवाक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देलनि। वन स्टॉप सेंटरक केंद्र प्रशासक कुमारी प्रतिभा वन स्टॉप सेंटर द्वारा उपलब्ध कराओल जाए रहल विभिन्नसेवाक बारे मे जानकारी देलनि। कार्यक्रम मे महिला पर्यवेक्षिका नेहा कुमारी, मुखिया प्रतिनिधि, उपमुखिया,वार्ड सदस्य, आंगनबाड़ी सेविका-सहायिका आ ग्रामीण उपस्थित छलाह। उपस्थित लोक सं बाल विवाहक रोकथाम, पोषण आ महिला सशक्तीकरणक संदेश समुदाय धरि पहुंचाबय मे सक्रिय भूमिका निभेबाक आह्वान कएल गेल।

# पितृ पक्ष 2026 : पितरक तर्पण, मृत्यु बाद भव्य श्राद्ध, मुदा जीबैत बुजुर्ग आ माता-पिताक उपेक्षा किएक?

**किशन सनमुखदास भावनानी**

वैश्विक स्तर पर भारतक हजारो वर्ष पुरान सभ्यता मे माता-पिता, गुरु आ पूर्वजक प्रति कृतज्ञता कें मात्र धार्मिक अनुष्ठान नहि, बल्कि जीवन-मूल्य मानल गेल अछि। एहि भावनाक महत्वपूर्ण स्वरूप अछि पितृ पक्ष, जाहि मे मनुष्य अपन दिवंगत पूर्वजक स्मरण कए हुनका प्रति श्रद्धा व्यक्त करैत अछि। वर्ष 2026 मे तिथि कें लए कए 26 आ 27 सितंबरक बीच किछु भ्रम देखाइ पड़ैत अछि। पंचांग गणनाक अनुसार 26 सितंबर, शनि कें भाद्रपद पूर्णिमा आ पूर्णिमा श्राद्ध अछि, जखनकि मुख्य पितृ पक्षक आरंभ 27 सितंबर, रवि कें प्रतिपदा श्राद्ध सं होयत आ 10 अक्टूबर, शनि कें सर्वपितृ अमावस्या संग एकर समापन होयत। पूर्णिमा श्राद्ध पितृ पक्षक ठीक पहिने पड़ैत अछि। प्रतिपदा तिथि 26 सितंबरक राति सं आरंभ होयबाक कारण सेहो दुनू तिथि कें लए कए भ्रम उत्पन्न होइत अछि। मुदा पितृ पक्ष 2026क सभ सं पैघ प्रश्न पंचांगक तिथि नहि, बल्कि सामाजिक चरित्रक दिशा बदलबाक अछि। जे देश मातृ देवो भव, पितृ देवो भवक संदेश दैत अछि, ओहि समाजक समक्ष ई प्रश्न ठाढ़ अछि जे कहीं हम मृत्यु बाद माता-पिताक प्रति श्रद्धा देखेबा मे आगू, मुदा हुनकर जीबैत समय प्रेम, सम्मान, संवाद आ सहारा देबा मे पाछां तं नहि पड़ि रहल छी? तकनीकी आ डिजिटल युग दुनियां कें मुट्?ठी मे आनि देने अछि, मुदा कतेको परिवार मे एकहि घरक सदस्यक बीच भावनात्मक दूरी बढ़बाक चिंता सेहो व्यक्त होइत अछि। नव पीढ़ी शिक्षा, रोजगार, व्यवसाय आ वैश्विक अवसरक



कारण शहर आ विदेश धरि पहुंचि रहल अछि। ई सामाजिक-आर्थिक प्रगतिक सकारात्मक पक्ष अछि, मुदा एकर अर्थ माता-पिता आ बुजुर्ग सं भावनात्मक संबंध समाप्त होयब नहि भए सकैत अछि। समस्या तकनीक नहि, बल्कि तखन अछि जखन सुविधा संवेदनाक स्थान लए ले। सोशल मीडिया पर समय-समय पर एहन मार्मिक वीडियो, समाचार आ दावा सामने अबैत अछि, जाहि मे वृद्ध माता-पिता कें एकाकी छोड़ि देब, बुजुर्गक संग दुर्व्यवहार अथवा आखरी समय मे संतानक उपस्थित नहि रहबाक घटना देखाओल जाइत अछि। प्रत्येक वायरल वीडियोक स्वतंत्र सत्यापन बिना ओकरा पूरा समाजक प्रतिनिधि तथ्य नहि मानल जा सकैत अछि। मुदा एहन घटना एकटा महत्वपूर्ण प्रश्न अवश्य उठबैत अछि— जं माता-पिता जीबैत समय हमर उपस्थिति, प्रेम आ सहाराक लेल तरसैत रहलाह, तं हुनकर निधनक बाद विशाल आयोजन, महंग कर्मकांड आ सार्वजनिक प्रदर्शन की ओहि अनुपस्थितिक भरपाई कए सकैत अछि? श्राद्धक आत्मा श्रद्धा अछि आ श्रद्धाक पहिल प्रमाण जीवित माता-पिताक प्रति व्यवहार होयबाक चाही। मृत्यु बाद फूल चढ़ेनाइ सुंदर परंपरा भए सकैत अछि, मुदा जीबैत समय प्रेमक दू शब्द, संग बैसि भोजन करब, बेमारी मे सेवा, नियमित संवाद आ सम्मान – ई सभ बेसी जीवंत श्रद्धांजलि अछि। पितृ पक्षक आध्यात्मिक संदेश एहि कारण आधुनिक सामाजिक जीवन मे अत्यंत प्रासंगिक अछि। जं कोनो व्यक्ति अपन वृद्ध माता-पिता कें एकाकीपन, आर्थिक असुरक्षा अथवा अपमान मे छोड़ि बाद मे भव्य श्राद्ध करैत अछि, तं कर्मकांडक संग ओकर मूल उद्देश्य पर सेहो विचार होयबाक चाही। एकर अर्थ धार्मिक अनुष्ठान कें कमतर मानब नहि, बल्कि ओकर भीतर निहित कर्तव्य, सेवा आ कृतज्ञता कें व्यवहार मे उतारब अछि। जिनका पिता अपन आवश्यकता सभ सीमित कए संतानक शिक्षापर खर्च केलनि, जिनका माए अपन सुख त्यागि बच्चाक भविष्य बनौलनि, हुनका वृद्धावस्था मे बोझ मानब मात्र पारिवारिक विफलता नहि, बल्कि सामाजिक मूल्यक क्षयक संकेत अछि। विदेश वा दोसर शहर मे रहनाइ उपेक्षाक पर्याय नहि होबाक चाही। आइ वीडियो संवाद, धन हस्तांतरण, स्वास्थ्य निगरानी आ कतेको डिजिटल सुविधा उपलब्ध अछि। सही उपयोग कएल जाय तं तकनीक दूरीक कारण नहि, बल्कि माता-पिता सं संबंध मजबूत करबाक माध्यम बनि सकैत अछि। हिंदू परंपरा मे पितृ पक्ष मात्र कर्मकांडक समय नहि, बल्कि अपन जड़ दिस लौटबाक, पूर्वजक योगदान स्वीकार करबाक आ अगिला पीढ़ी धरि कृतज्ञताक संस्कार पहुंचेबाक अवसर अछि। धार्मिक मान्यता अछि जे एहि अवधि मे पितर सूक्ष्म रूप सं अपन वंशजक निकट अबैत छथि आ तर्पण, पिंडदान, अन्नदान तथा श्राद्ध सं प्रसन्न भए आशीर्वाद दैत छथि। एकरा वैज्ञानिक तथ्यक बदला धार्मिक आस्था आ परंपराक रूप मे बुझब उचित अछि। मुदा एकर सामाजिक संदेश सार्वभौमिक अछि— मनुष्यक वर्तमानक पाछां माता-पिता आ कतेको पीढ़ीक त्याग, परिश्रम, संस्कार आ संघर्ष होइत अछि। भारत मे बुजुर्गक अधिकार कें मात्र नैतिकताक भरोसे नहि छोड़ल गेल अछि। माता-पिता आ वरिष्ठ नागरिकक भरण-पोषण तथा कल्याण अधिनियम, 2007 एहि जिम्मेदारी कें कानूनी आधार सेहो दैत अछि। मुदा प्रत्येक पारिवारिक संबंध कानूनक सहारा सं जीवित नहि राखल जा सकैत अछि। कोर्ट आर्थिक भरण-पोषणक आदेश दए सकैत अछि, मुदा मायक एकाकीपन कें पुत्रक स्नेह आ पिताक प्रतीक्षा कें संतानक संवाद मे बदलबाक आदेश कोनो कानून नहि दए सकैत अछि। एहि लेल संस्कारक सामाजिक पुनर्जागरण आवश्यक अछि। परिवार, विद्यालय, धार्मिक-सामाजिक संस्था आ जनसंचार माध्यम कें मिलि एहन चेतना विकसित करबाक चाही, जाहि मे बच्चा सभ लेल सफलता मात्र पैघ वेतन, उच्च पद अथवा विदेशक नौकरी नहि, बल्कि हुनका ओहि हाथक सम्मान करब सेहो हो जे हुनका एहि स्थान धरि पहुंचौलक। आब आवश्यकता हिंसक अथवा टकरावपूर्ण क्रांतिक नहि, बल्कि संवेदनाक व्यापक सामाजिक क्रांतिक अछि—एहन क्रांति, जाहि मे पितृ पक्षक सोलह दिनक श्रद्धा वर्षक शेष दिन मे सेहो माता-पिताक सेवा मे देखाइ दे। दूर रहनिहार संतान नियमित संपर्क राखथि, स्वास्थ्य आ आर्थिक सुरक्षाक जिम्मेदारी साझा करथि आ बच्चा सभ कें दादा-दादी तथा नाना-नानीक जीवन-संघर्षक कथा सुनाओल जाय। एहि सं पीढ़ीसभक बीच संबंधक संग अनुभव आ संस्कारक हस्तांतरण सेहो होयत। अतः 27 सितंबर सं 10 अक्टूबर 2026 धरि चलयवला पितृ पक्ष मात्र पूर्वजक श्राद्ध करबाक अवसर नहि, बल्कि आत्ममंथनक दर्पण अछि। प्रश्न ई नहि जे हम पितरक लेल कतेक दीप जरौल, कतेक लोक कें भोजन करौल अथवा कतेक पैघ अनुष्ठान कएल। पैघ प्रश्न ई अछि जे जखन माता-पिता हमरा सामने जीवित छलाह, तखन हम हुनकर जीवन मे कतेक प्रकाश भरलहुं? पितृ पक्षक सार्थकता तखने पूर्ण होयत जखन मृत्यु बाद श्राद्धक संग जीबैत समय सेवा हमर पारिवारिक संस्कृतिक अटूट सिद्धांत बनय। आधुनिक भारत लेल पितृ पक्षक सभ सं पैघ संदेश संभवतः यैह अछि – श्राद्ध सं पहिने श्रद्धा, कर्मकांड सं पहिने कर्तव्य आ मृत्यु बाद सम्मान सं पहिने जीबैत माता-पिताक मान-सम्मान।

एकर अर्थ धार्मिक अनुष्ठान कें कमतर मानब नहि, बल्कि ओकर भीतर निहित कर्तव्य, सेवा आ कृतज्ञता कें व्यवहार मे उतारब अछि। जिनका पिता अपन आवश्यकता सभ सीमित कए संतानक शिक्षापर खर्च केलनि, जिनका माए अपन सुख त्यागि बच्चाक भविष्य बनौलनि, हुनका वृद्धावस्था मे बोझ मानब मात्र पारिवारिक विफलता नहि, बल्कि सामाजिक मूल्यक क्षयक संकेत अछि। विदेश वा दोसर शहर मे रहनाइ उपेक्षाक पर्याय नहि होबाक चाही। आइ वीडियो संवाद, धन हस्तांतरण, स्वास्थ्य निगरानी आ कतेको डिजिटल सुविधा उपलब्ध अछि। सही उपयोग कएल जाय तं तकनीक दूरीक कारण नहि, बल्कि माता-पिता सं संबंध मजबूत करबाक माध्यम बनि सकैत अछि। हिंदू परंपरा मे पितृ पक्ष मात्र कर्मकांडक समय नहि, बल्कि अपन जड़ दिस लौटबाक, पूर्वजक योगदान स्वीकार करबाक आ अगिला पीढ़ी धरि कृतज्ञताक संस्कार पहुंचेबाक अवसर अछि। धार्मिक मान्यता अछि जे एहि अवधि मे पितर सूक्ष्म रूप सं अपन वंशजक निकट अबैत छथि आ तर्पण, पिंडदान, अन्नदान तथा श्राद्ध सं प्रसन्न भए आशीर्वाद दैत छथि।

# बिना मोन मिलौने हाथ मिलेबाक कूटनीति

**पुष्परंजन**

चीन आ अमेरिकाक बीच अखन सभ किछु मीठ-मीठ गप-गप चलि रहल अछि। चीनी राष्ट्रपति शी जिनपिंगक स्वागत लाजवाब ढंग सं कएल गेल। अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप स्वयं हुनका सं भेंट करबाक लेल सैन्य हवाईपट्टी धरि पहुंचलाह। ई सामान्य प्रोटोकॉल सं हटि कए उठाओल गेल विशेष कदम छल। चीनक राष्ट्रपति शी अमेरिकाक राष्ट्रपति कें पेइचिंग यात्राक दौरान एहन स्वागत नहि केने छलाह। चीनी मीडिया एहि स्वागत सं उत्साहित अछि। ग्लोबल टाइम्सक संपादकीय मे कहल गेल जे दुनू नेता रणनीतिक स्थिरतापूर्ण चीन-अमेरिका संबंधक निर्माणक नव सोच पर सहमत भेलाह आ अगिला तीन वर्ष तथा तकर बाद दुनू देशक संबंध लेल रणनीतिक दिशा निर्धारित केलनि। सोचबाक बात अछि जे एहन संपादकीय पढ़ि रूसी राष्ट्रपति पुतिन पर की बीतैत होयत। अमेरिकी राष्ट्रपति सामान्यतः कोनो विदेशी राष्ट्राध्यक्षक स्वागत करबाक लेल विमानतल नहि जाइत छथि। ई अत्यंत दुर्लभ घटना अछि। 11 अक्टूबर 1949 कें वॉशिंगटन नेशनल एयरपोर्ट पर तत्कालीन राष्ट्रपति हैरी एस. ट्रूमैन भारतक प्रथम प्रधानमंत्री जवाहरलाल नेहरूक स्वागत केने छलाह। 1962क बाद एहन विमानतल स्वागत बहुत चुनिंदा अवसर पर मात्र देखल गेल अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी धरि कें पंडित नेहरू आ शी जिनपिंग जकां ई सौभाग्य नहि भेटल अछि। जखन जापानक प्रधानमंत्री सानाए तकाइची मार्च 2026 मे पहिल बेर वॉशिंगटन गेलीह, तखन व्हाइट हाउस मे ट्रंप सं भेंट करबाक पहिने जॉइंट बेस एंड्रयूज पर अमेरिकी वायुसेनाक कर्नल गैरी चारलैंड हुनकर स्वागत केने छलाह। एहि सप्ताह वॉशिंगटन मे शी जिनपिंगक आगमन सं एक दिन पहिने न्यूयॉर्क मे संयुक्त राष्ट्र महासभाक बैठकक दौरान तकाइची फेर ट्रंप सं भेंट केलनि। चीनी मीडिया कटाक्ष करैत कहल जे जापानी अधिकारी हुनकर स्वागत करय लेल पहुंचल छलाह, मुदा ओतय नहि रेड कार्पेट छल, नहि




प्रोटोकॉल प्रतिनिधिमंडल आ नहि कोनो अमेरिकी वरिष्ठ अधिकारी। बुधदिन वॉशिंगटन मे शी जिनपिंगक भव्य स्वागत चीनी सरकारी मीडियाक प्रमुख समाचार बनल। ट्रंप द्वारा चीनी नेताक रेड-कार्पेट स्वागत करैत तस्वीर आ वीडियो व्यापक रूप सं देखाओल गेल। एयरबेस पर गार्ड ऑफ ऑनर, सैन्य बैंड, 21 तोपक सलामी आ लड़ाकू विमानक फ्लाईपास्ट सेहो भेल। एकर विपरीत अमेरिकी मीडिया मे शी जिनपिंगक आगमनक कवरेज अपेक्षाकृत कम रहल। एकर कारण व्हाइट हाउस आ पैघ टेलीविजन नेटवर्कसभक बीच चलि रहल गतिरोध बताओल गेल अछि। व्हाइट हाउस पूल मे शामिल एबीसी, सीबीएस, सीएनएन, फॉक्स न्यूज आ एनबीसी सहित कतेको नेटवर्क प्रशासन द्वारा मीडिया संस्थान सभ पर लगाओल गेल प्रतिबंधक विरोध मे ट्रंपक सार्वजनिक कार्यक्रमक कवरेजक बहिष्कार कए रहल अछि। अमेरिकी थिंक टैंकक रिपोर्ट मे कहल गेल जे ई शिखर बैठक मुख्य रूप सं कूटनीतिक दिखावा धरि सीमित रहि सकैत अछि। अमेरिकी वित्त मंत्री स्कॉट बेसेंट बुधदिन कहलनि जे बुसान समझौताक नवंबर बला समय-सीमा बढ़ा कए 10 जनवरी 2027 धरि कएल जाएत। ई व्यापारिक युद्धविराम अक्टूबर-नवंबर 2025 मे दक्षिण कोरियाक बुसान मे भेल शिखर बैठकक दौरान ट्रंप आ शी जिनपिंगक बीच तय भेल छल। एहि समझौतेक अवधि 10 नवंबर 2026 कें समाप्त होयबाक छल। तैयो दुनू पक्ष ई मानैत अछि जे ई शिखर बैठक दुनू देश लेल अत्यंत महत्वपूर्ण अछि आ एकर विफलता उचित नहि होयत। 3 नवंबर 2026 कें अमेरिका मे मध्यावधि चुनाव होयत। कमेटी ऑफ 100क एकटा सर्वेक्षण अनुसार 54 प्रतिशत चीनी-अमेरिकी स्वयं कें डेमोक्रेट मानैत छथि, जखनकि 28 प्रतिशत रिपब्लिकन। एहि कारण शी जिनपिंगक यात्रा सेहो महत्व रखैत अछि। ट्रंपक दोसर कार्यकालक दौरान होबयबला एहि मध्यावधि चुनाव मे अमेरिकी प्रतिनिधि सभाक सभ 435 सीट आ सीनेट मे 100 मे सं 35 सीट लेल चुनाव होयत। दोसर दिस, ईरानक संग शांति समझौता करबाक प्रयास मे पाकिस्तानक भूमिका कें असफल प्रयास मानल जा सकैत अछि। पाकिस्तान ऐतिहासिक रूप सं सऊदी अरब आ अमेरिकाक निकट रहल अछि, जे ईरानक प्रतिद्वंद्वी छथि।

# मायावतीक बीएसपीक सामने अस्तित्वक संकट

**प्रवीण श्रीवास्तव**

बहुजन समाज पार्टी (बीएसपी)क सुप्रीमो मायावती बुधदिन अपन छोट भतीजा ईशान आनंद कें पार्टीक नव राष्ट्रीय कोऑर्डिनेटर नियुक्त केलनि। ई पद पहिने हुनकर पैघ भाए आकाश आनंदक जिम्मा मे छल। आकाश आनंद कें पार्टीक सभ जिम्मेदारी सं हटा देल गेल अछि। एहि सं पहिने मायावती हुनका पार्टी सं निष्कासित सेहो केने छलथि। बीएसपीक भीतरक लोक एहि घटनाक्रम कें मायावतीक एकभगाह ढंग सं पार्टी चलेबा सं जोड़ि रहल छथि। हुनकर कहब अछि जे 42 वर्ष पुरान, कांशीराम द्वारा स्थापित एहि पार्टीक सामने ठाढ़ अस्तित्वक संकट पर सेहो पर्याप्त ध्यान नहि देल जा रहल अछि। आगू दू मासक बाद बीएसपीक देशक संसद मे कोनो प्रतिनिधित्व नहि रहत। 37 वर्ष मे ई पहिल बेर होयत। अखन राज्यसभा मे पार्टीक मात्र एक सांसद रामजी गौतम छथि, जिनकर कार्यकाल 25 नवंबर कें समाप्त भए जाएत। लोकसभा मे पार्टीक एकहु सांसद नहि अछि। उत्तर प्रदेशक 10 राज्यसभा सीट लेल 16 अक्टूबर कें होमयबला द्विवार्षिक चुनाव मे जीत लेल प्रत्याशी कें विधायकक 37 प्रथम वरीयता वोटक आवश्यकता होयत। बीएसपीक उत्तर प्रदेश विधानसभा मे एको विधायक नहि अछि। विधान परिषद मे सेहो पार्टीक कोनो सदस्य नहि अछि। बलिया जिलाक रसड़ा विधानसभा क्षेत्र सं बीएसपीक एकमात्र विधायक उमाशंकर सिंहक अगस्त मे 55 वर्षक अवस्था मे निधन भए गेल। हुनकर निधनक बाद 403 सदस्यीय उत्तर प्रदेश विधानसभा मे बीएसपीक विधायकक संख्या शून्य भए गेल अछि।

**राष्ट्रीय पार्टीक दर्जा सेहो संकट मे** : संसद मे प्रतिनिधित्व समाप्त भेलाक बाद बीएसपीक राष्ट्रीय पार्टीक दर्जा पर सेहो ध्यान जाएत। निर्वाचन आयोगक वर्तमान सूची मे बीएसपी अखनो राष्ट्रीय पार्टीक रूप मे मान्यता प्राप्त अछि। नियमक अनुसार, राष्ट्रीय पार्टीक दर्जा लेल कोनो दल कें निर्धारित चुनावी शर्त मे सं कोनो एकटा पूरा करय पड़ैत अछि।



एक शर्त अछि जे दल कें चारि वा बेसी राज्य मे कम सं कम 6 प्रतिशत वैध मत भेटय आ लोकसभाक कम सं कम चारि सीट जीतय। दोसर शर्त अनुसार दल कें लोकसभाक कम सं कम 2 प्रतिशत सीट जीतय पड़ैत अछि आ ओकर सांसद कम सं कम तीन राज्य सं निर्वाचित भेल होथि। एकर अतिरिक्त, जं कोनो दल कें कम सं कम चारि राज्य मे राज्य पार्टीक मान्यता प्राप्त अछि, तं सेहो ओकरा राष्ट्रीय पार्टीक दर्जा भेटि सकैत अछि। कांशीराम 1984 मे बीएसपीक स्थापना केने छलथि आ 1997 मे एकरा राष्ट्रीय पार्टीक मान्यता भेटल छल। चुनाव मे लगातार झटका लगलाक बादो पार्टीक राष्ट्रीय दर्जा बनल रहल, कारण मान्यताक समय-समय पर होमयबला समीक्षा लेल नियम मे परिवर्तन कएल गेल। 2014क लोकसभा चुनाव मे बीएसपी एको सीट नहि जीत सकल छल, तकर बाद निर्वाचन आयोग 2016 मे नियम मे बदलाव कएलक। एहि अनुसार राष्ट्रीय आ राज्य स्तरक पार्टीक मान्यताक समीक्षा 10 वर्ष लेल टारि देल गेल। 2019क चुनावक बादो बीएसपीक राष्ट्रीय दर्जा कायम रहल। एहि कारण सं आगू होमयबला विधानसभा चुनाव, विशेष रूप सं 2027क उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव, बीएसपीक राष्ट्रीय राजनीतिक पहचान लेल महत्वपूर्ण भए सकैत अछि।

**1989 मे 4 सीट सं 2024 मे शून्य** : बीएसपी पहिल बेर 1989 मे लोकसभा पहुंचल छल। ओहि समय उत्तर प्रदेश सं ओकर तीन आ पंजाब सं एक उम्मीदवार विजयी भेल छल। पार्टीक सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन 2009क लोकसभा चुनाव मे रहल, जखन बीएसपी 21 सीट जीतने छल। एहि मे 20 सीट उत्तर प्रदेश आ एक सीट मध्य प्रदेश सं छल। ओहि चुनाव मे पार्टी कें देशभरि मे 6.17 प्रतिशत मत भेटल छल। 2014क लोकसभा चुनाव मे बीएसपीक सीटक संख्या घटि कए शून्य भए गेल। एहि चुनाव मे पार्टी कें देशभरि मे 4.19 प्रतिशत मत भेटल। मुदा 2019 मे समाजवादी पार्टीक संग गठबंधनक कारण बीएसपीक वापसी भेल आ ओकर 10 सांसद लोकसभा पहुंचल। ओहि वर्ष पार्टीक मत प्रतिशत 3.66 रहल। 2024 मे दुनू दलक बीच गठबंधन नहि भेल। बीएसपी एकल रूप सं लोकसभा चुनाव लड़लक, मुदा एको सीट नहि जीत सकल। पार्टीक मत प्रतिशत सेहो घटि कए 2.06 रहि गेल। उत्तर प्रदेश मे सेहो बीएसपीक प्रदर्शन मे पैघ गिरावट देखल गेल अछि। 2012 मे पार्टी 403 सदस्यीय विधानसभा मे 80 सीट जीतने छल आ ओकर मत प्रतिशत 25.91 छल। 2017 मे सीट घटि कए 19 रहि गेल, यद्यपि मत प्रतिशत 22.23 रहल।

# विश्वविद्यालय सभ मे नव ऊर्जा संचारक समय

**अभिजीत पाठक**

असहिष्णुताक एहि दौर मे एकटा परेशान करयबला विचार मोन मे उठैत अछि। की राजनीतिक प्रतिष्ठान कें आब बौद्धिक रूप सं जीवंत, शैक्षणिक रूप सं समृद्ध आ समावेशी सरकारी विश्वविद्यालय सभक महत्त्व बेसी अनुभव नहि भए रहल अछि? नहि तं देशक किछु प्रमुख सरकारी विश्वविद्यालय सभ पर लगातार भए रहल हमलाक अर्थ कोना बुझल जाय? उदाहरणक लेल, जादवपुर विश्वविद्यालयक हालक उथल-पुथल सं भरल घटनाक्रम कें देखल जा सकैत अछि, जे संभवतः पश्चिम बंगालक सभ सं प्रसिद्ध शैक्षणिक संस्थान अछि। एहन बुझाइत अछि जे बंगालक बीजेपी सरकार एहि विश्वविद्यालयक राजनीतिक-सांस्कृतिक वातावरण सं विशेष प्रसन्न नहि अछि। एहि मे आश्चर्यक कोनो बात नहि जे अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषद आ वामपंथी छात्र समूह सभक बीच तनावक बाद हिंसक झड़प आ मध्यरात्रि मे तोड़फोड़क घटना देखय लेल भेटल। विश्वविद्यालयक फाटकक सामने भगवा मार्च आ नागा साधु सभक उपस्थितियो देखल गेल। की अपन विशेष शारीरिक भंगिमाक माध्यम सं ई साधु ओहि छात्र आ शिक्षक सभ कें कोनो संदेश देबाक प्रयास करैत छलाह, जिनका राजनीतिक व्यवस्था समस्याग्रस्त अथवा अनैतिक असहमति रखनिहार मानैत अछि? वास्तव मे, हालक समय मे देशक प्रमुख सरकारी विश्वविद्यालय सभ पर भए रहल एहन हमलाक कोनो अंत नहि देखाइ पड़ैत अछि – जवाहरलाल नेहरू विश्वविद्यालय सं लए कए टाटा इंस्टीट्यूट ऑफ सोशल साइंसेज धरि, अथवा जामिया मिलिया इस्लामिया सं दिल्ली विश्वविद्यालय धरि। टकराव अलग-अलग रूप मे सामने आबि रहल अछि। ई टकराव कुलपति नियुक्तिक तरीका सं लए कए ज्ञानक नव राजनीति धरि पसरल अछि, जकरा भारतीय ज्ञान प्रणाली कहल जा रहल अछि। एकर प्रभाव आलोचनात्मक सोच आ शैक्षणिक स्वतंत्रताक वातावरण पर सेहो पड़ि रहल अछि। संभव अछि जे प्रमुख सार्वजनिक विश्वविद्यालय सभक सुनियोजित पतन निजी विश्वविद्यालय सभक माध्यम सं शिक्षाक बढ़ैत बाजारीकरण लेल आधार तैयार कए रहल हो। अर्थात शिक्षा कें सार्वजनिक अधिकारक बदला बिकयवला वस्तु मे बदलबाक प्रक्रिया तेज भए रहल अछि। नव-उदारवादक समर्थक अथवा लाभक समान सोचक आधार पर शिक्षा कें पॉपकॉर्न जकां बेचयवला लोक भले सार्वजनिक विश्वविद्यालय सभक घटैत महत्त्व पर दुखी नहि होथि, मुदा जिनकर जीवन एहि संस्थानसभक कारण बदलल अछि, हुनका आगू आबि अपन आवाज उठेबाक चाही। व्यक्तिगत रूप सं हम दूटा उत्कृष्ट सार्वजनिक शैक्षणिक संस्थान – कोलकाताक प्रेसीडेंसी कॉलेज आ दिल्लीक जेएनयूक सदैव ऋणी रहब।



नीक प्राध्यापक, जीवंत शैक्षणिक संस्कृति, सार्थक बहस, संवाद आ राजनीतिक मंथनक अनुकूल वातावरण, आ सभ सं बेसी सामाजिक विविधताक समृद्ध अनुभव सं विकसित होबाक अवसर भेटल। विशेषज्ञतापूर्ण अकादमिक ज्ञानक अतिरिक्त तीनटा आवश्यक बात सीखबाक अवसर भेटल, जे लोकतांत्रिक, समावेशी आ बहुत हद धरि समानतामूलक समाजक निर्माण लेल आवश्यक अछि। पहिल बात, अनेकता आ मिल-जुलि कए रहबाक भावना। तमिल युवक, मिजो युवती, बिहारक दूर-दराजक क्षेत्र सं आयल दलित छात्र अथवा केरलाक प्रतिभाशाली मुस्लिम छात्राक संग बढ़ैत-बढ़ैत दोसरक भावना बुझबाक, विभिन्न संस्कृतिक बीच संवाद स्थापित करबाक आ ई संवेदनशीलता विकसित भेल जे भारतीय होबाक वास्तविक अर्थ अपन गौरवशाली अनेकता आ विविधताक बीच दोसरक बात गहींरता सं सुनबाक क्षमता सेहो अछि। संभवतः उत्कृष्ट सार्वजनिक विश्वविद्यालयक ई अनकहल शिक्षा धार्मिक कट्टरता, विदेशी-विरोधी राष्ट्रवादी सोच आ संकीर्ण पहचानक राजनीतिप्रति सदैव सशंकित रहबाक क्षमता प्रदान करैत अछि। दोसर बात, नव-उदारवाद अथवा बाजार-केंद्रित मूल सोचक सेहो सीमा अछि। प्रत्येक वस्तु बिकाऊ नहि होइत अछि। शिक्षाक अधिकार कोनो खास वर्गक विशेषाधिकार अथवा आर्थिक पूंजी पर निर्भर नहि होयबाक चाही। सुलभ आ गुणवत्तापूर्ण सरकारी विश्वविद्यालयक अभाव मे सदियो सं चलि आबि रहल सामाजिक आ आर्थिक असमानताक विरोध करब कठिन भए जाएत। लेखकक कहब अछि जे ओ भाग्यशाली छलाह जे हुनकर बाल्यकाल मे उत्कृष्ट सरकारी विश्वविद्यालय उपलब्ध छल। नहि तं हुनकर माता-पिताक लेल अत्यंत महंग निजी विश्वविद्यालय मे पढ़ेबा लेल प्रतिवर्ष लगभग 13 लाख रुपैयाक व्यवस्था करब असंभव होइत। तेसर बात, लोकतंत्र मात्र समय-समय पर चुनाव करेबाक औपचारिकता नहि अछि। सोचबाक, काज करबाक आ जीवन जीबाक लोकतांत्रिक पद्धति विकसित करबाक लेल आलोचनात्मक सोच आवश्यक अछि। अर्थात निर्वाचित प्रतिनिधिसभक काज आ हुनका द्वारा बढ़ावा देल जा रहल आर्थिक-सांस्कृतिक नीतिक प्रभाव कें परखबाक आ बुझबाक क्षमता होय। लोकतंत्र विरोधक संस्कृति आ प्रतिरोधक कलाक नाम सेहो अछि। एहि प्रतिरोधक संस्कृति द्वारा नस्लवाद, रंगभेद, उपनिवेशवाद, जातिवाद, छुआछूत, गरीबी, पितृसत्ता, धार्मिक कट्टरता आ फासीवादक विरुद्ध समाज आगू बढ़ि सकल अछि। एहि लेल उत्कृष्ट विश्वविद्यालय मे जखन युवा छात्र नेल्सन मंडेला, ज्योतिराव फुले, सिमोन द बोउवार, मोहनदास करमचंद गांधी आ रचनात्मक असहमति रखनिहार कतेको व्यक्तित्वक विषय मे पढ़ैत छथि अथवा पॉल रॉबसन कें स्मरण करैत वी शैल ओवरकम अर्थात हम होयब कामयाब गीत गबैत छथि, तं ई मात्र अकादमिक ज्ञान बढ़ेबाक लेल नहि होइत अछि। एहन बौद्धिक आ सांस्कृतिक जुड़ाव हुनका सशक्त बनबैत अछि आ लोकतंत्रक प्रति प्रतिबद्ध, बौद्धिक रूप सं जागरूक आ राजनीतिक रूप सं सतर्क नागरिकक रूप मे जीवन जीबाक प्रेरणा दैत अछि। ई शिक्षा विशेष रूप सं तखन आवश्यक भए जाइत अछि, जखन बाजार-केंद्रित प्रभावशाली विचारधारा शिक्षाक मूल्य कें मात्र नौकरी आ वेतनक दृष्टि सं मापय लगैत अछि। एहि ठाम आलोचनात्मक सोच आ स्वतंत्रताप्रिय राजनीतिए महत्व देबाक आवश्यकता अछि, विशेषतः तखन जखन सामाजिक रूढ़िवादक नव रूप असहमति रखनिहार प्रत्येक व्यक्ति कें दिमागी नक्सल अथवा टुकड़े-टुकड़े गैंगक सदस्य कहि बदनाम करबाक प्रयास करैत अछि। लोकतांत्रिक समाज लेल उत्कृष्ट आ उदार सार्वजनिक विश्वविद्यालय अनिवार्य अछि। उच्च शिक्षाक उद्देश्य मात्र आज्ञाकारी नागरिक तैयार करब नहि, जेना कोनो कारखाना मे तैयार कएल गेल वस्तु हो, अथवा मात्र तकनीकी-कॉरपोरेट जगत लेल कुशल कार्यबल तैयार करब। विश्वविद्यालय सभ एहन जागरूक नागरिक सेहो तैयार करय, जिनकर आंखि मे एखनहुं न्यायपूर्ण, मानवीय आ नीक संसारक सपना जीवित हो।

# दिल्ली मे बीजेपी कें सेहो चुनौती देत जन सुराज? प्रशांत किशोर देलनि संकेत

जन सुराज पार्टी (जेएसपी)क संस्थापक प्रशांत किशोर आब बिहार सं बाहर पार्टीक विस्तार करबाक तैयारी मे जुटि गेलाह अछि। पार्टी बिहार सं बाहर अपन राजनीतिक विस्तारक पहिल पड़ाव दिल्ली कें बनौने अछि। एहि सिलसिला मे रवि (27 सितंबर) राजधानी दिल्ली मे जेएसपी समर्थक सभक एकटा महत्वपूर्ण बैठक होमय जा रहल अछि। एहि बैठक मे दिल्ली मे पार्टीक संगठन ठाढ़ करबाक लेल संचालन समिति के घोषणा कयल जा सकैत अछि।

## एमसीडी सं विधानसभा धरि चुनाव लड़बाक तैयारी

प्रशांत किशोरक अगुआई बला जेएसपी दिल्ली मे अपन राजनीतिक आधार तैयार करय मे जुटल अछि। पार्टीक कोशिश अछि जे राजधानी मे एकटा मजबूत संगठन बनाओल जाए आ आबय बला चुनाव सभ मे सीधा मैदान मे उतरल जाए। रिपोर्ट सभक मुताबिक, रवि के बैठक मे दिल्ली मे पार्टीक कामकाज आ संगठन के संभालय बला संचालन समिति बनाओल जा सकैत अछि।

जेएसपी सं जुड़ल बिहार आ पूर्वी उत्तर प्रदेश सं संबंध रखनिहार कतेको समर्थक एहि बैठक मे शामिल भए सकैत छथि। बैठक लेल लोक कला मंच वा जनपथ स्थित वेस्टर्न कोर्ट मे सं कोनो एकटा जगह चुनल जेबाक संभावना अछि।

द इंडियन एक्सप्रेसक रिपोर्टक मुताबिक, जेएसपी दिल्ली मे अपन कार्यालय खोलबाक लेल जगह सेहो तकि रहल अछि। किछु जगह सभक चयन कयल जा चुकल अछि आ आब



किराया वा लीज सं जुड़ल औपचारिकता पूरा होयबाक बाकी अछि। प्रशांत किशोर 2 अक्टूबर 2024 कें जन सुराज पार्टीक स्थापना केने छलाह। पार्टी पहिल बेर नवंबर 2025 मे बिहार विधानसभा चुनाव लड़ने छल। जेएसपी 243 मे सं 238 सीट पर उम्मीदवार उतारने छल, मुदा कोनो सीट पर जीत हासिल नहि कए सकल। एकरा बाद किशोर चुनावी राजनीति मे अपन वापसी कएलनि आ बांकीपुर विधानसभा सीट के उपचुनाव मे जीत दर्ज कएलनि। ई सीट बीजेपी विधायक नितिन नवीनक राज्यसभा गेलाक आ पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष बनाओल गेलाक बाद खाली भेल छल।

आब जेएसपी बिहार सं आगू बढ़ैत दिल्ली मे अपन मौजूदगी दर्ज करय के कोशिश कए रहल अछि। पार्टीक नजरि मात्र एकटा चुनाव पर नहि, बल्कि आबय बला कतेको चुनाव पर अछि।

जेएसपी सं जुड़ल नेता सभक मुताबिक, पार्टी दिल्ली मे आबय बला सभ पैघ चुनाव मे हिस्सा लेबाक तैयारी कए रहल अछि। एहि मे 2027 के दिल्ली नगर निगम चुनाव, 2029 के लोकसभा चुनाव आ 2030 के विधानसभा चुनाव शामिल अछि।

पार्टी सं जुड़ल प्रोफेसर शांतनु कुमारक कहब अछि जे दिल्ली मे एखन जेएसपीक औपचारिक संगठन नहि अछि, तैयो पार्टीक लोक लगातार जनता लग पहुंचि रहल छथि आ प्रशांत किशोरक दृष्टिकोणक विषय मे बता रहल छथि। हुनकर मुताबिक, लोक सभक प्रतिक्रिया एखन धरि सकारात्मक रहल अछि।

दिल्लीक राजनीति मे बिहार आ पूर्वी उत्तर प्रदेश सं आबय बला पूर्वांचली मतदाता सभक भूमिका महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि। जेएसपी सेहो एहि पैघ मतदाता वर्ग धरि पहुंच बनयबाक कोशिश कए रहल अछि। हालांकि पार्टीक कहब अछि जे ओकर ध्यान मात्र पूर्वांचली लोक पर नहि रहत, बल्कि ओ समाजक सभ वर्ग कें संग लए चलबाक कोशिश करत।

पार्टी दिल्ली मे प्रदूषण, यमुना नदीक सफाइ आ दोसर स्थानीय समस्या सभ कें अपन प्रमुख मुद्दा मे शामिल कए सकैत अछि। जेएसपी नेता सभक कहब अछि जे एहि समस्या सभक समाधान लेल वर्तमान व्यवस्था रहबाक बावजूद जमीन पर ओकर पर्याप्त असर नहि देखाइत अछि। एहन स्थिति मे पार्टी नव आ व्यावहारिक समाधान प्रस्तुत करबाक बात कहि रहल अछि।

दिल्ली मे फिलहाल बीजेपी आ आम आदमी पार्टी (आप) के बीच सीधा राजनीतिक टक्कर देखय लेल भेटैत रहल अछि। 2025 के विधानसभा चुनाव मे बीजेपी 70 मे सं 48 सीट जीत सरकार बनौलक, जखनकि आप कें 22 सीट भेटल। कांग्रेस लगातार दोसर बेर विधानसभा मे एकोटा सीट नहि जीत सकल। आब प्रशांत किशोरक जेएसपी एहि राजनीतिक माहौल मे अपन जगह बनयबाक कोशिश कए रहल अछि। दिल्ली मे संगठन ठाढ़ केलाक बाद पार्टी कोना चुनावी रणनीति तैयार करैत अछि आ ओकरा जनता दिस सं कतेक समर्थन भेटैत अछि, ई आगू स्पष्ट होयत।

# 'कैप्टन'क छलकलनि दर्द, कहलनि- राजनीति मे 60 सालक अनुभव, आब केओ पुछैत धरि नहि अछि

पंजाब मे अगिला साल 2027 मे विधानसभा चुनाव होमय बला अछि। एहि लेल राजनीतिक दल सभ तैयारी मे जुटि गेल अछि। एकर संग राज्य मे राजनीतिक उथल-पुथल सेहो जारी अछि। एही सिलसिला मे राज्यक पूर्व मुख्यमंत्री आ भारतीय जनता पार्टी (बीजेपी)क नेता कैप्टन अमरिंदर सिंहक एकटा बयान चर्चा मे

**पंजाब मे अगिला साल 2027 मे विधानसभा चुनाव होमय बला अछि**

आबि रहल अछि। हुनकर देल गेल बयान सं एहन बुझाइत अछि जे ओ बीजेपीक संग सेहो छथि आ नहि सेहो।



बता दी जे बीजेपी नेता अमरिंदर सिंह शुक्रदिन राष्ट्रीय राजधानी पहुंचलाह। ओ बीजेपी सं नाराजगी जाहिर करैत कहलनि जे पार्टी हुनका सं कोनो सलाह नहि लैत अछि। ओ कहलनि जे राजनीति मे 60 साल सं बेसी समय रहबाक कारण ओ कतेको उतार-चढ़ाव देखने छथि। मुदा आब एहन समय आबि गेल अछि जे केओ हुनका पुछैत तक नहि अछि। ओ अपन राजनीतिक यात्रा के सेहो उल्लेख कएलनि। एकर संग कांग्रेस पार्टी मे वापस लौटबाक संबंध मे सेहो बयान देलनि।

निराशा व्यक्त करैत ओ कहलनि जे ओ एकसर नहि छथि। हुनका संग एहन कतेको साथी छथि, जे एहि परिस्थिति के शिकार छथि। एहि लोक सभ राज्यक राजनीति कें बहुत नजदीक सं देखने छथि। कैप्टन आगू कहलनि जे आब एहन समय आबि गेल अछि जे हुनका सं केओ कोनो प्रकारक सलाह नहि लैत अछि। ओ कहलनि जे पंजाबक राजनीति मे हम 60 साल सं बेसी समय बितौने छी। ओ कहलनि जे समय एक समान नहि रहैत अछि। अमरिंदर सिंह कहलनि जे हम मात्र अपन बात राखि रहल छी, किएक तं हम पंजाबक रहनिहार छी। अमरिंदर सिंह कहलनि जे हम पंजाबक रहनिहार छी, एहि कारण राज्य कें लए हमर विचार की अछि, ई बतायब हमर जिम्मेदारी बनैत अछि। एकर अर्थ कदापि ई नहि निकालल जाए जे हम भारतीय जनता पार्टी छोड़य जा रहल छी। एहि सं पहिने, पूर्व मुख्यमंत्री कैप्टन अमरिंदर सिंह सांसद अमृतपाल सिंहक संबंध मे टिप्पणी केने छलाह। ओ कहलनि जे सिख समुदाय मे जेल मे बंद व्यक्तिक प्रति हमेशा सहानुभूतिक भावना रहल अछि, चाहे एकर कारण ऐतिहासिक हो वा समुदाय के बनावट।

ओ कहलनि जे जखन सिमरनजीत सिंह मान चुनाव लड़ने छलाह, तखन ओ जेल मे रहिते प्रचार केने छलाह आ 13 मे सं 12 सीट जीतने छलाह। हुनकर प्रचार मुख्य रूप सं ओहि पोस्टर पर आधारित छल, जाहि मे हुनका जेल मे देखाओल गेल छल। एतहु ओहने सहानुभूति काज कए रहल अछि। भारतीय कानून मे आजीवन कारावास लेल स्पष्ट रूप सं 14 सालक अवधि के प्रावधान अछि, मुदा ओ एहि सं बहुत बेसी समय सं जेल मे छथि। की एहि संबंध मे हमरा सभ लग कोनो प्रभावी कानून अछि?

अमृतपालक मामिला सेहो एहेन अछि। ओ भीतर बैसि कए की कए रहल छथि? हुनका बाहर आबय दिअ आ चुनाव लड़य दिअ। जं ओ जीत सकैत छथि, तं हुनका जीतय दिअ। अहां हुनका जतेक बेसी समय हिरासत मे रखब, ओ ओतेक बेसी लोकप्रिय होइत जाएताह। हुनका 'राष्ट्रीय सुरक्षा कानून' के अंतर्गत राखल गेल अछि, जे एकटा बहुत सख्त कानून अछि आ एहि कानूनक अंतर्गत केओ सेहो हिरासत मे लेल जा सकैत अछि। सिमरनजीत सिंह मान कें सेहो एही कानूनक अंतर्गत हिरासत मे लेल गेल छलनि, आ ई पहिल मामिला नहि अछि।

# यूपी राज्यसभा चुनाव मे सपा खेलत तेसर प्रत्याशीक दांव? अखिलेश दलित चेहरा कें बना सकैत छथि अपन उम्मीदवार

राज्यसभा चुनाव कें रोचक बनयबाक लेल समाजवादी पार्टी (सपा) दू सीट तक अपनाके सीमित रखबाक बदला तेसर प्रत्याशी सेहो उतारि सकैत अछि। सूत्र सभक मुताबिक, जं तेसर प्रत्याशी उतारबाक आखरी मुहर लगैत अछि तं सपा अति पिछड़ा वा दलित वर्ग सं कोनो चेहरा कें मैदान मे उतारि सकैत अछि। दरअसल, राज्यसभा चुनाव मे सपा लग जतेक वोट अछि, ओहि वोट सं दू प्रत्याशी आसानी सं जीत जेताह। एकरा बादो पार्टी लग 25 वोट बचत।



## की अछि पूरा गणित

प्रदेशक 10 राज्यसभा सीट लेल 16 अक्टूबर कें मतदान होमय बला अछि। विधानसभा मे वर्तमान प्रभावी सदस्य संख्या 397 अछि। एकटा प्रत्याशीक जीत लेल करीब 37 प्रथम वरीयता वोटक गणित बनि रहल अछि। सपा लग 101 विधायक छथि, जखनकि कांग्रेसक दू विधायक कें जोड़ला पर विपक्षी खेमाक संख्या 103 भए सकैत अछि। एहि हिसाब सं दू प्रत्याशीक जीत सुनिश्चित केलाक बाद सपा लग करीब 25 वोट बचि सकैत अछि। एही अतिरिक्त वोट तेसर उम्मीदवार कें लए सपा रणनीतिक आधार बनि सकैत अछि। हालांकि, तेसर सीट जीतबाक लेल पार्टी कें अपन खेमाक बाहर सेहो समर्थन जुटाबय पड़त।

## सामाजिक समीकरण सेहो साधत सपा

तेसर प्रत्याशी उतारबाक स्थिति मे सपा लेल उम्मीदवारक सामाजिक समीकरण बहुत महत्वपूर्ण होयत। पार्टी मे अति पिछड़ा अथवा दलित समाज सं उम्मीदवार उतारबाक विचार एही रणनीतिक हिस्सा अछि। सपा किछु समय सं अपन परंपरागत वोट आधारक संग पिछड़ा, दलित आ अल्पसंख्यक वर्गक व्यापक सामाजिक गठजोड़क राजनीति पर जोर दैत रहल अछि। एहन स्थिति मे राज्यसभाक तेसर उम्मीदवार एहि राजनीतिक संदेश कें आओर धार देबाक माध्यम बनि सकैत अछि। तेसर प्रत्याशी मैदान मे अयलाह तं मोकाबला सीधा आखिरी सीट लेल होयत। वर्तमान संख्या बलक आधार पर बीजेपी-एनडीए सात आ सपा दू सीट पर मजबूत स्थिति मे अछि। एकर बाद बचनिहार सीट पर एनडीए के पलड़ा भारी मानल जा रहल अछि।

## असंतुष्ट विधायक सभ पर सेहो सपाक नजरि

सपाक नजरि विपक्षक बाहरक विधायक सभ आ सत्तारूढ़ गठबंधनक भीतर संभावित असंतोष पर सेहो अछि। 2024 के पिछला राज्यसभा चुनाव मे तस्वीर एकर उलट छल। ओहि समय सपा विधायक सभक क्रॉस वोटिंग हुनकर तेसर प्रत्याशी आलोक रंजनक गणित बिगाड़ि देने छल आ बीजेपीक संजय सेठ जीत गेल छलाह। एहि बेर सपा जं तेसर प्रत्याशीक दांव खेलैत अछि तं राज्यसभा चुनाव मात्र सीट सभक लड़ाइ नहि रहत।

# यूपी चुनाव सं पहिने बढ़ल हलचल पीएम मोदी सं सीएम योगी कएलनि भेंट

उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ शनिदिन प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सं भेंट करबाक लेल दिल्ली पहुंचलाह। हुनकर ई दौरा एहन समय भए रहल अछि, जखन राज्य मे अगिला साल विधानसभा चुनाव प्रस्तावित अछि। एही कारण राजधानी मे प्रधानमंत्री आ मुख्यमंत्रीक भेंट कें आगामी चुनावक तैयारी आ पार्टीक रणनीतिक संदर्भ मे देखल जा रहल अछि। उत्तर प्रदेश मे अगिला साल होमय बला विधानसभा चुनाव सं पहिने राज्यक राजनीति मे एखनहि सं सरगर्मी बढ़ैत देखाइत अछि। एहि बीच यूपी के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ शनिदिन दिल्ली मे प्रधानमंत्री आवास पर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सं भेंट कएलनि। विधानसभा चुनाव के मद्देनजर योगी आदित्यनाथक दिल्ली दौरा आ शीर्ष नेतृत्व सं हुनकर भेंट कें राजनीतिक रूप सं महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि।

**बैठकक राजनीतिक मायने पर टिकल नजरि**

दिल्ली दौरा पर सीएम योगी आइ बीजेपीक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन सं सेहो भेंट करताह। राजनीतिक गलियारा मे पीएम मोदी आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथक भेंट कें आगामी चुनावक तैयारी आ पार्टीक रणनीतिक संदर्भ मे देखल जा रहल अछि। योगी आदित्यनाथक दिल्ली यात्रा उत्तर प्रदेशक राजनीति मे चर्चाक गति सेहो बढ़ा देने अछि। शीर्ष नेतृत्वक संग हुनकर बैठक कें लए कतेको तरहक राजनीतिक



अटकल लगाओल जा रहल अछि। हालांकि, भेंटक एजेंडा के संबंध मे विस्तृत जानकारी सामने नहि आएल अछि। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक भेंट मे बैठकक उद्देश्य 2027 के उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनावक शुरूआती रणनीति तय करब आ राज्य मे चलि रहल जनकल्याणकारी योजना सभक समीक्षा करब पर केंद्रित रहि सकैत अछि। नेतृत्व कें लए स्थिति: यूपी के उपमुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य किछु दिन पहिने राज्यक मुख्यमंत्री बनबाक आकांक्षा कें लए एकटा बयान देने छलाह। केशव प्रसाद मौर्य कहलनि जे सभक अपन इच्छा होइत अछि, मुदा हम पार्टीक कार्यकर्ता छी आ शीर्ष नेतृत्व दिस सं जे निर्देश भेटत, ओहने काज होयत। हालांकि, राजनीतिक गलियारा मे एहि बातक चर्चा अछि जे आगामी 2027 के विधानसभा चुनाव योगी आदित्यनाथक नेतृत्व मे लड़ल जाएत। संगठनात्मक बैठक: प्रधानमंत्री सं भेंटक बाद मुख्यमंत्री आदित्यनाथ द्वारा बीजेपीक राष्ट्रीय नेतृत्व आ दोसर वरिष्ठ पदाधिकारी सभक संग सेहो बैठक करबाक संभावना जताओल गेल अछि, जाहि सं जमीनी स्तर पर चुनावी अभियान सभ कें तेज कयल जा सकय।

**अगिला साल होयत यूपी विधानसभा चुनाव** : उत्तर प्रदेश मे अगिला साल विधानसभा चुनाव प्रस्तावित अछि। चुनाव कें देखैत राज्यक राजनीति मे एखनहि सं गतिविधि तेज होमय लागल अछि। राज्य मे लगातार दोसर बेर सरकार बनेबाक बाद आब पार्टीक सोझां आगामी विधानसभा चुनाव मे अपन सत्ता बरकरार रखबाक चुनौती रहत। एहन स्थिति मे मुख्यमंत्रीक शीर्ष नेतृत्व सं संवाद चुनावी तैयारीक दृष्टि सं सेहो महत्वपूर्ण भए सकैत अछि।

**शीर्ष नेतृत्व संग भेंट पर नजरि** : योगी आदित्यनाथ आ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक बीच होमय बला भेंट कें लए राजनीतिक गलियारा मे सेहो चर्चा अछि। सीएम योगी आ केंद्रीय नेतृत्वक बीच बातचीत कें राज्यक आगूक राजनीतिक दिशा सं जोड़ि कए देखल जा रहल अछि। उत्तर प्रदेशक राजनीति मे मुख्यमंत्री आ केंद्रीय नेतृत्वक बीच समन्वय कें हमेशा महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि। चुनाव सं पहिने दुनू नेता सभक बीच बातचीत राज्य सं जुड़ल राजनीतिक आ प्रशासनिक मुद्दा सभक दृष्टि सं सेहो महत्वपूर्ण भए सकैत अछि। फिलहाल मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथक दिल्ली दौरा उत्तर प्रदेशक आगामी चुनावी राजनीति कें लए चर्चा तेज कए देने अछि। प्रधानमंत्री मोदी सं हुनकर भेंटक बादे ई स्पष्ट भए सकत जे बैठक मे कोन मुद्दा सभ पर बातचीत भेल आ आगामी विधानसभा चुनाव कें लए नेतृत्वक स्तर पर कोन रणनीति सामने अबैत अछि।

# सपनाक भारत कार्यक्रम मे बच्चा सभ चित्र मे उकेरलनि विकसित भारतक परिकल्पना

**सहरसा, समदिया**



प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक सार्वजनिक जीवन आ कार्यकालक 25 बरख पूरा भेलाक अवसरपर चलाओल जा रहल सपनाक भारत कार्यक्रमक अंतर्गत शनिदिन सुभाष चौक स्थित मध्य विद्यालय शिक्षक संघ स्कूल मे विद्यार्थीक बीच चित्रकला सहित अन्य रचनात्मक गतिविधिक आयोजन भेल। कार्यक्रमक उद्देश्यबच्चा सभ मे देशक प्रति जागरूकता, रचनात्मकता आ विकसित भारतक परिकल्पना कें बढ़ावा देब रहल। कार्यक्रमक दौरान छात्र-छात्रा सभ अपन कल्पनाशीलता कें चित्रक माध्यम सं व्यक्त करैत देशक भविष्यआ विकसित भारत सं जुड़ल अपन विचार आ मनोभाव कें कागजपर उकेरलनि। विद्यार्थीसब उत्साहपूर्वक विभिन्न रचनात्मक गतिविधि मे भाग लेलनि। चित्रकला माध्यम सं बच्चा सभ देशक विकास, भविष्य आ अपन सपना सभ कें रचनात्मक रूप मे प्रस्तुत केलनि। कार्यक्रम मे पूर्व मंत्री डॉ. आलोक रंजन, भाजपा प्रदेश मंत्री दिवाकर सिंह, भाजपा जिलाध्यक्ष साजन शर्मा, शिक्षा विभागक डीपीओ मिथलेश कुमार, प्रधानाध्यापक अरुण कुमार, राजीव रंजन साह, भैरवानंद झा, अरविंद भगत, प्रवक्ता अभिनंदन कुशवाहा सहित विद्यालयक शिक्षक आ छात्र-छात्रा उपस्थित छलाह। उपस्थित अतिथि सभ विद्यार्थीक रचनात्मकप्रतिभाक सराहना करैत हुनका देश आ समाजक प्रति जागरूक रहबाक लेल प्रेरित केलनि। अतिथि सभ कहलनि जे बच्चासभक कल्पनाशीलता आ रचनात्मक सोच विकसित भारतक परिकल्पनाक संग जोड़ल महत्वपूर्ण माध्यम बनि सकैत अछि।

# मशाल कार्यक्रमक प्रशिक्षण सं विद्यालय मे निखरत खेल प्रतिभा : एचएम

**शिवाजीनगर, समदिया**



विद्यालय मे पढ़ाइ संग खेल गतिविधि कें बढ़ावा देबाक आ विद्यार्थीसभक खेल प्रतिभा निखारबाक उद्देश्य सं शनिदिन मशाल कार्यक्रम-2026क अंतर्गत एक दिवसीय गैर-आवासीय प्रशिक्षण आयोजितभेल। प्रशिक्षण शिवाजीनगर प्रखंडक सरस्वती विद्या निकेतन आदर्श विद्यालय मॉडल स्कूल प्लस टूउच्च विद्यालयक सभागार मे भेल। एहि मे विभिन्न मध्य विद्यालय, उत्क्रमित मध्य विद्यालय आ उच्चमाध्यमिक विद्यालयक 70 सं बेसी चयनित शिक्षक सहभागी भेलाह। प्रशिक्षणक शुभारंभ पूर्व बीआरपीसह एचएम बालमुकुंद सिंह आ प्रखंड लेखपाल दिनेश कुमार ठाकुर संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए केलनि। वीणा कुमारी आ कौशलेंद्र कुमार प्रशिक्षकक रूप मे शिक्षक सभ कें विभिन्न खेल गतिविधिक जानकारी देलनि। बीईओ रामजन्म सिंह कहलनि जे बिहार शिक्षा परियोजनाक निर्देशपर आयोजितप्रशिक्षण मे मशाल कार्यक्रमक उद्देश्य, विद्यालय स्तरपर खेल गतिविधिक संचालन आ विद्यार्थीक बेसीसं बेसी सहभागिता सुनिश्चित करबाक उपायपर चर्चा भेल। ओ कहलनि जे बच्चाक सर्वांगीण विकास मे खेलक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। नियमित खेल सं विद्यार्थीक अनुशासन, टीम भावना, सहयोग आ नेतृत्व क्षमता विकसित होइत अछि। खेलक माध्यम सं बच्चा मे नुकायल प्रतिभाक पहचान कए ओकरा आगू बढ़ेबाक अवसर सेहो भेटैत अछि। प्रशिक्षक सभ कहलनि जे विद्यालय मे खेल कें मात्र मनोरंजन धरि सीमित नहि राखबाक चाही। बच्चाक रुचि आ क्षमताक अनुसार ओकरा विभिन्न खेल गतिविधि सं जोड़बाक आवश्यकता अछि। प्रशिक्षण मे खेल मे विद्यार्थीक सहभागिता बढ़ेबा आ प्रतिभावान बच्चाक पहचान करबापर विशेष जोर देल गेल। एचएमबालमुकुंद सिंह कहलनि जे प्रशिक्षण मे भेटल जानकारी शिक्षक अपन-अपन विद्यालय मे लागू करताह।एहि सं बेसी सं बेसी बच्चा खेल गतिविधि सं जुड़त आ हुनक प्रतिभा कें आगू बढ़ेबाक अवसर भेटत।प्रशिक्षण मे राज नारायण, राज कुमार, राजन कुमार, शिवकुमार, कमलदेव पासवान, रमन कुमार, प्रकाश कुमार, निरंजन कुमार, मुकेश कुमार, विजय भारती, मनीष कुमार सहित विभिन्न विद्यालयक शिक्षकउपस्थित छलाह।

# छात्रा सभ कें बिहार पीड़ित प्रतिकर योजनाक देल गेल जानकारी

## वीमेंस कॉलेज मे विधिक जागरूकता शिविर

**समस्तीपुर, समदिया**



वीमेंस कॉलेज, समस्तीपुर (लए.ना. मिथिला विश्वविद्यालय, दरभंगा)क सभागार मे शनिदिन जिला विधिक सेवा प्राधिकार (डीएलएसए), समस्तीपुरक संयुक्त तत्वावधान मे विधिक जागरूकता कार्यक्रम आयोजित भेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता प्रभारी प्राचार्य प्रो. डॉ. राजेश कुमार रंजन केलनि। कार्यक्रमक मुख्यविषय बिहार पीड़ित प्रतिकर योजना-2014 रहल। कार्यक्रमक संयोजक डॉ. संगीता (गणित विभाग) अतिथिसभक स्वागत करैत छात्रा सभ कें अपन कानूनी अधिकारक प्रति जागरूक रहबाक संदेश देलनि। सह-संयोजक डॉ. सुनीता कुमारी (राजनीति विज्ञान विभाग) कार्यक्रमक उद्देश्यपर प्रकाश देलनि। छात्रासभ कें कर्तव्य आ अधिकारक संग न्याय व्यवस्थाक जानकारी रखबाक लेल जागरूक कएल गेल।डीएलएसए, समस्तीपुर द्वारा प्रतिनियुक्त मुख्य वक्ता पैनल अधिवक्ता नीरज कुमार त्रियार आ पीएलवीदीप्ति कुमारी छात्रा सभ कें बिहार पीड़ित प्रतिकर योजनाक प्रावधान, कानूनी सहायता प्राप्त करबाक प्रक्रिया आ पीड़ित सभ लेल उपलब्ध सरकारी सहायताक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देलनि। अध्यक्षीयसंबोधन मे प्रभारी प्राचार्य प्रो. राजेश कुमार रंजन कहलनि जे आधुनिक समाज मे महिलाक विधिक रूपसं साक्षर होनाय हुनक वास्तविक सशक्तीकरणक आधार अछि। ओ छात्रा सभ सं कानून कें स्वयं बुझबाक आ समाजक अन्य लोक कें सेहो अधिकारक प्रति जागरूक करबाक आह्वान केलनि। बर्सर डॉ. विजय कुमार गुप्ता कहलनि जे विधिक जागरूकता प्रत्येक नागरिक लेल आवश्यक अछि। मीडिया प्रभारी डॉ. सुरेश साह कहलनि जे एहि तरहक कार्यक्रम छात्रा सभ कें कानूनक व्यावहारिक जानकारी देबाक संगहुनका अधिकारक प्रति सजग आ आत्मनिर्भर बनाबय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। कार्यक्रम मे हिंदी विभागक वरिष्ठ प्राध्यापिका सोनी सलोनी सहित महाविद्यालयक विभिन्न विभागक शिक्षक-शिक्षिका आ पैघ संख्या मे छात्रा उपस्थित रहलीह। एहि अवसरपर डॉ. नेहा कुमारी जायसवाल, डॉ. मधुलिका मिश्रा, डॉ. सुमन कुमारी, डॉ. रिंकी कुमारी, डॉ. पिंकी कुमारी, डॉ. रंजन कुमार, डॉ. कविता वर्मा, डॉ. कुमारी अनु, डॉ. मृतुन्जय ठाकुर, डॉ. अपूर्वा मुले, डॉ. पर्णम शर्मा, डॉ. ऋतु सांगवान, डॉ. पूनम कुमारी, डॉ. काजल श्रीवास्तव, डॉ. सोनी सिन्हा, डॉ. संगीता कुमारी, डॉ. आभा कुमारी, डॉ. कल्पना सिंह, डॉ. ऋचा वर्मा, डॉ. स्मिता कुमारी, डॉ. रेखा कुमारी, डॉ. शबनम कुमारी, डॉ. स्वाति कुमारी, डॉ. नवेश कुमार, डॉ. कस्तूरीका कानन, डॉ. सोनल सिंह, डॉ. चंदन कुमार, डॉ. शाहनाज आरा, डॉ. श्रीविद्या सहित अन्य शिक्षक-शिक्षिका उपस्थित छलाह।

# दुर्गापूजा कें लए ग्रामीणक बैसार, शांतिपूर्ण आयोजनक लेल लेलनि संकल्प

**सहरसा, समदिया**



सत्तरकटैया प्रखंडक औकाही पंचायत अंतर्गत दोरमा गाम मे आगू होमयवला दुर्गापूजा आ मेलाक आयोजन कें लए भगवती स्थान परिसर मे ग्रामीणक बैसार भेल। बैठकक अध्यक्षता दुर्गापूजा समितिक अध्यक्ष शैलेंद्र मिश्रा केलनि। बैसार मे दोरमा भगवती स्थान पर वर्षो सं चलि रहल परंपराक अनुरूप दुर्गापूजा आ मेला कें शांतिपूर्ण, सौहार्दपूर्ण आ व्यवस्थित रूप सं संपन्न करबाक विषय पर विस्तार संविचार-विमर्श कएल गेल। ग्रामीण सभ पूजा आ मेलाक दौरान आपसी भाईचारा, सामाजिक सौहार्द आशांति बनौने रखबाक संकल्प लेलनि। बैसार मे पूजाक तैयारी, मेलाक व्यवस्था आ श्रद्धालुक सुविधा सं जुड़ल विभिन्न बिंदु पर चर्चा भेल। ग्रामीण सभ आयोजन कें सफल बनेबाक लेल हरसंभव सहयोगकरबाक बात कहलनि। संगहि मेलाक दौरान श्रद्धालु कें कोनो प्रकारक असुविधा नहि हो, एकरा लेलआवश्यक व्यवस्था करबाक विषय पर सेहो विचार कएल गेल। बैसार मे पंचायतक मुखिया अरुण यादव,पुजारी अशोक झा, पूजा समितिक अध्यक्ष शैलेंद्र मिश्रा, कोषाध्यक्ष प्रमोद पासवान, सचिव विद्यानंद चौधरी,कन्हैया झा, सुधीर ठाकुर, मुकेश झा, मदन झा, मिथिलेश झा, शरण पासवान, छौटकु पासवान, मनोरंजनचौधरी, शरद कुमार, वीरेंद्र पासवान, वीरभद्र झा, शोभाकांत झा, बाबू साहेब झा, अर्जुन झा उर्फ नुनु सहित दर्जनो ग्रामीण उपस्थित छलाह।

# डॉक्टरक अनिश्चितकालीन हड़ताल सं अस्पतालक स्वास्थ्य सेवा प्रभावित

**रोसड़ा, समस्तीपुर, समदिया**



बिहार स्वास्थ्य सेवा संघक आह्वानपर चिकित्सकसभक अनिश्चितकालीन हड़तालपर चलि गेला सं रोसड़ा अनुमंडलीय अस्पतालक नियमित स्वास्थ्य सेवा प्रभावित भेल अछि।डॉक्टरसभक कार्य बहिष्कारक कारण इलाज लेल अस्पताल पहुंचि रहल रोगी आ हुनक परिजन कंेपरेशानीक सामना करऽ पड़ि रहल अछि। बिहार स्वास्थ्य सेवा संघक बैनर तर चिकित्सक सभ सुरक्षा सहित विभिन्न मांग कें लए अनिश्चितकालीन हड़ताल शुरू केलनि अछि। संघक प्रमुख मांग मे अस्पताल आ चिकित्सा परिसर मे स्वास्थ्यकर्मीक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल कड़ा सुरक्षा कानून लागू करब शामिल अछि। एकर अतिरिक्त नियमित रूप सं वेतन भुगतान आ लंबित बकाया रकमक तत्कालभुगतानक मांग सेहो कएल गेल अछि। चिकित्सक सभ बायोमेट्रिक उपस्थिति व्यवस्था आ भोर 10 बजेसं सांझ 5 बजे धरि ड्यूटी सं संबंधित विभागीय आदेश वापस लेबाक मांग केलनि अछि। संगहि रिक्तचिकित्सकीय पदपर योग्य कर्मीक बहाली आ अस्पताल मे रोगी कें नीक स्वास्थ्य सुविधा उपलब्धकरेबाक लेल आवश्यक संसाधन मुहैया करेबाक मांग सेहो संघक दिस सं उठाओल गेल अछि।चिकित्सकसभक कहब अछि जे जखन धरि सरकार हुनक मांगपर ठोस कारबाइ नहि करैत अछि, तखनधरि आंदोलन जारी रहत। अस्पताल परिसर मे लागल पोस्टर आ संघक बयान सं सेहो हड़तालक संबंध मे चिकित्सकसभक रुख स्पष्ट भए रहल अछि। ओम्हर, डॉक्टरसभक हड़तालपर रहला सं दूर-दराजक क्षेत्र सं रोसड़ा अनुमंडलीय अस्पताल पहुंचल रोगी सभ कें बेसी परेशानी भए रहल अछि। कतेको रोगी कें इलाज लेल वैकल्पिक व्यवस्था ताकऽ पड़ि रहल अछि। हड़ताल कतेक समय धरि चलत, ई सरकार आ संघकबीच होमयवाला बातचीत तथा मांगपर होमयवाला कार्रवाईपर निर्भर करत।

# कार्यकारी प्रदेश अध्यक्ष बनला पर शिक्षक नेता दिलीप शाहीक अभिनंदन

**सीतामढ़ी, समदिया**




बिहार अराजपत्रित प्रारंभिक शिक्षक संघक कार्यकारी प्रदेश अध्यक्ष बनाओल गेलापर जिला सचिव दिलीप कुमार शाहीक अभिनंदन समारोह शनिदिन डुमरा स्थित महंथ पैलेश मे आयोजित भेल। कार्यक्रमकअध्यक्षता जिलाध्यक्ष विनोद बिहारी मंडल केलनि, जखन कि संचालन संयुक्त सचिव संजय कुमार कर्णकेलनि। जिलाक विभिन्न प्रखंड सं पैघ संख्या मे शिक्षक समारोह मे शामिल भेलाह आ फूल-माला पहिराकए श्री शाहीक स्वागत केलनि। अपन संबोधन मे दिलीप कुमार शाही कहलनि जे ई सम्मान सीतामढ़ीकप्रत्येक शिक्षकक सम्मान अछि। ओ शिक्षक हित, शिक्षाक गुणवत्ता आ संगठनक मजबूती लेल निरंतर संघर्ष करबाक बात कहलनि। भूतलक्षी प्रभाव सं प्रोन्नति, नियोजित शिक्षक कें पूर्ण राज्यकर्मी दर्जा, सेवाक निरंतरता, स्थानांतरण नीति मे सुधार, वेतन विसंगति दूर करब, पुरान पेंशन योजना लागू करब आ शिक्षक कें गैर-शैक्षणिक कार्य सं मुक्त करेनाय हुनक प्रमुख प्राथमिकता बताओल गेल। जिलाध्यक्ष विनोद बिहारीमंडल कहलनि जे श्री शाहीक प्रदेश स्तरपर दायित्व संभालब सीतामढ़ी लेल गौरवक बात अछि। पूर्व जिलाध्यक्ष हरदेव बैठा, संजय कुमार कर्ण, द्विजेंद्र कुमार, अरुण कुमार सहित अन्य वक्ता हुनक संघर्ष, नेतृत्व क्षमता आ शिक्षक हितक प्रति समर्पणक सराहना केलनि। समारोह मे जिलाक विभिन्न प्रखंड संसैकड़ो शिक्षक आ संघक पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# सर्व सेवा संघक बैसार मे आठ प्रस्ताव पारित

**सीतामढ़ी, समदिया**



**» भूदान भूमि शीघ्र वितरण, नशाबंदी आ खादी संस्थाक संकट पर जताओल गेल चिंता**

सर्व सेवा संघ (अखिल भारत सर्वोदय मंडल)क राष्ट्रीय कार्यकारिणी समितिक दू दिवसीय बैसार शनिदिन सीतामढ़ी मे शुरू भेल। सर्व सेवा संघ आश्रम प्रतिष्ठानक अध्यक्ष आबा कांबलेक अध्यक्षता मे आयोजित बैसार मे विभिन्न राज्यक वरिष्ठ सर्वोदय कार्यकर्ता आ सर्वोदय मंडलक अध्यक्ष सहभागी भेलाह। बैसार मेसर्वसम्मति सं आठटा प्रस्ताव पारित कएल गेल। एहि मे बिहार, झारखंड सहित देशक विभिन्न राज्य मेलंबित भूदान भूमिक शीघ्र वितरण आ भ्रष्टाचारक शिकायतक समाधानक मांग कएल गेल। महाराष्ट्रग्रामदान अधिनियम समाप्त करबाक योजनापर पुनर्विचार करबाक आ आवश्यक संशोधन लेल संबंधितपक्ष सं विमर्श करबाक आग्रह कएल गेल। कार्यसमितिने महिला आ बच्चीसभक विरुद्ध हिंसक घटनाक निंदा करैत दोषीपर कड़ा कारबाइक मांग केलक। ओडिशा मे नशामुक्ति आंदोलनक प्रति एकजुटता व्यक्तकएल गेल। महाराष्ट्रक गोंदिया मे वन कटाइपर रोक लगाबय आ आंदोलनकारीसभपर दर्ज मुकदमाकसमीक्षा करबाक मांग सेहो उठाओल गेल। बैसार मे बिहारक प्रस्तावित सैटेलाइट सिटी परियोजना कें लए किसानसभक आंदोलनक समर्थन करैत सरकार सं योजनापर पुनर्विचार करबाक अपील कएल गेल। संगहिखादी संस्थाक ऋण माफ करैत गिरवी राखल संपत्ति कें मुक्त करबाक मांग उठाओल गेल। मतदाता सूची आ चुनाव प्रक्रिया सं संबंधित मीडिया रिपोर्टपर कार्यसमितिने चिंता व्यक्त करैत राष्ट्रपति सं मामिलाकसंज्ञान लेबाक अपील केलक। बैसार मे विभिन्न प्रस्तावपर सर्वोदय कार्यकर्ता सभ अपन विचार रखलनि।

**पुरान वेतनमान, कालबद्ध प्रोन्नति, स्नातक ग्रेड मे प्रोन्नति आ पुरान पेंशन लागू करबाक मांग**

# शिक्षकक लंबित मांग कें लए संघ डीएम आ डीईओ कें सौंपलक मांग-पत्र

**समस्तीपुर, समदिया**



बिहार पंचायत-नगर प्रारंभिक शिक्षक संघ (मूल)क प्रदेश नेतृत्वक आह्वानपर शनिदिन जिला इकाईसमस्तीपुरक प्रतिनिधिमंडल शिक्षकसभक विभिन्न लंबित मांग कें लए जिला पदाधिकारी आ जिला शिक्षापदाधिकारी कें मांग-पत्र सौंपलक। संगठन मांग-पत्रक माध्यम सं राज्यक प्रारंभिक शिक्षकसभक सेवा आ सामाजिक-आर्थिक सुरक्षा सं जुड़ल समस्या सभक शीघ्र समाधानक मांग केलक। संगठनक कहब अछि जेनियोजित शिक्षक सभ लंबा समय सं अपन न्यायोचित मांगक समाधानक प्रतीक्षा करैत छथि। सरकार कंेएहि दिशा मे सकारात्मक पहल करबाक आवश्यकता अछि। संघक प्रमुख मांग मे नियोजित शिक्षक सभकें पुरान अथवा पूर्ण वेतनमान देब, कालबद्ध प्रोन्नति सुनिश्चित करब, योग्य शिक्षक कें स्नातक ग्रेड मेप्रोन्नति देब आ प्रधानाध्यापक पदपर पदस्थापन करब शामिल अछि। एकर अतिरिक्त सेवाक दौरान शिक्षकक मृत्यु भेलापर आश्रित कें अनुकंपा नियुक्ति आ 25 लाखक आर्थिक सहायता देबाक मांग कएलगेल अछि। शिक्षकसभक सेवानिवृत्तिक आयु 65 बरख करब आ पुरान पेंशन योजना लागू करबाक मांगसेहो उठाओल गेल। संघक जिलाध्यक्ष, समस्तीपुर-सह-प्रदेश सचिव बिहार कुमार रजनीश कहलनि जेशिक्षकसभक लंबित मांगक समाधान शिक्षा व्यवस्था कें बेसी सुदृढ़ बनेबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम होयत। ओ जिला पदाधिकारी आ जिला शिक्षा पदाधिकारी सं मांग-पत्र मे शामिल विषय कें सरकारकसक्षम स्तर धरि पठा आवश्यक कारबाइ करबाक आग्रह केलनि। संघक रामबालक राय, उमेश चौधरी, शशिवाला कुमारी, मदन पासवान सहित अन्य प्रतिनिधि कहलनि जे शिक्षकसभक समस्या आ मांग कें लए संगठन लोकतांत्रिक आ संवैधानिक तरीका सं अपन आवाज आगू सेहो उठबैत रहत।

# निपुण पथक अंतर्गत पढ़नाय, लिखनाय आ गणनाक लेल अभिभावक-शिक्षक संगोष्ठी

**शिवाजीनगर, समदिया**



शिवाजीनगर प्रखंडक सभ 125 प्रारंभिक विद्यालय मे शनिदिन एचएमक नेतृत्व मे अभिभावक-शिक्षकसंगोष्ठीक आयोजन कएल गेल। एहि बेर संगोष्ठीक थीम निपुण पथ : पढ़नाय, लिखनाय आ गणना राखलगेल। शिक्षा विभागक वार्षिक कैलेंडरक अंतर्गत आयोजित कार्यक्रमक उद्देश्य विद्यालय आ अभिभावककबीच नीक समन्वय स्थापित करैत बच्चाक समग्र शिक्षा, नियमित उपस्थिति आ सर्वांगीण विकास लेलसाझा जिम्मेदारी कें मजबूत करनाय छल। संगोष्ठी मे बच्चा कें समान अवसर देनाय, खेल-खेल मे पढ़नाय, पढ़ाइक संग खेल कें बढ़ावा देनाय तथा हुनकर व्यक्तिगत क्षमता आ रुचिक पहचान करबाक परविशेष जोर देल गेल। शिक्षक अभिभावक कें बतौलनि जे प्रत्येक बच्चाक सीखबाक गति, रुचि आ क्षमता अलग होइत अछि। एहि लेल हुनकर क्षमता बुझैत अनुकूल वातावरण उपलब्ध करौनाय जरूरी अछि। संगोष्ठीक दौरान अर्द्धवार्षिक मूल्यांकनक उत्तरपुस्तिका अभिभावक कें देखाओल गेल। शिक्षक बच्चाकशैक्षणिक प्रगतिक जानकारी देलनि आ कमजोर प्रदर्शन कएनिहार बच्चाक लेल विशेष ध्यान आ आवश्यककार्ययोजना पर चर्चा केलनि। बच्चाक नियमित विद्यालय उपस्थिति सुनिश्चित करबाक संगहि घर परपढ़ाइक लेल शांत आ सकारात्मक वातावरण देबाक अपील कएल गेल। शिक्षक कहलनि जे बच्चाक शिक्षासंग स्वास्थ्य आ पोषण पर सेहो परिवार कें ध्यान देबाक चाही। विद्यालय जाय सं पहिने बच्चा कंेपौष्टिक नाश्ता कराबय सं ओकर सक्रियता आ सीखबाक क्षमता नीक होइत अछि। संगोष्ठी मे स्वच्छता, पोषण, अनुशासन, व्यवहार, सहयोगक भावना आ बच्चाक सीखबाक क्षमता सं जुड़ल विभिन्न पहलू पर सेहो चर्चा भेल। अभिभावक कें बच्चाक कॉपी नियमित देखबाक, पढ़ाइम रुझान लेबाक, शिक्षकक संपर्क मे रहबाक आ बच्चाक छोट-छोट उपलब्धिक प्रोत्साहित करबाक सलाह देल गेल। शिक्षक कहलनि जे प्रत्येकबच्चाक जरूरत अलग होइत अछि, ताहि लेल अनावश्यक दबाव देबाक बदला ओकर रुचि बुझि आगूबढ़ेबाक लेल प्रेरित करनाय जरूरी अछि। संगोष्ठी मे एचएम बालमुकुंद सिंह, मोहम्मद अब्दुल्लाह, बिहारी दास, देवानंद कामत, अरुण पासवान, दिलीप ठाकुर, रामनाथ पंडित, मृत्युंजय राय, नीलू कुमारी, संतोष कुमार,संजीत कुमार, जहांआर प्रवीण, सरिता कुमारी सहित विभिन्न विद्यालयक एचएम, शिक्षक आ अभिभावक उपस्थित छलाह।

# 28 सितंबर कें रांची मे चुनाव आयोगक घेराव करत कांग्रेस

## वोटर लिस्ट मे गड़बड़ी पर आर-पारक लड़ाइ

रांची,समदिया

निर्वाचन आयोगक कार्यप्रणाली आ मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआईआर) मे भारी गड़बड़ीक आरोप लगबैत कांग्रेस पूरा देश मे पैघ राष्ट्रव्यापी आंदोलन शुरू करए जा रहल अछि। एहि क्रम मे झारखंड मे सेहो कांग्रेस दू दिवसीय आक्रामक आंदोलनक बिगुल फूकि देने अछि। 27 सितंबर के राज्यक सभ जिला मुख्यालय मे कांग्रेस प्रेस कॉन्फ्रेंस (संवाददातासम्मेलन) करत, जखनकि 28 सितंबर के पूरा प्रदेश मे जोरदार प्रदर्शन कएल जाएत। रांची मेकांग्रेस कार्यकर्ता मुख्य निर्वाचन अधिकारी (सीईओ) सह निर्वाचन आयोगक कार्यालयक घेराव कए अपन मांग रखताह।प्रदेश कांग्रेसक मीडिया प्रभारी राकेश सिन्हा प्रेस वार्ता मे कहलनि जे मुद्दा




मात्र वोटर लिस्टक संशोधनक नहि, बल्कि प्रत्येक पात्र नागरिकक वोट देबाक संवैधानिक अधिकार आ लोकतंत्रक रक्षा करबाक अछि। झारखंड मे एसआईआरक ड्राफ्ट सूची आएलाक बाद पैघ संख्या मे वैधानिक मतदाता सभक नाम गायब भेटल अछि। हालांकि, दावा-आपत्ति दर्ज करबाक तिथि बढ़ा कए 30 सितंबर कए देल गेल अछि, मुदा कांग्रेस सवाल उठौलक जे एतेक कम समय मे की प्रत्येक आम नागरिकके अपन नाम जांचबाक आ आपत्ति दर्ज करबाक पर्याप्त आ निष्पक्ष मौका भेटि रहल अछि?राकेश सिन्हा मीडिया रिपोर्टक हवाला दैत मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार सं तुरंत इस्तीफाक मांग कएलनि। ओ दावा कएलनि जे आयोगक आंतरिक निर्णय प्रक्रिया पर गंभीर सवाल उठल अछि। निर्वाचन आयुक्त एसएस संधू आ विवेक जोशी पछिला 10 महीना मेएसआईआर सहित विभिन्न फैसला पर कम सं कम 14 बेर अपन लिखित आपत्ति जता चुकल छलाह। आयोग सेहो एहि आपत्ति सभके खारिज नहि केने अछि। कांग्रेसक कहब अछि जे निर्वाचन आयोग कोनो सत्ताधारी दलक सुविधा अनुसार नहि, बल्कि संविधानक भावना के अनुरूप काज करए। रणनीतिक जानकारी दैत मीडिया प्रभारी बतौलनि जे 27 सितंबर के झारखंडक सभ जिला मेकांग्रेसक जिलास्तरीय प्रेस कॉन्फ्रेंस होयत, जतए एसआईआर आ चुनाव आयोगक भूमिकापरजनता के सोझां सवाल राखल जाएत। ओतहि, 28 सितंबर के पूरा राज्यक सभ जिला मुख्यालयमे धरना-प्रदर्शन होयत आ राजधानी रांची मे कांग्रेस कार्यकर्ता निर्वाचन आयोगक कार्यालयक घेराव करताह।

# श्रीतुलसी मानस मंदिर मे खसल प्रवचन पंडाल, महायज्ञक तैयारी प्रभावित

मेदिनीनगर (पलामू),समदिया



जिला मे पछिला चारि दिन सं भए रहल बरखा के बीच तेज हवा परेशानीबढ़ा देने अछि। जिला मुख्यालय मेदिनीनगरक सुदना मे बरखा आ तेज हवा के कारण श्रीतुलसी मानस मंदिर परिसर मे निर्माणाधीन प्रवचन पंडालक ढांचा पूरा तरहे खसि पड़ल। पंडाल खसलासं श्रीरामचरित मानस नवाह परायण महायज्ञक आयोजक आ टेंट संचालकक चिंता बढ़ि गेलअछि।श्रीतुलसी मानस मंदिर परिसर मे श्रीरामचरित मानस नवाह परायण महायज्ञक 44म अधिवेशन सह दुर्गा पूजा महोत्सव आयोजित कएल जा रहल अछि। आयोजन समिति दिस सं महायज्ञक तैयारी शुरू कए देल गेल अछि। एहि क्रम मे परिसर मे आकर्षक प्रवचन पंडाल बनाओल जारहल छल। टेंट संचालक बांसक उपयोग कए पंडालक ढांचा तैयार केने छलाह। बताओल जाइत अछि जे लगातार बरखा के बीच तेज हवा के झोंका सं प्रवचन पंडाल लेल ठाढ़ कएल गेल बांसक ढांचा जमीन पर खसि पड़ल। मौसिमक बदलल तेवर सं आयोजक आ टेंट संचालकक परेशानी बढ़ि गेल अछि। आब निर्धारित समय धरि पंडालक निर्माण पूरा करबाक संग आन तैयारी पूरा करब चुनौती बनि गेल अछि।आयोजन समितिक संरक्षक जय प्रकाश सिंह आ अध्यक्ष अरुण चंद सिंह उर्फ विभु सिंह बतौलनि जे महायज्ञ लए 10 अक्टूबरक भोर कलश यात्रा निकालल जाएत। एहि दिन सांझ हनुमत पूजा के बाद 12 घंटाक अखंड हरिनाम संकीर्तन शुरू होयत। 11 अक्टूबर के कलश स्थापना के संगपूजा-अनुष्ठान, श्रीरामचरित मानस पाठ आ बाहर सं आएल विद्वान कथा वाचक सभक सारगर्भित प्रवचन शुरू होयत। 19 अक्टूबर धरि प्रतिदिन मानस पाठ आ प्रभु श्रीरामक पावन कथा होयत। महायज्ञ सफल बनेबाक लेल आयोजन समितिक लोक सक्रिय छथि।एहि दिस, मौसिमक बदलल मिजाज सं जिला के दुर्गा पूजा आयोजन समितिक चिंता सेहो बढ़ि गेल अछि। शहरी आ ग्रामीण क्षेत्र मे सैकड़ो स्थान पर दुर्गा पूजा महोत्सवक आयोजनक तैयारी चलि रहल अछि। पूजा समितिक लोक मौसिमक बदलल तेवर देखैत सतर्कता बरैत छथि। हालांकि, जं मौसिमक स्थिति एही तरहे बनल रहल तं दुर्गा पूजा महोत्सवक दौरान आयोजक सभक संग आम श्रद्धालु सभके सेहो परेशानीक सामना करए पड़ि सकैत अछि।

# नामकुम-रातू, कांके सहित 100 सीएचसी होयत अपग्रेड, 600 चिकित्सकक आवश्यकता

## सभ जिलाक सीएस सं मांगल गेल प्रस्ताव

रांची,समदिया

राज्य मे स्वास्थ्य सेवा के मजबूत बनेबाक लेल 100 सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र (सीएचसी) के अपग्रेड करबाक निर्णय लेल गेल अछि। स्वास्थ्य विभागक अपर मुख्य सचिव अजय कुमारसिंह एहि संबंध मे सभ जिलाक सिविल सर्जन सभ सं 10 दिनक भीतर प्रस्ताव मांगलनि अछि।अपर मुख्य सचिव सिविल सर्जन सभक संग वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक दौरान सदर अस्पताल आसामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र मे वर्तमान मे सृजित पद आ आवश्यक पदक आकलन करैत पदसभक पुनर्गठनक प्रस्ताव देबाक निर्देश देलनि। बैठक मे रांची जिला मे बुंडू, नामकुम, सिल्ली, रातू, कांके आ मांडर सन सीएचसी के अपग्रेड करबाक निर्णय लेल गेल। अपर मुख्य सचिव कहलनि जे प्रत्येक विधानसभा क्षेत्र मे एकटा सीएचसी के चयन कए ओकरा अपग्रेड करबाक योजना पर काज कएल जाए। एहि लेल चयनित अस्पताल सभ मे आवश्यक मानव संसाधन, चिकित्सक, पैरामेडिकल स्टाफ आ आन पद सभक जरूरतक आकलन कएल जाए।ओ निर्देश देलनि जे जाहि स्थान पर अस्पतालक नव भवन बनि कए तैयार भए चुकल अछि,ओतए आवश्यकतानुसार नव पद सृजित कएल जाए आ अनुपयोगी अथवा पुरान पद सभके सरेंडर करैत ओकर उपयोग नव पदक सृजन मे कएल जाए। सभ सिविल सर्जन सभके अनुपयोगी पद सभके प्रत्यर्पित करैत आवश्यक नव पदक सृजनक प्रस्ताव 10 दिनक भीतर उपलब्ध करएबाक निर्देश देल गेल। बैठक मे बताओल गेल जे 100 सीएचसी के अपग्रेड करबाक लेल करीब 600 चिकित्सकक जरूरत होयत।चिकित्सक सभक उपलब्धता आ नियुक्तिक प्रक्रिया के लए सेहो सिविल सर्जन सभके आवश्यकविचार-विमर्श करबाक निर्देश देल गेल। बैठक मे 30 आ 50 बेड बला प्रस्तावित एमसीएच केंद्रकसंग-संग 100 बेड बला जिला अस्पताल सभक लेल सेहो चिकित्सक आ पैरामेडिकल स्टाफक पदसभक पुनर्गठन करबाक निर्देश देल गेल। बैठक मे विभागक विशेष सचिव डॉ. नेहा अरोड़ा, निदेशक प्रमुख, स्वास्थ्य सेवा डॉ. सिद्धार्थसान्याल, संयुक्त सचिव ललित मोहन शुक्ला, सीमा कुमारी उदयपुरीआ आन पदाधिकारी सेहोउपस्थितछलाह।बैठक मे किछु स्वास्थ्य केंद्र के ट्रामा सेंटरक रूप मे सेहो अपग्रेड करबाक लेल प्रस्ताव देबाक निर्देश देल गेल। खास कए तोपचांची, बरही, निरसा, हंसडीहा, बुंडू आ चैनपुर स्थित सीएचसी के ट्रामा सेंटरक रूप मे अपग्रेड करबाक प्रस्ताव पर विचार कएल गेल।

# झारखंड : हाइकोर्ट पारा शिक्षक सभ कें हटेबाक आदेश कएलक रद्द

## अप्रैल 2025 सं बकाया मानदेय देबाक निर्देश

रांची,समदिया

झारखंड हाइकोर्ट पूर्वी सिंहभूमक डीएसई दिस सं पारा शिक्षक सभके नौकरी सं हटेबाक आ मानदेय नहि देबाक आदेश रद्द कए देने अछि। डीएसई संबंधित आदेश शैक्षणिक प्रमाणपत्र सहीनहि होएबाक हवाला दैत देने छलाह। एहि सं पहिने हाइकोर्टक न्यायमूर्ति दीपक रोशनक अदालतमे मामिलाक सुनवाइ भेल। पारा शिक्षक सभ मानदेय रोकबाक आ काज सं हटेबाक आदेश केचुनौती दैत याचिका दायर केने छलाह। अदालत आदेश देलक जे याचिकाकर्ता सभके अप्रैल2025 सं बकाया मानदेयक भुगतान कएल जाए। याचिकाकर्ता मेरी मुर्मू आ आन




लोकनिक दिस सं याचिका दायर कए डीएसईक आदेश के चुनौती देल गेल छल। पहिने सुनवाइ पूरा भेलाक बाद अदालत अपन फैसला सुरक्षित राखि लेने छल। मामिला मे सुनवाइक दौरान याचिकाकर्ताक दिस सं अधिवक्ता राजेश कुमार पक्ष रखलनि।इंटर प्रयाग महिला विद्यापीठ इलाहाबाद, हिंदी महिला विद्यापीठ इलाहाबाद, हिंदी विद्यापीठ देवघर आदि संस्थान सभ सं मैट्रिक आ इंटरमीडिएटक प्रमाणपत्र रखनिहार पारा शिक्षक सभ(कक्षा 1 सं 5 आ कक्षा 6 सं 8) पर कारबाइ कएल गेल छल। हुनका सभक शैक्षणिक प्रमाणपत्र सही नहि बतबैत काज सं हटेबाक आ मानदेय रोकबाक लेल झारखंड शिक्षा परियोजना परिषद 7नवंबर 2025 के पत्र जारी केने छल। एहि पत्रक आलोक मे पूर्वी सिंहभूमक डीएसई पारा शिक्षक सभके काज सं हटेबाक आ मानदेय रोकबाक आदेश देने छलाह।

# सुरक्षा, एसीपी आ नियमित नियुक्ति पर बनत एक्शन प्लान

## झारखंडक डॉक्टर सभक आइ रांची मे पैघ बैठक

धनबाद,समदिया

झारखंडक चिकित्सा समुदायक वर्तमान चुनौती आ बहुत दिन सं लंबित मांग सभके लए रवि, 27 सितंबर कें राज्यस्तरीय संयुक्त बैठक होयत। टीम आईएमए झारखंड दिस सं आयोजितबैठक भोर 11.30 बजे रांची स्थित आईएमए हॉल मे होयत। एहि मे राज्यक विभिन्न जिला संचिकित्सक प्रतिनिधि सभक संग-अलग चिकित्सा संगठन सभक पदाधिकारी आ प्रतिनिधिशामिल होयताह। बैठक मे समस्या सभ पर सामूहिक चर्चा के बाद आगूक प्राथमिकता आ साझाकार्ययोजना तय करबाक प्रयास कएल जाएत। बैठक मे आईएमए, झासा, आईएमए एचबीआई, एएचपीआई, जेडीएन, जेडीए, आईएमए वीमेंस विंग आ एमएसएन सहित आन संगठन सभक प्रतिनिधि शामिल




होयताह। सरकारी आ निजी क्षेत्रक चिकित्सक, जूनियर डॉक्टर, मेडिकल छात्र, महिला चिकित्सक आ निजी अस्पताल तथानर्सिंग होम सं जुड़ल प्रतिनिधि सभक भागीदारी सेहो प्रस्तावित अछि।बैठक मे चिकित्सक सभक सुरक्षा, प्रशासनिक आ व्यावसायिक चुनौती, सरकारी आ निजी क्षेत्रकचिकित्सक सभक समस्या तथा लंबित मांग पर चर्चा होयत। जूनियर डॉक्टर आ मेडिकल छात्र सभस जुड़ल मुद्दा, महिला चिकित्सक सभक कार्यस्थल संबंधी विषय आ जिला स्तर पर सोझां आबए बला व्यावहारिक समस्या सेहो चर्चाक केंद्र मे रहत। निजी अस्पताल आ नर्सिंग होम सं जुड़ल चुनौती सभक संग राज्यक स्वास्थ्य व्यवस्था के मजबूत बनाबय मे चिकित्सा समुदाय के भूमिका पर सेहो विचार-विमर्श कएल जाएत। विभिन्न जिला आ संगठन सभ सं भेटल सुझावक आधार पर प्राथमिकता तय करबाक तथा लंबित मामिला सभक समाधान लेल सरकार आ संबंधित संस्था सभक संग आगू संवादक दिशा निर्धारित करबाक विषय पर सेहो चर्चा होयत।आईएमए झारखंडक अध्यक्ष डॉ. एके सिंहक अनुसार, बैठक मे चिकित्सक सभक सुरक्षा, प्रशासनिक आ व्यावसायिक चुनौती तथा सरकारी आ निजी क्षेत्रक चिकित्सक सभक समस्या के प्रमुखता सं राखल जाएत। हुनकर अनुसार, जूनियर डॉक्टर, मेडिकल छात्र, महिला चिकित्सक आजिला सभस जुड़ल मुद्दा पर सेहो प्रतिनिधि सभ सं सुझाव लेल जाएत। बैठकक माध्यम संअलग-अलग संगठन आ जिला सभक समस्या के एक साझा मंच पर आनि आगूक कार्ययोजना तैयार करबाक प्रयास होयत।हालक दिन मे झासा दिस सं सेहो चिकित्सक सभक सेवा शर्त, डायनेमिक एसीपी, नियमितनियुक्ति सहित विभिन्न मांग कें लए अलग सं आंदोलनक घोषणा कएल गेल अछि। एहनस्थिति मे 27 सितंबरक संयुक्त बैठक मे चिकित्सक सभस जुड़ल व्यापक मुद्दा पर होमय बलाचर्चा महत्वपूर्ण होयत।

# आम लोकनिक डाटा सुरक्षा होयत सख्त, झारखंडक प्रत्येक विभाग मे तैनात होयत डीपीओ

रांची,समदिया

सरकारी योजना सभक लेल आम लोक द्वारा साझा कएल गेल निजी जानकारीक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल राज्यक विभाग सभ मे डाटा प्रोटेक्शन ऑफिसर (डीपीओ) नियुक्त कएल जाएत। आम लोकनिक जानकारी सुरक्षित रखबाक लेल विभागीय स्तर पर जिम्मेदारी तय कएल गेल अछि। एहि लेल केंद्र सरकार डिजिटल पर्सनल डाटा प्रोटेक्शन एक्ट, 2023 आ डिजिटलपर्सनल डाटा प्रोटेक्शन रूल्स, 2025 बनौने अछि। सरकारी अधिकारी सभके डाटा सुरक्षाक लेल तकनीकी रूप सं सक्षम बनेबाक लेल सूचना प्रौद्योगिकी विभाग दिस सं शुक्रदिन एकटा कार्यशालाक आयोजन कएल गेल।भारत सरकारक इलेक्ट्रॉनिक्स आ सूचना प्रौद्योगिकी मंत्रालयक संस्था सी-डैकक सहयोग सं आयोजित एहि कार्यशाला मे आईटी निदेशक माधवी मिश्रा कहलनि जे एहि अधिनियमक मूल उद्देश्य नागरिक सभक व्यक्तिगत डाटाक सुरक्षा सुनिश्चित करब अछि। ओ




कहलनि जे लोक सरकार पर भरोसा कए अपन डाटा साझा करैत छथि। एहि विश्वासक रक्षा करब हमर सभक सर्वोच्च जिम्मेदारी अछि। ओ स्पष्ट कएलनि जे डिजिटल गवर्नेंसक दिशा मे प्रगति संग नव चुनौती सभ सेहो उभरि रहल अछि, जाहि सभक प्रभावी ढंग सं सामना करबआवश्यक अछि।कार्यशाला मे सी-डैकक एग्जीक्यूटिव डायरेक्टर मृण्मय दास तथा हैदराबाद सं आएल एग्जीक्यूटिव डायरेक्टर डॉ. चास मूर्ति डाटा पॉलिसी आ प्राइवेसी गवर्नेंसक अलग-अलग पक्षक जानकारी देलनि। विशेषज्ञ वक्ता सभ कहलनि जे डिजिटल प्लेटफॉर्मक बढ़ैत उपयोगक संग डाटासुरक्षाक जिम्मेदारी सेहो बढ़ल अछि। साइबर विशेषज्ञ सभ कार्यशाला मे साइबर खतरा आ डाटा लीकक चुनौती सभके उदाहरणक संग बतौलनि। कार्यशाला मे अधिकारी सभके साइबर सुरक्षा उपाय मजबूत करबाक आ डाटा गोपनीयता बनौने रखबाक उपाय सभक जानकारी देल गेल। वक्ता सभ कहलनि जे डिजिटल इंडिया के विस्तारक संग डाटा सुरक्षा कानूनक प्रभावी उपयोग आवश्यक अछि। विभाग सभके पारदर्शिता, जवाबदेही आ सुरक्षाक उच्च मानक अपनाबए पड़त।कार्यक्रम मे विभिन्न विभागक वरिष्ठ अधिकारी, आईटी विशेषज्ञ आ प्रशासनिक पदाधिकारी शामिल भेलाह।

# देवघरक तीन स्टेशनक रस्ता होयत जाममुक्त, बैद्यनाथधाम स्टेशनक जीर्णोद्धार पर फोकस

देवघर,समदिया

बाबा नगरी आबय बला श्रद्धालु आ रेल यात्री सभक लेल पैघ पहल करबाक तैयारी अछि। जसीडीह, देवघर आ बैद्यनाथधाम रेलवे स्टेशनक विकास, विस्तार, सुरक्षा आ यात्री सुविधाके लए शनि दिन डीसी सौरभ कुमार भुवानियाक अध्यक्षता मे महत्वपूर्ण समीक्षा बैठकभेल। बैठक मे तीनू स्टेशन सं जुड़ल प्रस्तावित काजक बिंदुवार समीक्षा करैत अधिकारी सभके आवश्यक दिशा-निर्देश देल गेल। बैठक मे बैद्यनाथधाम स्टेशनक जीर्णोद्धार आ विस्तार के लए विस्तार सं चर्चा भेल। जसीडीह स्टेशन पर उच्चस्तरीय यात्री सुविधा विकसित करबाक तथा रोहिणी स्टेशनक शुभारंभ कार्यक्रमकतैयारीक सेहो समीक्षा कएल गेल। उपायुक्त कहलनि जे बाबा नगरी पहुंचनिहार श्रद्धालु आस्थानीय यात्री सभके नीक, आधुनिक आ सुविधाजनक व्यवस्था उपलब्ध कराएब प्रशासनकप्राथमिकता अछि।स्टेशन सभक आसपास लगैत जाम आ अवैध अतिक्रमण के लए प्रशासन सख्त रुख अपनौने अछि। उपायुक्त स्टेशनक पहुंच मार्ग सभके पूरा तरहे अतिक्रमणमुक्त करएबाक निर्देश देलनि। संगहि, यात्री सभक सुरक्षा लेल स्टेशन परिसर आ संवेदनशील स्थल सभ पर पुलिस गश्त मजबूत करबाक निर्देश देलनि। ट्रैफिक डीएसपी के स्टेशनक बाहर पार्किंग व्यवस्था दुरुस्त करबाक तथा ऑटो, ई-रिक्शा आआन वाहन सभक आवागमन व्यवस्थित करबाक निर्देश देल गेल। उद्देश्य अछि जे स्टेशन आबय-जाइत यात्री सभके जाम आ अव्यवस्थित यातायात सं परेशानी नहि हो। बैठक मे वन प्रमंडल पदाधिकारी अभिषेक भूषण, जसीडीह स्टेशन मास्टर शंकर शैलेश, देवघरस्टेशन मास्टर दिनकर कुमार झा, बैद्यनाथधाम स्टेशन मास्टर माधव चंद्र झा, सहायक जनसंपर्क पदाधिकारी रोहित कुमार विद्यार्थी सहित संबंधित अधिकारी उपस्थित छलाह।

# स्कूल छोड़ि चुकल बच्चा सभ कें फेर पढ़ाइ सं जोड़बाक लेल चलाओल जा रहल घर-घर सर्वे बेपटरी

रांची,समदिया

## झारखंडक 14 जिलाक 1322 स्कूल मे सर्वे अधूरा

झारखंड मे स्कूल छोड़ि चुकल बच्चा सभ कें फेर पढ़ाइ सं जोड़बाक लेल चलाओल जा रहल घर-घर सर्वे पटरी सं उतरि गेल अछि। राज्य सरकारक समीक्षा रिपोर्टक अनुसार 14जिलाक 1322 स्कूल सर्वे मे पिछड़ि गेल। स्थिति ई अछि जे 870 स्कूल मे सर्वे शुरूए नहिभेल, जखनकि 452 स्कूल मे एकरा अधूरा छोड़ि देल गेल।आब राज्य परियोजना निदेशक शशि रंजन एहि मामिला कें गंभीरता सं लेलनि अछि। एहि जिलासभक 2470 शिक्षक आ 56 अधिकारी कें कारण बताउ नोटिस देल गेल अछि। एहि अधिकारी सभ मे 14 जिलाक जिला शिक्षा अधीक्षक, एसीपी, आउट ऑफ स्कूल प्रभाग प्रभारी आ एसएमसी प्रभाग प्रभारी शामिल छथि। एहि तरहें कुल 2526 अधिकारी आ शिक्षक सभ सं जवाबमांगल गेल अछि। 28 सितंबर धरि स्पष्टीकरण नहि देनिहार अधिकारी सभक वेतन अगिला आदेश धरि रोकबाक निर्देश देल गेल अछि। राज्य मे कुल 2470 शिक्षक सर्वे पूरा नहि क; सकलाह। एहि मे 1930 शिक्षक सर्वे शुरूए नहि कयलनि, जखनकि 540 शिक्षक एकरा अधूरा छोड़ि देलनि। एहि मे सबसें बेसी 1027 शिक्षक दुमकाक छथि। ओतहि पलामूक 722 आ पाकुड़क 278 शिक्षक सर्वे पूरा नहि क सकलाह। राज्य कार्यालय एहि सं पहिने 27 अगस्त कें सर्वेक धीमा गति पर जिला सभ सं स्पष्टीकरण मंगने छल। मुदा रांची छोड़ि कोनो जिला शिक्षा अधीक्षक जवाब नहि देलनि। एहि के बाद फेर सं जिम्मेदारी तय करैत 28 सितंबर धरि जवाब देबाक निर्देश देल गेल अछि। जवाब नहि देला परसंबंधित अधिकारी सभ पर कारबाइ करबाक चेतावनी देल गेल अछि। एहि बच्चा सभ कें फेर स्कूल मे नामांकन करयबाक जिम्मेदारी एसएमसी आ पीटीएम पर छल। मुदा एहि सभक बैठक मे ड्रॉप बॉक्स मे दर्ज स्कूल छोड़ि चुकल बच्चा आ पहिनहि चिह्नित स्कूल सं बाहर बच्चा सभक सूची पर चर्चा तक नहि भेल। हालांकि, बैठक नियमित रूप सं भेल। अभिभावक सभ सं संपर्क कए बच्चा सभ कें फेर नामांकित करयबाक पहल सेहो नहि कएल गेल।

# तेसर वेतन संशोधनक मांग कें लए बीएसएनएल कर्मी सभ केलक प्रदर्शन

रांची,समदिया

## » 20 नवंबर के हड़ताड़क घोषणा

बीएसएनएल कर्मचारी आ अधिकारी सभक वेतन आ सेवा संबंधी मांग, खास कए तेसरवेतन संशोधन आयोगक लाभ देबाक मांग लए ऑल यूनियंस एंड एसोसिएशंस ऑफ बीएसएनएलदिस सं प्रदर्शन कएल गेल। एसोसिएशनक आह्वान पर झारखंड परिमंडलक विभिन्न कार्यालय मेकर्मचारी आ अधिकारी सभ एकजुट भए प्रदर्शन कएलनि।लंच आवर प्रदर्शन बीएसएनएल झारखंड परिमंडलक मुख्य महाप्रबंधक कार्यालय रांची, महाप्रबंधककार्यालय रांची, धनबाद आ जमशेदपुर तथा उपमहाप्रबंधक परिचालन कार्यालय हजारीबाग, डालटेनगंज आ दुमका मे आयोजित कएल गेल। एहि दौरान कर्मचारी आ अधिकारी सभ नारा लगबैत तेसर वेतन संशोधन समिति लागू करबाक मांग कएलनि। प्रदर्शनक दौरान एसोसिएशन सरकार के भेजल गेल वेतन संशोधन प्रस्ताव पर सकारात्मक आशीघ्र पहल करबाक मांग कएलक। संगठनक अनुसार, ऑल यूनियंस एंड एसोसिएशंस ऑफ बीएसएनएल अंतर्गत कर्मचारी आ अधिकारी सभक 15 यूनियन आ एसोसिएशन शामिल अछि। संगठन बतौलक जे लंच आवर प्रदर्शन प्रस्तावित 9 चरण बला आंदोलनक पहिल चरण अछि। एकर बाद 28 सितंबर के ट्विटर अभियान आ 1 अक्टूबर के भूख हड़तालक कार्यक्रम प्रस्तावित अछि। मांग नहि मानल गेल तं 20 नवंबर के हड़ताल करबाक घोषणा सेहो कएल गेल अछि।

# खादक कालाबाजारी पर लागत अंकुश, नालंदा मे 2 अक्टूबर सं शुरू होयत ऑनलाइन बिक्री

## एफएफएस ऐप सं घर बैसल होयत बुकिंग

**नालंदा, समदिया**

नालंदा जिलाक किसान सभ कें आब यूरिया आ डीएपी खाद लेल दोकान सभ पर लंबा कतार मे धक्का नहि खाय पड़तनि आ ने हुनका सभ कें कालाबाजारीक शिकार होमय पड़तनि। कृषि विभाग व्यवस्था कें पारदर्शी आ सुगम बनेबाक लेल 2 अक्टूबर सं जिला मे खादक बिक्री पूरा तरहे ऑनलाइन करबाक निर्णय लेने अछि। एहि लेल विभाग दिस सं विशेष रूप सं 'फ्रेमवर्क फॉर फर्टिलाइजर सेल' यानी एफएफएस ऐप तैयार कएल गेल अछि। एहि नव व्यवस्था अंतर्गत किसान सभ आब अपन जमीनक रकबा आ फसलक विवरणक आधार पर घर बैसल खादक बुकिंग क' सकताह। एहि सं खादक जमाखोरी, दोकानदार सभक मनमानी आ बिचौलिया सभक सिंडिकेट पर पूरा तरहे रोक लगाओल जा सकत।



### ऐप पर देखायत लाइव स्टॉक, एमआरपी पर मात्र भेटत खाद

अक्सर देखल जाइत छल जे खाद विक्रेता गोदाम मे स्टॉक नुकाकए बाहर स्टॉक समाप्त होयबाक बोर्ड लगा दैत छलाह आ मजबूर किसान सभ सं निर्धारित दर सं बेसी कीमत वसूलैत छलाह। नव व्यवस्था सं एहि मनमानी पर सीधा प्रहार होयत, किएक तं ऐपक माध्यम सं सार्वजनिक रहत जे कोन खाद दोकान अथवा पैक्स मे कतेक बोरा खाद उपलब्ध अछि। बुकिंग आ टोकन प्रणाली लागू होयबाक कारण दोकानदार एमआरपी सं एकटा रुपैया बेसी सेहो नहि वसूलि सकताह। एकरा अतिरिक्त मात्र वास्तविक किसान सभ कें हुनकर जमीनक आकारक अनुसार खाद आवंटित कएल जाएत, जाहि सं फजीर्वाड़ा आ कालाबाजारीक संभावना पूरा तरहे समाप्त भए जाएत। एहि सं किसान सभक समय आ ऊर्जा दुनूक बचत होयत आ ओ सभ अपन निर्धारित बारीक अनुसार दोकान पर जा बिना कोनो परेशानी खाद प्राप्त क' सकताह।

### कृषि कर्मी आ दोकानदार सभ कें देल जा रहल विशेष प्रशिक्षण

ऑनलाइन व्यवस्था कें जमीन पर सुचारू रूप सं लागू करबाक लेल विभागीय स्तर पर व्यापक प्रशिक्षण कार्यक्रम चलाओल जा रहल अछि। आगामी 3-4 दिनक भीतर विभागक सभ सहायक तकनीकी प्रबंधक, प्रखंड तकनीकी प्रबंधक, कृषि समन्वयक आ किसान सलाहकार सभ कें ऐप संचालनक पूरा प्रशिक्षण देल जाएत। एकर बाद खाद दोकानदार सभ कें सेहो प्रशिक्षित कएल जाएत। पंचायत स्तर पर तैनात कृषि कर्मी गाम सभ मे जा किसान सभ कें ऑनलाइन बुकिंगक सरल प्रक्रिया बुझाओताह, जाहि सं तकनीकी जानकारीक अभाव मे केओ परेशानी मे नहि पड़थि।

ऑनलाइन खाद बुकिंगक प्रक्रिया कें बहुत सरल बनाओल गेल अछि। किसान सभ गूगल प्ले स्टोर सं एफएफएस ऐप डाउनलोड क' सकैत छथि, जखनकि स्मार्टफोन नहि रखय बला किसान नजदीकी वसुधा केंद्र जा बुकिंग करा सकताह। ऐप मे किसान कें अपन जमीनक रकबा आ फसलक विवरण दर्ज करय पड़तनि, जाहि कें बाद जमीनक अनुपात मे खादक मात्रा चुनबाक विकल्प भेटतनि।

एकर बाद किसान नजदीकी उपलब्ध दोकान वा पैक्स चुनि बुकिंग पूरा करताह। प्रक्रिया पूरा होइतहि किसानक मोबाइल पर एकटा क्यूआर कोड वा टोकन नंबर भेटतनि, जे खाद केंद्र पर देखाकए निर्धारित मूल्य चुकयबाक बाद आसानी सं खादक बोरा प्राप्त क' सकताह।

### व्यवस्था लागू करबाक तैयारी आखरी चरण मेः डीएओ

जिला कृषि पदाधिकारी डॉ. नितेश कुमार बतौलनि जे 2 अक्टूबर सं पूरा जिला मे ऑनलाइन खाद बिक्री प्रणाली अनिवार्य रूप सं लागू क' देल जाएत। एकर सभ आवश्यक तैयारी आखरी चरण मे अछि आ एहि व्यवस्थाक प्रभावी भेला पर किसान सभ कें सीधा लाभ भेटबाक संगहि खाद वितरण मे पूरा पारदर्शिता आएत।

# मुजफ्फरपुर मे गणेश मूर्ति विसर्जन शांतिपूर्ण संपन्न, शहर मे निकलल जुलूस

**मुजफ्फरपुर, समदिया**

मुजफ्फरपुर मे अगिला बरख अहां जल्दी आयब आ गणपति बप्पा मोरयाक जोरदार जयघोषक संग भगवान गणेश कें विदाइ देल गेलनि। ढोल-ताशा, अबीर-गुलाल आ हजारो श्रद्धालु सभक मौजूदगी मे ई विसर्जन भेल। अनंत चतुर्दशी पर शुक्रदिन देर सांझ सं शुरू भेल विसर्जन देर राति धरि चलैत रहल। एहि दौरान पूरा शहर भक्ति मे डूबल देखाइ देल आ जुलूस सभ मे भक्त सभक भारी भीड़ उमड़ल।

जिलाक दर्जनो सार्वजनिक पंडाल आ समिति सभ गणपति प्रतिमा सभक विसर्जन धूमधाम सं कएलनि। भक्त सभ बप्पाक विदाइ के दौरान सड़क पर झूमैत, नाचैत आ गबैत देखल गेलाह। भक्त सभक आंखि नम छल, मुदा उत्साह चरम पर छल।

सुरक्षा आ कानून-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल जिला पुलिस आ स्थानीय प्रशासन सतर्क रहल। शहरक प्रमुख विसर्जन मार्ग आ संवेदनशील मोड़ सभ पर मजिस्ट्रेटक संग भारी पुलिस बल तैनात छल।



### महाआरती आ छप्पन भोगक संग समापन

विसर्जन सं पहिने पंडाल सभ मे श्रद्धालु सभ महाआरती कएलनि आ छप्पन भोग लगौलनि। यात्रा आगू बढ़िते भक्त सभ बप्पा पर फूलक बरखा कएलनि, जाहि सभक मन मोह लेलक। स्थानीय नवयुवक समिति गणपति पूजा के प्रमुख आयोजक सागर कुमार विसर्जनक अवसर पर बतौलनि जे आइ अनंत चतुर्दशीक पावन दिन अछि आ आइएहि दिन विघ्नहर्ता भगवान गणेश कें आखरी विदाइ देल जा रहल अछि।

ओ कहलनि जे दस दिन धरि पूरा निष्ठाक संग चलय बला एहि महापर्वक आइ भव्य समापन भए गेल अछि। एहि अवसर पर हजारो महिला आ पुरुष श्रद्धालु सभक भारी भीड़ उमड़ल अछि, जे भाव-विभोर भए अश्रुपूर्ण आंखि सं बप्पा सं अगिला वर्ष फेर शीघ्र अयबाक प्रार्थना क' रहल छथि।

सागर कुमार कहलनि, हम भगवान गणेश सं एतबे मंगल प्रार्थना केने छी जे ओ सभ देशवासी कें जीवन मे असीम खुशी अनथि आ अपन भक्त सभ पर सदिखन अपन विशेष कृपा बरसबैत रहथि।

एहि भव्य आयोजनक संपन्न होयबाक संगहि शहर मे दस दिवसीय गणेशोत्सवक शांतिपूर्ण समापन भए गेल।

# मुजफ्फरपुर मे बागमती नदी खतराक निशान सं ऊपर



**मुजफ्फरपुर, समदिया**

मुजफ्फरपुर जिला मे तीन दिन सं रुकि-रुकि कए बरखा भए रहल अछि। मौसिम विभाग अगिला दू दिन धरि भारी बरखाक चेतावनी जारी केने अछि। एहि बरखा सं गंडक, बूढ़ी गंडक आ बागमती नदी सभक जलस्तर बढ़ल अछि। बागमती नदी बेनीबाद क्षेत्र मे खतराक निशान 48.68 मीटर सं 0.72 मीटर ऊपर 49.40 मीटर पर बहि रहल अछि। नदीक जलस्तर एखनहुं बढ़ि रहल अछि, जाहि सं तटवर्ती इलाका सभ मे चिंता अछि।

बढ़ैत जलस्तर सं गायघाट प्रखंडक जमालपुर कोदई मे कटाव शुरू भए गेल अछि। नदीक पानि आबादी बला इलाका दिस बढ़ि रहल अछि। नारायण बाबा चौक लग चारि फीट चौड़ मुख्य सड़क टूटि कए नदी मे समा गेल अछि। कटाव सं डीह कोदईक मुख्य मार्ग बंद भए गेल अछि। कल्याणी, डीह कोदई, रामपुर आ हरपुर सहित आधा दर्जन गामक संपर्क टूटि गेल अछि। ग्रामीण सभ प्रशासन कें सूचना देने छथि।

# एडीजी मुजफ्फरपुर मे एसएसपी एसडीपीओ कार्यालयक निरीक्षण कएलनि

## लंबित फाइल सभक समीक्षा कएलनि, अपराध रोकबाक देलनि निर्देश

**मुजफ्फरपुर, समदिया**

बिहार पुलिस मुख्यालयक निर्देश पर मुजफ्फरपुर मे कानून-व्यवस्था मजबूत करबाक आ अपराध रोकबाक लेल पुलिस सक्रिय भए गेल अछि। एहि क्रम मे अपर महानिदेशक (एडीजी) नैय्यर हसनैन खान मुजफ्फरपुर पहुंचलाह। ओ एसएसपी कार्यालय मे सभ वरिष्ठ पुलिस अधिकारी सभक संग समीक्षा बैठक कएलनि। एहि मे अपराध नियंत्रण आ लंबित मामिला सभक जांच पर जोर देल गेल।

बैठकक बाद एडीजी खान पश्चिमी अनुमंडल डीएसपी आ सरैया एसडीपीओ कार्यालयक अनचोके निरीक्षण कएलनि। ओ आपराधिक मामिला सभक फाइल देखलनि। लंबित मामिला सभक जांच मे तेजी अनबाक आ अपराधी सभ पर कारबाइ करबाक लेल अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि। मीडिया सं बातचीत करैत एडीजी खान बतौलनि जे ई समीक्षा आ निरीक्षण पुलिस मुख्यालयक कड़ा निर्देश पर कएल गेल अछि। ओ अधिकारी सभ कें अपराधी सभ पर सख्ती सं कारबाइ करबाक लेल कहलनि।



एडीजी चेतावनी देलनि जे जिला मे कोनो अपराध बर्दाश्त नहि कएल जाएत। जमीन विवाद, हत्या, लूट, डकैती वा महिला उत्पीड़नक मामिला सभ मे पुलिस तेजी सं आ निष्पक्ष कारबाइ करत।

एकरा संगहि ओ लापरवाही बरतय बला पुलिसकर्मी सभ कें कड़ा संदेश दैत कहलनि जे एहन पुलिस पदाधिकारी सभ कें विशेष रूप सं चिह्नित कएल जा रहल अछि, जे अपन कर्तव्य निर्वहन मे कोताही बरतैत छथि वा काज करबा मे असमर्थता देखबैत छथि।

विभागक ई कड़ा आ स्पष्ट निर्देश अछि जे जनता कें सुरक्षा देबा मे लापरवाही वा ढिलाइ बरतय बला कोनो अधिकारी कें कोनो कीमत पर नहि बख्शल जाएत। एहन पदाधिकारी सभ कें चिह्नित कए हुनका सभक विरुद्ध शीघ्रे कड़ा दंडात्मक आ अनुशासनात्मक कारबाइ सुनिश्चित कएल जाएत, जाहि सं जिला मे आम नागरिक सभक बीच सुरक्षाक भावना बनल रहय।

# किशनगंज मे गणपति विसर्जन पर श्रद्धालु सभक भीड़

**किशनगंज, समदिया**

किशनगंज शहर मे शुक्र सांझ गणपति बप्पाक प्रतिमाक विसर्जन धूमधाम सं भेल। एहि दौरान शहर गणपतिमय भए गेल आ सैकड़ो श्रद्धालु सभक भीड़ उमड़ि पड़ल।

धरमगंज रेलवे गेट स्थित प्रसिद्ध ठाकुरबाड़ी राधा कृष्ण हनुमान विष्णु मंदिर मे गणेश चतुर्थी पर 11 दिन धरि गणपति बप्पाक पूजा-अर्चना कएल गेल छल। एहि दौरान प्रतिदिन पैघ संख्या मे श्रद्धालु दर्शन लेल पहुंचि रहल छलाह।

11 दिनक पूजा-अर्चना के बाद शुक्रदिन मंदिर समिति भव्य विसर्जन समारोह आयोजित कएलक। विसर्जन सं पहिने मंदिर परिसर मे आखरी आरती भेल, जाहि मे सैकड़ो श्रद्धालु शामिल भेलाह। एहि के बाद नम आंखि सं बप्पा कें विदाइ देल गेलनि।

ढोल-नगाड़ा, बैंड पार्टी आ डीजेक धुन पर श्रद्धालु सभ नाचैत-गबैत चलि रहल छलाह। गणपति बप्पा मोरया, अगिला बरख अहां शीघ्र आउक जयकारा सं माहौल भक्तिमय बनल रहल।

वैदिक मंत्रोच्चारक संग गणपति प्रतिमाक विसर्जन

विसर्जन शोभायात्रा धरमगंज सं निकलि कए कैल्टेक्स चौक, धर्मशाला रोड, फल चौक, नीमचंद रोड, गांधी चौक आ अस्पताल रोड होइत धोबी घाट पहुंचल।

अंत मे शहरक धोबी घाट स्थित रमजान नदी मे वैदिक मंत्रोच्चारक संग गणपति प्रतिमाक विसर्जन कएल गेल। एहि दौरान जिला प्रशासन पूरा तरहे सतर्क देखाइ देल आ विसर्जन स्थल सभ पर पुलिस बल तैनात रहल।

## विविध

# लग्जरी घरक दौड़ मे मुंबई दुनियाक टॉप-10 शहर मे बनौलक स्थान

नाइट फ्रैंकक ताजा ह्यप्राइम ग्लोबल सिटीज इंडेक्सह्ल रिपोर्टक अनुसार, 2026क दोसर तिमाही (क्यू2) मे मुंबईक लग्जरी आ प्रमुख आवासीय संपत्तिक कीमत मे 6.2% वार्षिक वृद्धि दर्ज कएल गेल अछि। एहि शानदार उछालक संग मुंबई दुनिया भरिक 46 प्रमुख रियल एस्टेट बाजार मे आठम स्थान पर पहुंचि गेल अछि आ वैश्विक टॉप-10 शहर मे अपन मजबूत स्थिति कायम रखने अछि। रिपोर्टक मुताबिक, मुंबई मे तिमाही आधार पर सेहो कीमत मे 1.7% वृद्धि देखल गेल, जे वैश्विक रियल एस्टेट क्षेत्र मे भारतीय प्रीमियम हाउसिंगक बढ़ैत मांग आ निवेशक सभक अटूट भरोसा के दर्शबैत अछि।

वैश्विक स्तर पर प्रमुख आवासीय संपत्तिक औसत कीमत वृद्धि मात्र 2.6% रहल, जाहि तुलना मे मुंबईक विकास दर दोगुना सं बेसी रहल अछि। भारतक आन प्रमुख शहर मे बेंगलुरु 4.5% वार्षिक मूल्य वृद्धि के संग 12म स्थान पर रहल, जखनकि नव दिल्ली 3.9% बढ़ोतरी के संग 17म स्थान पर रहल। विश्लेषक सभक मानब अछि जे हाई नेटवर्थ लोकनिक मजबूत खरीदारी क्षमता, प्राइम लोकेशन मे सीमित आपूर्ति आ बुनियादी ढांचाक लगातार विस्तार भारतीय महानगर सभक लग्जरी रियल एस्टेट बाजार मे एहि तेजी के गति देने अछि।



प्रमुख आवासीय संपत्तिक कीमत मे जून तिमाही मे वार्षिक आधार पर 6.2% वृद्धि के संग मुंबई दुनिया के 46 शहर मे आठम स्थान पर रहल। आलोच्य तिमाही मे दुनिया मे प्रमुख आवासीय संपत्तिक कीमत मे वार्षिक औसतन 2.6% वृद्धि भेल। कुल 46 शहर मे सं 32 शहर मे वार्षिक आधार पर आवासीय संपत्तिक कीमत बढ़ल। नाइट फ्रैंक इंडिया के अनुसार, बेंगलुरु 4.5% वार्षिक वृद्धि के संग 12म आ नव दिल्ली 3.9% वृद्धि के संग 17म स्थान पर रहल।

आंकड़ा के अनुसार, टोक्यो 50.7% वार्षिक मूल्य वृद्धि के संग पहिल स्थान पर रहल। एकर बाद क्रमशः मनीला (14.6%), दुबई (10.9%), सिंगापुर (9.5%) आ नैरोबी (8.5%) रहल। क्राइस्टचर्च 6.9% वृद्धि के संग छठम आ सियोल 6.4% वृद्धि के संग सातम स्थान पर रहल। वियना 5.9% वृद्धि के संग नौम आ सैन फ्रांसिस्को 5% वृद्धि के संग 10म स्थान पर रहल।

नाइट फ्रैंक इंडिया के अध्यक्ष एवं प्रबंध निदेशक शिशिर बैजल कहलनि जे वैश्विक स्तर पर आवासीय संपत्तिक कीमत मे अपेक्षाकृत धीमा वृद्धि के बीच मुंबईक शीर्ष 10 प्रमुख आवासीय बाजार मे शामिल होएब महत्वपूर्ण अछि। ओ कहलनि जे शहर मे 6.2% वार्षिक वृद्धि प्रमुख आवासीय बाजार मे मजबूत मांग के दर्शबैत अछि। एहि बाजार मे स्थान, गुणवत्ता आ अलग तरहक आवासीय पेशकश संपत्तिक मूल्य के समर्थन दैत अछि।

बैजल कहलनि जे निवेशक आ खरीददार सभक लेल ई दर्शबैत अछि जे मुंबईक प्रमुख आवासीय संपत्ति बाजार दीर्घकालिक संपत्ति सृजन आ सीमित आपूर्ति सं मजबूती सं जुड़ल अछि। नाइट फ्रैंकक ग्लोबल हेड ऑफ रिसर्च लियाम बेली कहलनि जे ताजा आंकड़ा सं पता चलैत अछि जे वैश्विक लग्जरी हाउसिंग बाजारक स्थिति मे किछु सुधार देखल गेल अछि। ओ कहलनि जे स्थानीय आपूर्ति, मुद्रा मे उतार-चढ़ाव, संपत्ति सृजन आ ब्याज दर अलग-अलग बाजार पर असर डालैत रहत।

# शरीर मे जिंक कम अछि तं एहि संकेत सभ कें अनठियाबी नहि

जिंकक कमी कें अधिकांश भारतीय अनदेखी करैत छथि। लोक ई नहि जनैत छथि जे रोग सभ सं बचय बला प्रतिरक्षा प्रणाली (इम्यून सिस्टम) कें मजबूत बनौने रखबाक लेल जिंक बहुत जरूरी अछि। एकर कमी होय पर कोन-कोन संकेत देखाइत अछि आ कोन खाद्य पदार्थ खेबाक चाही? विशेषज्ञ सं जनू...

अपोलो स्पेक्ट्रा अस्पतालक क्रिटिकल केयर विभागक वरिष्ठ परामर्शदाता डॉ. आशीष मेहोत्राक कहब छनि जे शरीर कें स्वस्थ रखबाक लेल जिंक एकटा जरूरी खनिज अछि। ई प्रतिरक्षा क्षमता मजबूत करबाक संग घाव भरय, कोशिका सभक वृद्धि आ शरीरक कतेको जरूरी काज मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि।

शरीर मे जिंकक कमी होय पर कतेको एहन संकेत देखाइ पड़ि सकैत अछि, जकरा लोक प्रायः सामान्य कमजोरी वा दोसर परेशानी बुझि अनदेखी क' दैत छथि। बेर-बेर संक्रमण होयब, घाव भरय मे देरी होयब, बेसी केश झड़ब, भूख कम लगब, स्वाद वा गंध महसूस करबाक क्षमता मे बदलाव होयब आदि एहन संकेत थिक।



लगातार कमजोरी महसूस होयब जिंकक कमी सं जुड़ल संभावित संकेत भए सकैत अछि। बच्चा सभ मे एकर कमी हुनकर वृद्धि आ विकास पर सेहो असर डालि सकैत अछि। जिंकक कमी पूरा करबाक लेल सब सं पहिने खानपान पर ध्यान देबाक चाही।

एहि लेल कद्दूकस कएल कुम्हरक बीया, तिल, काजू, बादाम, मूंगफली, चना, दालि आ साबुत अनाज कें अपन भोजन मे शामिल क' सकैत छी। मांसाहारी भोजन करय बला लोकनिक लेल अंडा, माछ आ मांस सेहो जिंकक नीक स्रोत मानल जाइत अछि। मुदा मात्र लक्षणक आधार पर जिंकक कमी निर्धारित नहि कएल जा सकैत अछि। तें जं बहुत दिन सं एहन संकेत देखाइ पड़ि रहल अछि तं डॉक्टर सं परामर्श लए' आवश्यक जांच करायब बेसी नीक होयत।

बिना डॉक्टरक परामर्श जिंक सप्लीमेंट लेब सेहो उचित नहि अछि, किएक तं शरीर मे जिंकक जरूरति सं बेसी मात्रा सेहो नोकसान पहुंचा सकैत अछि। संतुलित आ विविधतापूर्ण भोजनक माध्यम सं जिंक सहित आन जरूरी पोषक तत्व सभक आवश्यकता पूरा करबाक प्रयास करबाक चाही।

# मोदी समेत दुनियांक ई पैघ नेता यूएन महासभा कें संबोधित करबाक लेल किएक नहि गेलाह?

**नई दिल्ली, एजेंसी**

संयुक्त राष्ट्र महासभाक 81म सत्र चलि रहल अछि। ई संयुक्त राष्ट्रक महासचिव एंतोनियो गुटेरेसक अंतिम महासभा सत्र अछि। गुटेरेसक कार्यकाल वैश्विक संकट, संघर्ष, महामारी, जलवायु आपदा आ कृत्रिम बुद्धिमत्ता अर्थात एआइक महत्वपूर्ण दौर सं भरल रहल अछि। बांग्लादेशक विदेश मंत्री खलीलुर रहमान कें संयुक्त राष्ट्र महासभाक 81म सत्रक अध्यक्ष चुनल गेल अछि। ओ नव संयुक्त राष्ट्र महासचिवक चयन प्रक्रियाक निगरानी सेहो करताह। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी एहि बेर संयुक्त राष्ट्र महासभा कें संबोधित करबाक लेल नहि गेलाह। मुदा हुनका अतिरिक्त चीनक राष्ट्रपति शी जिनपिंग समेत कतेको पैघ नेता सेहो महासभा मे उपस्थित नहि भेलाह।

**बांग्लादेशक विदेश मंत्री खलीलुर रहमान कें संयुक्त राष्ट्र महासभाक 81म सत्रक अध्यक्ष चुनल गेल अछि**

**भारत : नरेंद्र मोदी :** भारतीय प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी संयुक्त राष्ट्र महासभाक बैठक सभ मे अपेक्षाकृत कम भाग लेने छथि। ओ अंतिम बेर 2021 मे महासभा कें संबोधित केने छलाह। तकर बाद सं भारत लगातार विदेश मंत्री एस. जयशंकर कें प्रतिनिधित्व लेल पठबैत रहल अछि। डेक्कन हेरल्डक रिपोर्ट अनुसार, एहि वर्षक आरंभ मे नरेंद्र मोदी कें 25 सितंबर कें भारतक राष्ट्रीय वक्तव्य देनिहार वक्ताक रूप मे सूचीबद्ध कएल गेल छल। संयुक्त राष्ट्र वक्ताक सूची तखने जारी करैत अछि जखन संबंधित देश भाषण लेल समय मांगैत अछि। मुदा बाद मे मोदीक कार्यक्रम बदलल आ जयशंकर कें ई जिम्मेदारी भेटल। राजनयिक विश्लेषक केपी नायरक अनुसार, जयशंकर कें एहि भूमिका मे अनुभवक लाभ अछि। अगिला वर्ष ओ कूटनीतिक जीवनक 50 वर्ष पूरा करताह। अंतरराष्ट्रीय संबंध मे सामाजिक संवादक महत्व होइत अछि आ एहन संवाद कठिन कूटनीतिक प्रयास तथा राष्ट्रीय हित कें आगू बढ़ेबा मे सहायक भए सकैत अछि। भारत 2028 मे संयुक्त राष्ट्र सुरक्षा परिषदक अस्थायी सीट लेल चुनाव लड़बाक योजना बना रहल अछि। एहन अभियान सामान्यतः विदेश मंत्रीक नेतृत्व मे चलैत अछि। हाई–लेवल वीक एहि अभियान लेल विदेश मंत्री कें विभिन्न देशक प्रतिनिधि सं भेंटक पर्याप्त अवसर दैत अछि।

**जर्मनी : फ्रेडरिक मर्ज :** जर्मनीक चांसलर फ्रेडरिक मर्ज. एहि समय अपन कार्यकालक दोसर वर्ष मे छथि आ अंतरराष्ट्रीय मंच पर बेसी सक्रिय होमय चाहैत छथि। मुदा घरेलू राजनीति हुनका व्यस्त रखने अछि। सितंबर मे जर्मनीक तीन राज्य मे संसदीय चुनाव भेल। सैक्सोनी–अनहाल्ट आ बर्लिन मे क्रिश्चियन डेमोक्रेटिक यूनियन (सीडीयू) सत्ता सं बाहर भए गेल, जखनकि मेक्लेनबर्ग–वेस्टर्न पोमेरानिया मे पार्टी राज्य विधानसभा मे प्रवेश धरि नहि कए सकल। जर्मनीक संघीय गणराज्यक स्थापना बाद ई पहिल बेर भेल। मर्ज.घरेलू राजनीतिक चुनौती सभ सं निपटय मे व्यस्त छथि। हुनकर स्थान पर विदेश मंत्री योहान वाडेफुल यूएन महासभा कें संबोधित करताह।

**इटली : जॉर्जिया मेलोनी :** इटलीक प्रधानमंत्री जॉर्जिया मेलोनीक स्थिति घरेलू स्तर पर मर्जक तुलना मे मजबूत मानल जाइत अछि, मुदा ओ कहलनि जे एहि सप्ताह हुनका घरेलू मामिला पर ध्यान देबाक आवश्यकता अछि। कतेको अंतरराष्ट्रीय शिखर सम्मेलन मे भाग लेलाक बाद इटलीक कतेको लंबित मुद्दा हुनका देखबाक अछि। एहि बेर हुनकर स्थान पर विदेश मंत्री एंतोनियो ताजानी यूएनजीए मे इटलीक प्रतिनिधित्व करताह।

**दक्षिण अफ्रीका : सिरिल रामाफोसा :** दक्षिण अफ्रीकाक राष्ट्रपति सिरिल रामाफोसा हालहि भारत मे भेल ब्रिक्स शिखर सम्मेलन मे शामिल भेल छलाह। मुदा स्वास्थ्य कारण सं ओ संयुक्त राष्ट्र महासभा मे नहि गेलाह। चिकित्सक हुनका आराम आ स्वास्थ्य लाभक सलाह देने छथि। दक्षिण अफ्रीकाक प्रतिनिधित्व विदेश मंत्री रोनाल्ड लामोला करताह।











**मिस्र : अब्देल फतह अल–सिसी :** मिस्रक राष्ट्रपति अब्देल फतह अल–सिसीक स्थान पर प्रधानमंत्री मुस्तफा मदबूली यूएन महासभा मे देशक प्रतिनिधित्व करताह। राष्ट्रपति कार्यालय हुनकर अनुपस्थितिक कोनो कारण नहि बतौलक। 2014 मे सत्ता सम्हारलाक बाद शुरूआती वर्ष सभ मे अल–सिसी नियमित रूप सं महासभा मे भाग लैत छलाह। मुदा कोविड महामारीक बाद प्रत्यक्ष रूप सं आयोजित महासभा मे हुनकर उपस्थिति नहि रहल अछि।

**नाइजीरिया : बोला टिनूबू :** नाइजीरियाक राष्ट्रपति बोला टिनूबू एहि वर्ष महासभा मे नहि जाएबला प्रमुख अफ्रीकी नेता सभ मे सं एक छथि। नाइजीरियाक मीडिया अनुसार हुनकर स्थान पर उपराष्ट्रपति काशिम शेट्टीमा देशक प्रतिनिधित्व करताह। टिनूबू एहि समय अवकाश पर छथि। अगस्तक अंत मे ओ ब्रिटेन मे रहलाह आ तकर बाद फ्रांस गेलाह।

**चीन : शी जिनपिंग :** चीनी राष्ट्रपति शी जिनपिंगक अनुपस्थिति पर एहि वर्ष विशेष नजरि रहल। हाई–लेवल वीकक दौरान शी अमेरिका मे छलाह, मुदा न्यूयॉर्क नहि गेलाह। वॉशिंगटन सं वापसीक दौरान हुनका लेल व्हाइट हाउस मे राजकीय भोज आ सैन्य परेड सहित पूर्ण राजकीय यात्रा आयोजित छल। शी आ अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक बीच व्यापार, एआइ आ ताइवानक सुरक्षा सहित कतेको महत्वपूर्ण मुद्दापर मतभेद अछि। शी अंतिम बेर 2015 मे संयुक्त राष्ट्र मुख्यालय मे प्रत्यक्ष संबोधन केने छलाह। ओ संयुक्त राष्ट्रक 70म वर्षगांठक अवसर छल। एशिया निक्केईक रिपोर्ट अनुसार, महासभा सं दूर रहला सं चीन लेल अप्रत्याशित आलोचनाक खतरा सेहो कम होइत अछि।

**रूस : व्लादिमीर पुतिन :** रूसक राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिन सेहो संयुक्त राष्ट्र महासभाक एहि प्रतिष्ठित मंच पर बहुत कम देखाइ पड़ैत छथि। एहि कारण रूसक दिस सं विदेश मंत्री सेर्गेई लावरोवक संबोधन असामान्य नहि अछि। पुतिन अंतिम बेर 28 सितंबर 2015 कें न्यूयॉर्क मे संयुक्त राष्ट्र महासभा मे प्रत्यक्ष रूप सं शामिल भेल छलाह। 2005क बाद ई हुनकर पहिल व्यक्तिगत उपस्थिति छल। 2015क बाद महासभा सं दूर रहबाक कोनो एकटा स्पष्ट आ लगातार आधिकारिक कारण रूसक दिस सं नहि देल गेल अछि। 2016 सं 2019 धरि सेहो ओ न्यूयॉर्कक वार्षिक महासभा मे नहि गेलाह आ सामान्यतः लावरोव रूसक प्रतिनिधित्व करैत रहलाह। पुतिन 2000, 2003, 2005 आ 2015 मे मात्र व्यक्तिगत रूप सं यूएनजीए मे उपस्थित भेल छलाह।

**फिलिस्तीनी क्षेत्र : महमूद अब्बास :** फिलिस्तीनी प्राधिकरणक राष्ट्रपति महमूद अब्बास एहि सूची मे संयुक्त राष्ट्र महासभाक सर्वाधिक अनुभवी नेता सभ मे छथि। 2005 मे पद सम्हारलाक बाद ओ ट्रंपक दोसर कार्यकाल धरि नियमित रूप सं महासभा मे भाग लैत छलाह। मुदा अमेरिकी प्रशासन पिछला वर्ष हुनका राजनयिक वीजा देबा सं मना कए देने छल आ एहि वर्ष सेहो एहिना भेल। अमेरिकी विदेश विभागक अनुसार, फिलिस्तीन लिबरेशन ऑगेर्नाइजेशन आ फिलिस्तीनी प्राधिकरणक सदस्य सभक वीजा पर प्रतिबंध जारी अछि। अब्बास एहि बेर सेहो पिछला वर्ष जकां वीडियो संदेशक माध्यम सं महासभा कें संबोधित करबाक योजना मे छथि।

## कांगो विमान दुर्घटना : आपातकालीन लैंडिंगक प्रयास, खेत मे खसल विमान, 14 गोटेक मृत्यु

**कांगो, एजेंसी**

डेमोक्रेटिक रिपब्लिक ऑफ कांगो (डीआर कांगो) मे शुक्रदिन पैघ विमान दुर्घटना भए गेल। सेनाक एकटा विमान दुर्घटनाग्रस्त भेला सं ओहि मे सवार 14 लोकक मृत्यु भए गेल। मृतक सभ मे सेनाक दू वरिष्ठ जनरल सेहो शामिल छथि। कांगो सेनाक प्रवक्ता मेजर जनरल एफोमी एकेन्गो आधिकारिक बयान जारी कए दुर्घटनाक पुष्टि केलनि। मृतक मे कांगोक सैन्य तंत्रक दू महत्वपूर्ण अधिकारी - सैन्य न्यायालयक प्रमुख लेफ्टिनेंट जनरल मुटोंबो कटालायी टिएंडे आ सशस्त्र बलक ऑडिटर जनरल लेफ्टिनेंट जनरल बाकुमी लिकुलिया सेहो छथि।

**मृतक सभ मे सेनाक दू वरिष्ठ जनरल सेहो शामिल छथि**



**उड़ानक दौरान तकनीकी खराबी, केंगे मे दुर्घटना :** स्थानीय अधिकारी सभक अनुसार विमान कांगोक दक्षिण-पश्चिमी शहर किकवित सं राजधानी किंशासा लौटि रहल छल। उड़ानक क्रम मे अनचोके विमान मे गंभीर तकनीकी खराबी आबि गेल। एहि कारण पायलट विमान पर नियंत्रण नहि राखि सकलाह आ विमान केंगे क्षेत्रक लग दुर्घटनाग्रस्त भए गेल। विमान मे दुनू जनरलक अतिरिक्त प्रतिनिधिमंडलक 12 सदस्य आ चालक दलक सदस्य सेहो छलाह। दुर्घटना मे कियो जीवित नहि बचि सकल। रिपोर्टक अनुसार क्वांगो प्रांतक उपराज्यपाल रेमी साकी बोकिंडा कहलनि जे तकनीकी खराबीक बाद पायलट केंगे मे आपातकालीन अवतरण करबाक प्रयास केलनि, मुदा विमान एकटा खेत मे खसि गेल आ आगिक गोला मे परिणत भए गेल।

**दुर्घटनाक जांच शुरू :** नागरिक विमानन प्राधिकरणक अध्यक्ष ट्रिफोन किन-कीये मुलुंबा कहलनि जे दुर्घटनाक वास्तविक कारण एखन धरि स्पष्ट नहि भेल अछि। सेनाक प्रवक्ता मेजर जनरल एकेन्गोक अनुसार घटनाक विस्तृत तकनीकी जांच शुरू कए देल गेल अछि। ई दुर्घटना एहन समय मे भेल अछि, जखन कांगोक पूर्वी क्षेत्र मे सेना रवांडा-समर्थित एम23 विद्रोही समूह सहित विभिन्न बागी गुटक विरुद्ध संघर्षरत अछि। हालक महीना मे एम23 विद्रोही सभक आक्रामक गतिविधि बढ़ल अछि आ कांगोक किछु प्रमुख शहर पर सेहो हुनकर कब्जा भेल अछि। एहि कारण देशक सुरक्षा आ राजनीतिक परिस्थिति पहिने सं तनावपूर्ण बनल अछि।

## प्रेमानंद महाराजक शिष्य दीपकक मृत्यु आत्महत्या अथवा किछु आओर?

**वृंदावन, एजेंसी**

वाराहघाट स्थित एकटा आश्रम मे प्रेमानंद महाराज सं दीक्षित 25 वर्षीय युवा साधु दीपक उर्फ रसिक दुलारी शरण शुक्रदिन चारि तल्लाक भवनक उपरका मंजिल सं छलांग लगा देलनि। उपचारक क्रम मे हुनकर मृत्यु भए गेल। घटनाक बाद हुनकर निजी अंग कटल अवस्था मे भेटल। एहि कारणे पूरा मामिला संदिग्ध बनि गेल अछि। पुलिस आत्महत्या सहित घटनाक अन्य सभ पक्षक जांच मे जुटल अछि। पुलिस कें दीपकक कोठरी सं खून लागल एकटा ग्राइंडर भेटल अछि। आशंका व्यक्त कएल जा रहल अछि जे निजी अंग एहि उपकरण सं काटल गेल होयत। हालांकि, दीपकक अंग स्वयं कटलक वा ककरो दोसर व्यक्ति द्वारा काटल गेल, ई एखन स्पष्ट नहि भेल अछि। पुलिस सूत्रक अनुसार सीसीटीवी फुटेज मे दीपक कें भवनक सबसं उपरका मंजिल सं छलांग लगबैत देखल गेल अछि। मुदा ओ एहन कदम कोन कारणे उठौलनि, ई जांचक विषय अछि। कोतवाली प्रभारी अश्विनी कुमार कहलनि जे भवन आ ओकर आसपासक क्षेत्रक सीसीटीवी फुटेजक जांच कएल जा रहल अछि। पुलिस दीपकक डायरी आ मोबाल सेहो अपन कब्जा मे लए कए ओकर पड़ताल कए रहल अछि। घटना वाराहघाट क्षेत्रक गुरु कृपा कुंज आश्रम मे भेल, जतय प्रेमानंद महाराज सं दीक्षित शिष्य सभ रहैत छथि। शुक्रदिन भोरे दीपक उपरका मंजिल सं छलांग लगेलनि। गंभीर रूप सं घायल भेलाक बाद हुनका निजी अस्पताल लए जाओल गेल, जतय उपचारक क्रम मे मृत्यु भए गेल। पुलिस कें सर्वोदय अस्पताल सं एक साधुक घायल अवस्था मे इलाज लेल अनबाक सूचना भेटल छल। जांचक क्रम मे पता चलल जे मामिला संत प्रेमानंद महाराजक परिकर सं जुड़ल अछि। जानकारीक अनुसार दीपक करीब दू वर्ष सं प्रेमानंद महाराजक परिकर मे छलाह। मूल रूप सं जबलपुर निवासी दीपकक धार्मिक रुचि छल। जबलपुर मे मन नहि लगलाक बाद ओ वृंदावन आबि गेलाह आ प्रेमानंद महाराज सं दीक्षा ग्रहण कए रसिक दुलारी शरण नाम धारण केलनि। वृंदावन आबि स्थायी रूप सं आश्रम मे रहय लगलाह। दीपकक भाई मनीष पटेलक अनुसार, दीपक कॉलेज धरि पढ़ल छलाह आ पढ़ाइ मे नीक छलाह। वृंदावन आबय सं पहिने ओ नर्मदाक परिक्रमा सेहो केने छलाह। परिवारक लोकक हुनका सं बहुत कम बातचीत होइत छल। पुलिस दीपकक परिवार कें फोन कए कहलनि जे हुनकर मोन खराब अछि आ शीघ्र आबि जाउ। हुनकर माता लोंग बाई पटेल कहलनि जे पिछला वर्ष ओ वृंदावन आबि दीपक सं भेंट केने छलीह।

**प्राइवेट पार्ट काटल भेटल पुलिस जांच मे जुटल**




## ट्रंप सं समझौता भइयो गेल तइयो परमाणु कार्यक्रम पर नहि झुकत ईरान!

**तेहरान, एजेंसी**

पश्चिम एशिया मे चलि रहल संघर्ष आ क्रूड ऑयलक महत्वपूर्ण समुद्री मार्ग होर्मुज जलडमरूमध्यक आवाजाही सामान्य करबाक प्रयासक बीच अमेरिका आ ईरानक बीच कूटनीतिक गतिविधि तेज भेल अछि। ईरानक एकटा वरिष्ठ अधिकारीक अनुसार, अमेरिका सैन्य दबाव कम करए आ ईरानी बंदरगाह पर लगाओल नाकाबंदी हटाबए तं ईरान सात दिनक भीतर होर्मुज जलडमरूमध्य पुनः खोलि सकैत अछि। ई प्रस्ताव 16 सितंबर कें मध्यस्थक माध्यम सं अमेरिकाक समक्ष राखल गेल छल।



**की अछि ईरानक 7–दिनक सूत्र? :** संयुक्त राष्ट्र महासभाक दौरान ईरानी पक्ष मध्यस्थक माध्यम सं अमेरिका धरि संघर्ष समाप्त करबाक प्रस्ताव पठौने छल। प्रस्तावक अनुसार अमेरिका यदि सैन्य दबाव कम करबाक आ कूटनीतिक समाधान लेल औपचारिक सहमति दैत अछि, तं सात दिनक भीतर होर्मुज जलडमरूमध्य मे जहाजक आवाजाही सामान्य करबाक प्रक्रिया शुरू भए सकैत अछि। एहि प्रस्तावक पाछां ईरानक उद्देश्य सैन्य तनाव कम करब आ महत्वपूर्ण जलमार्गक माध्यम सं तेलक आवागमन पुनः सुचारु करब अछि। रॉयटर्सक अनुसार तेहरान चाहैत अछि जे अमेरिका ठोस कदम उठा कए बातचीतक लेल अपन इच्छा स्पष्ट करय।

**अमेरिका आ ईरानक बीच कूटनीतिक गतिविधि तेज भेल अछि**

**परमाणु कार्यक्रम पर ईरानक रुख :** अमेरिकी दबावक बीच ईरान अपन परमाणु कार्यक्रम आ यूरेनियम संवर्धनक अधिकार पर अपन रुख कठोर रखने अछि। एहि मुद्दा पर संभावित समझौता कतेक दूर धरि आगू बढ़त, ई एखन स्पष्ट नहि अछि। अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप सेहो लगातार कहैत रहल छथि जे ईरान कें परमाणु हथियार हासिल करए नहि देल जाएत। 22 सितंबर कें ट्रंप कहलनि जे अमेरिका आ ईरानक बीच बातचीत जारी अछि आ समाधानक उम्मीद अछि।

**वैश्विक अर्थव्यवस्था पर असरि :** होर्मुज जलडमरूमध्य वैश्विक ऊर्जा आपूर्ति लेल अत्यंत महत्वपूर्ण मार्ग अछि। एकर आवाजाही बाधित भेलाक कारण कच्चा तेलक आपूर्ति, जहाजरानी आ ऊर्जा बाजार पर दबाव बढ़ल अछि। हालक कूटनीतिक गतिविधिक खबरि बाद तेलक दाम मे कमी सेहो देखल गेल। एहि बीच अमेरिका मध्यपूर्वक ऊर्जा ढांचा पुनर्निर्माण आ होर्मुज पर निर्भरता घटेबाक लेल 10 अरब डॉलरक एकटा संभावित निवेश कोषक योजना पर सेहो विचार कए रहल अछि। अमेरिका-ईरानक बीच बातचीत आगू बढ़ैत अछि अथवा पुनः सैन्य तनाव बढ़ैत अछि, से एखन तय नहि अछि। मुदा होर्मुज जलडमरूमध्यक स्थिति आ ईरानक परमाणु कार्यक्रम दुनू मुद्दा आगांक कूटनीतिक वार्ताक प्रमुख विषय बनल रहत।

## ज्ञानेश कुमारक मुद्दा पर दू कट्टर दुश्मनक बीच संवाद

**कोलकाता, एजेंसी**

कहल जाइत अछि जे दुश्मनक दुश्मन सेहो मित्र बनि जाइत अछि। पश्चिम बंगालक राजनीति मे एहि कहावतक एकटा उदाहरण देखय लेल भेटि रहल अछि। पश्चिम बंगाल विधानसभा चुनाव मे पराजयक बाद सत्ता सं बाहर भेल ममता बनर्जी आ वर्षो सं अपन राजनीतिक अस्तित्व लेल संघर्षरत वामपंथी दल मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार आ निर्वाचन आयोगक कार्यप्रणालीक मुद्दा पर एक–दोसरक निकट अबैत देखाइ पड़ि रहल छथि। रिपोर्टक अनुसार, ममता बनर्जीक तृणमूल कांग्रेस (टीएमसी) आ सीपीआइ(एम)क बीच संवादक बाट खुलल अछि। दुनू दल एहि मुद्दा पर एक–दोसरक संपर्क मे छथि। दुनू दल विपक्षी गठबंधन इंडियाक संस्थापक सदस्य छथि, मुदा एखन धरि औपचारिक राजनीतिक बातचीत सं दूरी बनौने छल। द इंडियन एक्सप्रेसक रिपोर्ट अनुसार, ममता बनर्जी आ सीपीआइ(एम)क महासचिव एम. ए. बेबी शुक्रदिन फोन पर बातचीत केलनि। दुनूक बीच विपक्षी दल सभ कें एकजुट करबाक आ मुख्य चुनाव आयुक्तक विरुद्ध अभियान शुरू करबाक आवश्यकता पर चर्चा भेल। रिपोर्ट अनुसार, ममता बनर्जी विपक्षी नेता राहुल गांधी सं सेहो बातचीत केलनि आ अगिला सप्ताह इंडिया गठबंधनक बैठक बजेबाक आग्रह केलनि।



**गैर–बीजेपी दल सभ कें पत्र :** एकर दू दिन पहिने सीपीआइ(एम) महासचिव एम. ए. बेबी ममता बनर्जी, ह्यइंडियाह्व गठबंधन आ अन्य विपक्षी दलक नेता सभ कें पत्र लिखने छलाह। पत्र मे निर्वाचन आयोगक कार्यप्रणाली आ विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआइआर) कें लए कए गंभीर चिंता व्यक्त कएल गेल छल। लेफ्ट दलसभक संयुक्त वक्तव्य मे कहल गेल अछि जे तीन सदस्यीय निर्वाचन आयोगक दू सदस्य कम सं कम 14 बेर विभिन्न निर्णय पर आपत्ति दर्ज केने छथि।

# भारतीय पुरुष कबड्डी टीम जीतलक स्वर्ण पदक, फाइनल मे ईरान कें 40–34 सं हरौलक

एशियाई खेल 2026 मे भारतीय पुरुष कबड्डी टीम स्वर्ण पदक अपना नाम कए लेलक अछि। फाइनल मोकाबला मे सुनील कुमारक कप्तानी मे भारतीय टीम शानदार प्रदर्शन करैत लगातार दोसर बेर स्वर्ण पदक जीतलक। फाइनल मोकाबलाक शुरूआत होइतहि भारत आ ईरानक बीच कांटाक टक्कर देखए लेल भेटल। ईरानक स्टार डिफेंडर फजल अत्राचली बाकी डिफेंडर सभक संग मिलि भारतीय रेडर सभ पर हावी होएबाक कोशिश करैत नजरि अएलाह।

शुरूआती 8 मिनट मे स्कोर 5-5 सं बराबर रहल। हालांकि, एकरा बाद भारतीय टीम मैच मे किछु हद तक अपन पकड़ बनौलक आ 10-8 के बढ़त हासिल कएलक। एहि दौरान राहुल के ग्रीन कार्ड सेहो देल गेल। अर्जुन देशवालक एक के बाद एक शानदार रेडक बदौलत भारतीय टीम अपन बढ़त 12-9 करए मे सफल रहल। हालांकि, एकरा बाद ईरान अपन मजबूत डिफेंसक दम पर वापसी करैत भारतीय टीम के ऑलआउट कएलक आ 14-13 के बढ़त बना लेलक। हाफ टाइम धरि ईरान अपन एहि बढ़त के 18-17 पर बरकरार रखबा मे सफल रहल। दोसर हाफ मे सेहो भारत आ ईरानक बीच कड़ा मोकाबला देखए लेल भेटल। ईरानक मजबूत डिफेंस के भेदबाक लेल भारतक रेडर सभके मशक्कत करए पड़ल।

> **भारत अंत मे शानदार प्रदर्शन करैत खिताबी मोकाबला मे ईरान के 40-34 सं हरबैत लगातार दोसर बेर स्वर्ण पदक अपना नाम कए लेलक**

हालांकि, भारतीय टीम मोकाबला मे शानदार वापसी कएलक आ ईरान के बैकफुट पर धकेलैत 34-27 के महत्वपूर्ण बढ़त बना लेलक। भारत दिस सं डिफेंस मे सुमित शानदार प्रदर्शन कएलनि, तं रेड मे अर्जुन देशवाल लगातार अंक लाबैत रहलाह। राहुल मैचक आखरी समय मे शानदार टैकल कएलनि आ भारतक बढ़त 36-29 तक पहुंचा देलनि। मैचक आखिरी मिनट सभ मे ईरान स्कोर बराबर करबाक प्रयास मे कई गलती कएलक, जाहि के भरपूर लाभ भारतीय टीम के भेटल। भारत अंत मे शानदार प्रदर्शन करैत खिताबी मोकाबला मे ईरान के 40-34 सं हरबैत लगातार दोसर बेर स्वर्ण पदक अपना नाम कए लेलक। पछिला एशियाई खेल मे सेहो भारतीय पुरुष टीम ईरान के हरबैत चैंपियन बनल छल। एहि सं पहिने महिला कबड्डी टीम सेहो शानदार प्रदर्शन करैत स्वर्ण पदक पर कब्जा जमा लेने छल। फाइनल मे देशक बेटि सभ ईरान के कड़ा मोकाबला मे 37-34 सं शिकस्त देने छलीह।



# अनाहतक बाद अभय सिंह सेहो फाइनल मे बनौलनि स्थान, पाकिस्तानी खेलाड़ी इरफान कें देलनि शिकस्त



भारतक अभय सिंह शनिदिन पाकिस्तानक मुहम्मद इरफान कें 3-0 (11-3, 12-10, 11-6) सं हरा एशियन गेम्स 2026 के पुरुष एकल स्क्वैश फाइनल मे जगह बना लेलनि। ओतहि, अनाहत महिला एकल स्क्वैश फाइनल मे पहिनहि पहुंचि गेल छलीह। ओ ई मुकाम हासिल कएनिहार पहिल भारतीय महिला खेलाड़ी बनलीह। दुनू खेलाड़ी एशियन गेम्स मे स्वर्ण पदक जीतबाक आ लॉस एंजिल्स ओलंपिक 2028 लेल सीधा क्वालीफाइ करबाक करीब छथि। विश्व रैंकिंग मे 26म स्थान पर रहनिहार अभय सिंह, सौरव घोषालक बाद एशियन गेम्सक पुरुष एकल फाइनल मे पहुंचनिहार दोसर भारतीय पुरुष खेलाड़ी बनि गेलाह।

सौरव घोषाल 2014 आ 2023 मे रजत पदक जीतने छलाह। अभय इरफानक विरुद्ध पहिल गेम 11-3 सं जीतैत शानदार शुरूआत कएलनि। इरफान शुक्रदिन क्वार्टर फाइनल मे भारतक वीर छोटरानी कें हरौने छलाह। दोसर गेम मे पाकिस्तानी खेलाड़ी कड़ा टक्कर देलनि आ स्कोर 10-10 तक पहुंचि गेल, मुदा अभय संयम बनौने रखलनि आ 12-10 सं गेम जीतैत 2-0 के बढ़त बना लेलनि। तेसर गेम सेहो पहिल गेम जकां रहल। अभय खेल पर पकड़ बनौलनि आ चारि गोट मैच प्वाइंट हासिल कएलनि। ओ पहिलहि मैच प्वाइंट के लाभ उठबैत लगातार तीन गेम मे जीत दर्ज कएलनि आ स्वर्ण पदक मोकाबला मे अपन जगह पक्का कए लेलनि। फाइनल मे अभयक सामना एकटा आओर पाकिस्तानी खेलाड़ी सं भए सकैत अछि, किएक तं नूर जमानक मोकाबला शनिदिन मलेशिया के ईन योव एनजी सं होयत।

एहि सं पहिने अनाहत सिंह जापानक विश्व रैंकिंग मे छठम स्थान पर रहनिहार खेलाड़ी सतोमी वातानाबे कें 3-2 (9-11, 11-13, 12-10, 11-6, 11-3) सं हरा शानदार वापसी कएलनि आ महिला एकल फाइनल मे अपन जगह पक्का केने छलीह। शुरूआती दू गेम 9-11 आ 11-13 सं हारलाक बाद 18 वर्षक भारतीय खेलाड़ी तेसर गेम मे जबरदस्त वापसी कएलनि। एक समय ओ 8-10 सं पाछू छलीह, मुदा गेम प्वाइंट बचबैत 12-10 सं जीत हासिल कएलनि।

# हार्दिक पांड्या भेलाह नव चोटक शिकार

## ऑस्ट्रेलिया-ए कें विरुद्ध वनडे सीरीज नहि खेलताह



लंबा समय सं चोटक कारण भारतीय टीम सं बाहर चलि रहल स्टार ऑलराउंडर हार्दिक पांड्या ऑस्ट्रेलिया-ए के विरुद्ध 6 अक्टूबर सं होमय बला वनडे सीरीज मे हिस्सा नहि लए पाओताह। हार्दिक आब नव चोट कें चपेट मे आबि गेलाह अछि। 'क्रिकबज'क खबरि के अनुसार, हार्दिकक न्यूजीलैंड मे होमय बला पांच मैचक टी-20 सीरीज मे खेलनाइयो मुश्किल बुझाइत अछि। हार्दिक कें 'शिन' इंजरी भेल अछि, जाहि मे पिंडली वा पयरक निचला हिस्साक हड्डी मे दर्द आ सूजन होइत अछि।

हार्दिक कें खेल सं दूर रहैत कठिन दौर सं गुजरय पड़लनि अछि। रिहैबिलिटेशन (स्वस्थ होयबाक प्रक्रिया) के दौरान हुनका बेर-बेर चोट लगैत रहलनि अछि। एहि साल जून मे हुनकर अफगानिस्तानक विरुद्ध वनडे सीरीज मे खेलबाक उम्मीद छलनि, मुदा बेंगलुरु मे सेंटर ऑफ एक्सीलेंस (सीओई) मे रहबाक दौरान क्वाड्रिसेप्स मे खिंचावक कारण ओ बाहर भए गेल छलाह। ऑस्ट्रेलिया-ए के विरुद्ध सीरीज लेल हुनकर चयन फिटनेस क्लीयरेंस पर निर्भर छल, हालांकि पहिल वनडे मैच सं दू सप्ताह सं कम समय पहिने हार्दिकक मैच खेलबाक तैयारी एक बेर फेर बुरी तरहे प्रभावित भए गेल अछि। हार्दिक अपन आखरी टी-20 इंटरनेशनल मैच मार्च मे अहमदाबाद मे विश्व कप फाइनल मे खेललनि।

हुनकर आखरी वनडे मैच मार्च 2025 मे चैंपियंस ट्रॉफीक फाइनल छल। ओ एहि साल इंडियन प्रीमियर लीग (आईपीएल) के 14 मे सं 10 मैच मे हिस्सा लेने छलाह, मुदा तकर बाद सं कोनो प्रतिस्पर्धात्मक क्रिकेट नहि खेललनि अछि। हार्दिक कें लगातार एकटा के बाद एकटा चोट लगबाक कारण भारतीय टीमक परेशानी सेहो बढ़ि गेल अछि। अगिला साल होमय बला वनडे विश्व कप 2027 लेल हार्दिक कें भारतीय टीमक महत्वपूर्ण खेलाड़ी मानल जा रहल अछि। आईसीसी टूर्नामेंट सभ मे हार्दिकक रिकॉर्ड खास तौर पर शानदार रहल अछि। टी-20 विश्व कप 2026 मे सेहो हार्दिक 9 मोकाबला मे 160 के स्ट्राइक रेट सं खेलैत 217 रन बनौने छलाह। ओतहि, गेंदबाजी मे सेहो महत्वपूर्ण विकेट लेलनि।

# अनाहत सिंह रचली इतिहास, फाइनल मे पहुंचनिहार पहिल भारतीय महिला स्क्वैश खेलाड़ी बनलीह

भारतक अनाहत सिंह जापानक विश्व रैंकिंग मे छठम स्थान पर रहनिहार खेलाड़ी सतोमी वातानाबे के विरुद्ध शानदार वापसी करैत 3-2 (9-11, 11-13, 12-10, 11-6, 11-3) सं जीत हासिल कएलनि। एहि जीतक संग अनाहत एशियन गेम्स 2026 के महिला एकल स्क्वैश फाइनल मे जगह बना लेलनि। अनाहत एशियन गेम्सक फाइनल मे पहुंचनिहार पहिल भारतीय महिला स्क्वैश खेलाड़ी बनि गेलीह। 18 वर्षक भारतीय खेलाड़ी शुरूआती दू गेम 9-11 आ 11-13 सं हारबाक बाद कड़ा चुनौतीक सामना कएलनि, मुदा गेम प्वाइंट बचबैत आ 8-10 सं पाछू रहबाक बाद वापसी करैत तेसर गेम 12-10 सं जीत अपनाके मोकाबला मे बनौने रखलनि। तकर बाद अनाहत चारिम गेम मे शानदार वापसी कएलनि।

8-6 सं पाछू रहबाक बाद ओ लगातार पांच प्वाइंट जीतैत गेम 11-6 सं अपना नाम कएलनि आ सेमीफाइनल कें 2-2 के बराबरी पर अनैत निर्णायक गेम धरि पहुंचा देलनि। भारतीय खेलाड़ी पांचम आ आखरी गेम मे दबदबा बनौलनि आ एकरा 11-3 सं जीत फाइनल मे अपन जगह पक्का कए लेलनि। अनाहतक जीत सं हुनकर पदक पक्का भए गेल अछि। ई युवा खेलाड़ी एहि महाद्वीपीय आयोजन मे अपन पहिल एकल पदक (स्वर्ण वा रजत) जीततिह। वातानाबेक तेसर गेम हारलाक बाद मैचक रुख पूरा तरहे भारतीय खेलाड़ीक पक्ष मे भए गेल। ओ मोकाबला मे अपन पकड़ मजबूत कएलनि आ बेहतरीन रैकेट कौशल देखबैत आखरी दू गेम मे अपन जापानी प्रतिद्वंद्वी कें पाछू छोड़ि देलनि।

अनाहतक जीत फाइनल के दृष्टि सं सेहो बहुत महत्वपूर्ण अछि, किएक तं एशियन गेम्स मे स्वर्ण पदक जीतला पर लॉस एंजिल्स ओलंपिक मे सीधा प्रवेश भेटैत अछि।



अनाहत सिंह पिछला बेर एशियन गेम्स मे कांस्य पदक जीतनिहार महिला आ मिक्स्ड टीमक हिस्सा सेहो छलीह। ई युवा खेलाड़ी आब महिला एकल फाइनल लेल कोर्ट पर उतरतिह। ओतहि, मिक्स्ड डबल्स जोड़ी जोशना चिनप्पा आ वेलवन सेंथिलकुमार कें सेमीफाइनल मे हांगकांग, चीनक जोड़ी ली का यी आ तांग मिंग होंगक विरुद्ध हार भेटलनि, जाहि कारण हुनका कांस्य पदक सं संतोष करय पड़लनि।

## पीवी सिंधु राउंड ऑफ 16 मे बनौलनि स्थान, चिउ पिन-चियन कें 21-19, 21-14 सं हरौलनि

भारतक स्टार शटलर पीवी सिंधु शनिदिन इचिनोमिया सिटी म्युनिसिपल जिम्नेजियम मे महिला एकल के दोसर राउंड मे चीनी ताइपे के चिउ पिन–चियन कें 21–19, 21–14 सं हरा एशियन गेम्स 2026 के राउंड ऑफ 16 मे जगह बना लेलनि। एशियन गेम्स मे दू बेर पदक जीत चुकल सिंधु पहिल गेम मे पाछू रहबाक बावजूद पिन–चियन कें आसानी सं हरा देलनि। पहिल गेम मे ब्रेकक समय ओ 10–11 सं पाछू छलीह, मुदा वापसी करैत बढ़त बना लेलनि। पहिल गेम मे हुनकर दू गोट गेम प्वाइंट हाथ सं निकलि गेलनि, मुदा अंततः ओ तेसर गेम प्वाइंट पर पहिल गेम जीत 1–0 के बढ़त बना लेलनि। एकरा बाद ओलंपिक मे दू गोट पदक जीत चुकल



सिंधु दोसर गेम मे नीक लय मे देखेलीह। ओ दोसर गेमक ब्रेक धरि 11–7 के बढ़त बना लेलनि आ अपन लय बनौने रखैत दोसर गेम 21–14 सं जीत लेलनि। सिंधु आब राउंड ऑफ 16 मे जापानक टोमोका मियाजाकी के सामना करतिह, जे शनिदिन खेलल जाएत। मौजूदा गेम्स मे एहि सं पहिने भारतीय टीम कें महिला टीम क्वार्टर फाइनल मे जापान सं हारक सामना करय पड़ल छल। एहि टीम मे सिंधु सेहो शामिल छलीह। सिंधु एहि बेर एशियन गेम्स मे पदक जीतबाक कोशिश करतिह, किएक तं हांग्जो गेम्स मे ओ खाली हाथ लौटि गेल छलीह, जतए महिला एकल के क्वार्टर फाइनल मे बाहर भए गेल छलीह। एहि सं पहिने उन्नति हुड्डा दोसर राउंड मे मलेशिया के वोंग लिंग चिंग कें 21–14, 20–22, 21–9 सं हरौलनि। ओ शनिदिन राउंड ऑफ 16 मे इंडोनेशिया के पुत्री कुसुमा वदार्नी के सामना करतिह, किएक तं एकल खेलाड़ी सभ कें एक्के दिन दू गोट मैच खेलबाक अछि।

धन्यवाद मिथिला

10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहुक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित
समदिया परिवार




वर्ष 17, अंक 19 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053